शनि

31 अक्टूबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

समदिया मिथिला

समदिया मिथिला

कार्तिक, कृष्ण पक्ष, षष्ठी, संवत् : 2083

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 51 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com मूल्य : 4:00

अर्नब तूफान सं बर्बाद भेल धानक फसिल संकट मे पड़लाह मिथिलाक अन्नदाता

- 29 अक्टूबर सं लगातार भए रहल अछि बरखा
- तेज हवाक कारणें झुकि गेल धानक फसिल

पटना, समदिया

बंगालक खाड़ी मे उठल चक्रवाती तूफान अर्नबक असरि मिथिला क्षेत्र मे सेहो देखल जा रहल अछि। 29 अक्टूबर सं लगातार भए रहल बरखा आ तेज हवाक कारण खेत मे पकबाक स्थिति मे पहुंचल धानक फसिल पर संकट गहरा गेल अछि। कतेको स्थान पर खेत मे पानि जमा भए गेल अछि, जखन कि तेज हवाक झोंका सं ठाढ़ धानक फसिल कतेको ठाम झुकि गेल अछि। किसान सभ कें आब कटनी प्रभावित होयबाक आ उपज घटबाक चिंता सता रहल अछि। मधुबनी जिलाक मधेपुर प्रखंड निवासी हरेराम यादव बतौलनि जे ओ एहि बेर 10 कट्ठा मे धानक खेती कएने छलाह। धान अखन पाकिये रहल छल कि बीहाड़ि-पानि सभ बर्बाद कए देलक। हमर अधिकांश खेत मे ठेहुन पर पानि जमा भए गेल अछि। आब तं हमरा संदेह अछि जे एहि मे सं एकहु कनमा धान निकलत कि नहि।

तरकारीक फसिल सेहो भए सकैत अछि प्रभावित

दरभंगा आ मधुबनी मे सेहो बरखा खेतीक काज कें प्रभावित कयलक अछि। दरभंगाक जाले प्रखंड मे करीब 8 हजार हेक्टेयर मे धानक खेती भेल अछि। किसान सभ एहि समय पकल धान समेटबाक तैयारी मे छलाह। लगातार पानि पड़ला सं कटनीक काज प्रभावित भेल अछि। रबी, मसूर आ तरकारीक खेती पर सेहो असरि पड़बाक आशंका अछि। मधुबनी मे 30 अक्टूबर धरि सरकारी बरखा आंकड़ा 42.53 मिलीमीटर दर्ज कयल गेल। दरभंगा मे ई आंकड़ा 31.28 मिलीमीटर रहल।

रबीक बोआइ सेहो होयत प्रभावित

सीतामढ़ी मे करीब 1.10 लाख हेक्टेयर मे धानक खेती कयल गेल अछि। एहि समय खेत मे बहुत रास फसल पकल अवस्था मे अछि। बरखा आ तेज हवाक कारण धनकटनी मे देरी भए रहल अछि। खेत मे पानि जमा रहला पर कटनीक बाद रबी फसिलक बुआइयो प्रभावित भए सकैत अछि। 30 अक्टूबरक सरकारी बरखा आंकड़ा सीतामढ़ी मे 74.64 मिलीमीटर रहल। ई एहि क्षेत्र मे बरखाक गंभीरता देखबैत अछि। कोसी आ सीमांचल क्षेत्रक अन्य जिला मे सेहो बरखा दर्ज कयल गेल। 30 अक्टूबरक सरकारी आंकड़ाक अनुसार अररिया मे 27.19, पूर्णिया मे 20.61, कटिहार मे 20.02, सहरसा मे 16.30, मधेपुरा मे 12.45 आ किशनगंज मे 17.44 मिलीमीटर बरखा भेल।

बरखाक असरि मात्र खेत धरि सीमित नहि अछि। ग्रामीण बाजार मे ग्राहक घटल, दैनिक मजदूरी करयबला लोकक काम प्रभावित भेल आ सड़क पर पानि जमा भेला सं आवागमन कठिन बनल। आब किसान सभक लेल सब सं जरूरी अछि जे मौसिम साफ हो, खेतक पानि निकलय आ पकल धानक कटनी शीघ्र शुरू भए सकय। प्रशासन आ कृषि विभाग कें प्रभावित इलाकाक खेतक वास्तविक स्थिति देखबाक चाही, जाहि सं नोकसान भेल किसानक पहिचान आ आवश्यक सहायता सुनिश्चित कयल जा सकय।

महीनोक मेहनत गेल पानि मे



बरखाक सब सं पैघ असरि खेत मे तैयार धानक फसिल पर पड़ल अछि। सुपौल मे कतेको जगह तेज हवा आ बरखाक कारण धानक गाछ खेत मे खसि पड़ल अछि। किसान सभक कहब अछि जे महीनोक मेहनत आ लागतिक बाद फसिल तैयार भेल छल, मुदा कटनीक समये मौसिम बिगड़ि गेल। खेत मे फसिल खसि पड़ला सं उपज आ गुणवत्ता दुनू प्रभावित होयबाक आशंका अछि। जे किसान धान काटि लेने छथि, हुनका कटल फसिल भीजब आ सुरक्षित रखबाक चिंता सता रहल अछि।

एक नजरि

एसआइएस केर प्रमुख डॉ. आरके सिन्हाक निधन



पटना : भाजपाक वरिष्ठ नेता, पूर्व राज्यसभा सांसद आ पार्टीक संस्थापक सदस्य सभ मे शामिल डॉ. रविंद्र किशोर सिन्हाक निधन भए गेलनि। एसआइएस समूहक संस्थापक आ अध्यक्ष डॉ. आरके सिन्हा नोएडा स्थित अपन आवास पर अंतिम सांस लेलनि। हुनकर निधनक सूचना सं राजनीतिक आ कारोबारी जगत मे शोकक लहरि पसरि गेल अछि। बिहारक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सेहो हुनकर निधन पर शोक व्यक्त कयलनि। डॉ. सिन्हाक पार्थिव शरीर अंतिम दर्शन लेल दिल्ली सं पटना आनल जायत।

भूटान मे ग्लेशियर झील फाटल, सड़क-राजमार्ग ध्वस्त

थिम्पू : भूटान मे बृहस्पतिक राति शिंताफू ग्लेशियर झील फाटि गेल। पानिक तेज धार मे प्रसिद्ध गरम पानिक कुंड गासा त्साचु बहि गेल, जखन कि पुनाखा-गासा राजमार्गक एकटा हिस्सा सेहो ध्वस्त भए गेल। एखन धरि जनहानिक सूचना नहि अछि। झीलक पानि संकोश नदी मे पहुंचला सं जलस्तर बढ़ि गेल अछि।

दुलारचंद हत्याकांड मे 1 दिसंबर धरि जेल जेता अनंत सिंह

कहलनि- नीरज हमरा दुलारचंद हत्याकांड मे फंसा देलक

पटना, समदिया



सुप्रीम कोर्ट मोकामा विधायक अनंत सिंह कें दुलारचंद यादव हत्याकांड मे 1 दिसंबर धरि आत्मसमर्पण कए फेर जेल जेबाक आदेश देलक अछि। मुदा हुनका बेटी शिवांगी सिंहक 25 नवंबर कें तय विवाहक लेल एक मासक मोहलत देल गेल अछि। न्यायालय कहलक अछि जे बेटी विवाहक बाद अनंत सिंह 1 दिसंबर धरि आत्मसमर्पण करथि। न्यायमूर्ति एमएम सुंदरेश आ न्यायमूर्ति प्रसन्ना बी वरालेक पीठ 30 अक्टूबर कें सुनवाइक दौरान राज्य सरकार कें एहि मामिलाक जांच चारि मासक भीतर पूरा करबाक निर्देश सेहो देलक। एकर बाद मामिलाक अगिला सुनवाइ होयत। संयोग सं बिहार विधानसभा चुनाव 2025क दौरान 30 अक्टूबर कें दुलारचंद यादवक हत्या भेल छल।

सुप्रीम कोर्ट मे अनंत सिंहक वकील हुनकर बेटीक 25 नवंबर कें होमयबला विवाहक जानकारी दैत आत्मसमर्पण लेल मोहलत देबाक आग्रह कयने छलाह। एहि मामिलाक पिछला सुनवाइ 29 सितंबर कें भेल छल। तखन न्यायालय स्पष्ट कयने छल जे 30 अक्टूबर कें सुनवाइ स्थगित नहि होयत। एहि मुकदमा मे बिहार सरकार पहिल पक्ष आ अनंत सिंह दोसर पक्ष छथि। राज्य सरकार 24 अक्टूबर कें दाखिल शपथपत्र मे अनंत सिंहक आपराधिक इतिहासक उल्लेख करैत हुनका विरुद्ध दर्ज 62 मोकदमाक जानकारी देलक अछि। सरकार न्यायालय कें इहो बतौलक जे एहि मामिला मे आरोपपत्र दाखिल कयल जा चुकल अछि।

सुप्रीम कोर्टक आदेशक बाद विधायक अनंत सिंह मीडियाक सोझां अयलाह। ओ कहलनि जे न्यायालयक फैसलाक सम्मान करैत छथि आ आदेशक पालन करैत आत्मसमर्पण कए देताह। मुदा एहि दौरान ओ जदयू विधान पार्षद नीरज कुमार पर हमला जारी रखलनि। अनंत सिंह आरोप लगौलनि जे नीरज कुमार हुनका दुलारचंद यादव हत्याकांड मे फंसा देलनि, जखन कि घटनाक समय ओ ओतय उपस्थित नहि छलाह। हुनकर आरोप छलनि जे पटना उच्च न्यायालय सं जमानत भेटलाक बाद जेल सं बाहर अयलापर नीरज कुमार हुनका विरुद्ध दिल्ली मे ई मुकदमा दर्ज करौने छथि।

ओम्हर नीरज कुमार एहि आरोप कें खारिज कयलनि। हुनकर कहब छलनि जे दुलारचंद यादवक पोताक नाम सेहो नीरज कुमार अछि। उल्लेखनीय अछि जे मोकामाक चर्चित दुलारचंद यादव हत्याकांड मे पटना उच्च न्यायालय सं 19 मार्च कें जमानत भेटलाक बाद अनंत सिंह जेल सं रिहा भेल छलाह। दुलारचंद यादवक पोता नीरज कुमार अनंत सिंहक जमानत रद्द करबाक लेल सुप्रीम कोर्ट मे याचिका दायर कयने छथि। नीरज कुमारक वकील सभक दलील अछि जे पटना उच्च न्यायालय अनंत सिंह कें जमानत दैत समय हुनकर आपराधिक इतिहास पर ध्यान नहि देलक।

राज्य सरकार 24 अक्टूबर कें दाखिल हलफनामा मे अनंत सिंहक विरुद्ध हत्या, हत्याक प्रयास, अपहरण आ आर्म्स एक्ट सहित गंभीर धारा सभ मे दर्ज कुल 62 मोकदमाक उल्लेख कयने अछि। सरकार हुनकर आपराधिक इतिहास कें अत्यंत गंभीर बतौने अछि।

समस्तीपुर मे अर्धनग्न अवस्था मे भेटल युवतीक शव, माथ थुरि कए कयल गेल हत्या

- दुष्कर्मक बाद हत्याक आशंका, शव लग भेटल जींस आ शर्ट

समस्तीपुर, समदिया



जिलाक कल्याणपुर थाना क्षेत्रक मूसेपुर ढाव लग एक युवतीक अर्धनग्न अवस्था मे शव भेटल अछि। मृतकाक उम्र लगभग 18 सं 20 वर्ष बताओल जा रहल अछि। ओकर माथ पूरा थुरल छल। आशंका अछि जे कोनो भारी वस्तु सं प्रहार कए हुनकर हत्या कयल गेल अछि। एखन धरि मृतकाक पहिचान नहि भए सकल अछि। जानकारीक अनुसार, शुक्रदिन भोर मे शौच लेल बाहर निकलल लोक सभक नजरि शव पर पड़ल। एकर बाद घटनास्थल पर भीड़ जुटि गेल। सूचना भेटिते स्थानीय पुलिस आ सदर डीएसपी-2 संजय कुमार मौका पर पहुंचलाह।

युवतीक शवक लग मे जींस, शर्ट आ चप्पल भेटल अछि। शवक निचला हिस्सा पर कपड़ा नहि छल। एहि कारण पुलिस दुष्कर्मक आशंका सहित सभ पहलू पर जांच कए रहल अछि। हालांकि, एखन धरि यौन हिंसाक पुष्टि नहि भेल अछि।

घटनास्थल मुख्य सड़क सं करीब 50 मीटर भीतर आ समस्तीपुर-दरभंगा बाइपास सड़क लग बांधक रस्ता पर अछि। एहि इलाका मे लोकक आवाजाही कम रहैत अछि। पुलिसक प्रारंभिक आशंका अछि जे युवती कें कतहु आन ठाम सं अनलाक बाद एतय हत्या कए देल गेल। सदर डीएसपी-2 संजय कुमारक अनुसार, युवतीक माथ पर गंभीर चोटक निशान अछि। दुष्कर्मक आशंका सं मना नहि कयल जा सकैत अछि।

टी-20 मे न्यूजीलैंडक विरुद्ध भारतक सभ सं पैघ हारि



ऑकलैंड, एजेंसी

न्यूजीलैंडक विरुद्ध टी-20 क्रिकेट मे भारतीय टीम कें अपन सभ सं पैघ हारिक सामना करय पड़ल अछि। शुक्र कें ऑकलैंड मे खेलल गेल मोकाबला मे न्यूजीलैंड भारत कें 87 रन सं पराजित कयलक। 260 रनक लक्ष्यक जवाब दैत भारतीय टीम 20 ओवर मे 9 विकेट गमा 172 रन मात्र बना सकल। एकर पहिने न्यूजीलैंडक विरुद्ध भारतक सभ सं पैघ हारि 80 रनक छल, जे 2019 मे वेलिंगटन मे भेल छल।

टॉस हारि पहिने बल्लेबाजी करैत न्यूजीलैंड 20 ओवर मे 7 विकेट पर 259 रन बनौलक। टी-20 क्रिकेट मे ई न्यूजीलैंडक एखन धरिक सभ सं पैघ स्कोर अछि। ग्लेन फिलिप्स 49 गेंद मे 107 रनक धुआंधार पारी खेललनि। एहि प्रदर्शनक लेल हुनका मैचक सर्वश्रेष्ठ खेलाड़ी चुनल गेलनि। माइकल ब्रेसवेल सेहो 25 गेंद मे 65 रन बनौलनि। दुनू बल्लेबाजक शानदार पारीक बदौलत न्यूजीलैंड भारतक सोझां 260 रनक कठिन लक्ष्य रखलक।

लक्ष्यक जवाब देबा लेल उतरल भारतीय टीमक शुरूआत खराब रहल। पावरप्ले मे भारत चारि विकेट गमा देलक। टीमक कोनो बल्लेबाज अर्द्धशतक नहि लगा सकलाह। तिलक वर्मा सर्वाधिक 35 रन बनौलनि। न्यूजीलैंडक जैकब डफी भारतीय बल्लेबाज सभ कें खूब परेशान कयलनि आ चारि विकेट झटकलनि। मिचेल सैंटनर सेहो मध्यक्रमक बल्लेबाज सभ कें टिकय नहि देलनि।

मैथ्यू फिशर 19म ओवरक चारिम गेंद पर तिलक वर्मा कें आउट कयलनि। तिलक लेंथ गेंद पर पैघ शॉट खेलय चाहैत छलाह, मुदा गेंद बैट ऊपरी किनारा पर लागि हवा मे उठि गेल। विकेटकीपर टिम साइफर्ट पॉइंट दिस दौड़ि शानदार कैच पकड़लनि।

एडम मिल्नेक 18म ओवर मे भारत छह रन बना सकल। ओहि ओवरक चारिम गेंद पर तिलक स्कूप शॉट खेलैत फाइन लेगक ऊपर सं छक्का लगौलनि। मुदा बाकी गेंद पर कोनो रन नहि बनल। एकर बाद नाथन स्मिथक 17म ओवरक चारिम गेंद पर तिलक फेर छक्का जड़लनि। स्मिथक फुलटॉस गेंद कें तिलक लॉन्ग लेगक ऊपर सं सीमापार पहुंचा देलनि।

15म ओवर मे मिचेल सैंटनरक गेंद पर प्रिंस यादव कें जीवनदान भेटल। सैंटनर गेंद कें हवा देलनि आ प्रिंस पैघ शॉट खेलबाक प्रयास कयलनि। गेंद बल्लाक ऊपरी किनारा पर लागि हवा मे उठल, मुदा स्क्वेयर लेग पर मैथ्यू फिशर कैच नहि पकड़ि सकलाह।



पटना साहिब मे 360म प्रकाश पर्वक तैयारी तेज, बनत टेंट सिटी

ड्रोन शो आ कॉन्क्लेव रहत मुख्य आकर्षण

पटना, समदिया

360म प्रकाश पर्व लेल पटना साहिब मे तैयारी तेज भए गेल अछि। देश-विदेश सं आबय बला श्रद्धालु सभक सुविधा लेल ठहरबाक व्यवस्था सं लए यातायात, सुरक्षा आ स्वास्थ्य सेवा तक कें दुरुस्त कयल जाएत।

आयोजन मे अंतरराष्ट्रीय सिख कॉन्क्लेव, सांस्कृतिक कार्यक्रम, गतका आ घुड़सवारी प्रतियोगिता आ ड्रोन शो सन आकर्षण रहत। श्रद्धालु सभक संभावित भीड़ कें देखैत प्रशासन तैयारी तेज करबाक काज शुरू कए देने अछि। टेंट सिटीक योजना बनेबाक संगहि पार्किंग, पेयजल, मोबाइल शौचालय आ चिकित्सा सुविधाक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक जिम्मेदारी संबंधित विभाग सभ कें सौंपल गेल अछि।



प्रमंडलीय आयुक्त राजेश कुमारक अध्यक्षता मे भेल समीक्षा बैसार मे आयोजनक तैयारी पर चर्चा भेल। आयुक्त निर्देश देलनि जे सभ विभाग आपसी समन्वयक संग निर्धारित समयसीमा मे काज पूरा करथि, जाहि सं प्रकाश पर्वक दौरान श्रद्धालु सभ कें आवागमन, ठहरबाक आ बुनियादी सुविधा लेल परेशानी नहि हो।

आयुक्त सभ अधिकारी कें निर्देश देलनि जे तैयारी मे कोनो तरहक लापरवाही नहि हो आ सभ व्यवस्था निर्धारित समय पर पूरा कयल जाए। बैसार मे नगर आयुक्त यशपाल मीणा, उप विकास आयुक्त शुभम कुमार, डीआईजी जितेंद्र राणा, गुरुद्वारा प्रबंधक कमेटीक सदस्य आ विभिन्न विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

आयोजन स्थल पर ठहरबाक, आवागमन आ आन सुविधा सभक व्यवस्थित योजना बनेबाक लेल पर्यटन विभाग आ पटना सिटी के भूमि सुधार उप समाहर्ता कें नजरी नक्शा तैयार करबाक जरूरतक अनुसार सड़कक मरम्मत करबाक, स्ट्रीट लाइट आ एलईडी लाइटक व्यवस्था दुरुस्त करबाक आ सड़क सभक सौंदर्यीकरण करबाक निर्देश देल गेल। नगर निगम कें पर्याप्त संख्या मे मोबाइल शौचालय, यूरिनल आ डस्टबिन उपलब्ध करएबाक संगहि आयोजन स्थल आ आसपास नियमित सफाइ सुनिश्चित करए पड़त। लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग कें वाटर एटीएम, पानिक टैंकर आ पर्याप्त पेयजल उपलब्ध करएबाक निर्देश देल गेल अछि।

श्रद्धालु सभक सुरक्षा आ भीड़ नियंत्रण लेल पुलिस विभाग कें जरूरतक अनुसार पुलिस पोस्ट स्थापित करबाक आ सुरक्षा व्यवस्था मजबूत रखबाक निर्देश देल गेल। स्वास्थ्य विभाग कें पर्याप्त स्वास्थ्य केंद्र आ चिकित्सा सुविधा उपलब्ध करएबाक लेल कहल गेल। एकर अतिरिक्त आयोजन स्थल आ आसपासक क्षेत्र सं अतिक्रमण हटएबाक आ नागरिक सुविधा सभ कें दुरुस्त रखबाक निर्देश सेहो देल गेल।

श्रद्धालु सभक सुविधा लेल उपयुक्त स्थान पर पार्किंगक व्यवस्था आ यातायात संचालनक कार्ययोजना पहिनहि तैयार करबाक लेल कहल गेल अछि।

सड़क निर्माण विभाग कें निर्देश देल गेल। एहि नक्शाक आधार पर टेंट सिटी सहित विभिन्न व्यवस्था लेल स्थान चिह्नित कयल जाएत।

पटनाक 92 घाट, 82 पोखरि मे अर्घ्यक व्यवस्था छठि पूजा लेल तीन चरण मे होयत सफाइ

पटना, समदिया



छठि महापर्व कें लए पटना नगर निगम तैयारी तेज कए देने अछि। नकटा दियारा सं दीदारगंज बालू घाट धरि 92 गंगा घाट के अतिरिक्त 82 स्थायी आ अस्थायी पोखरि, पोखरि आ पार्क मे अर्घ्य देबाक व्यवस्था कयल जा रहल अछि। बाढ़िक कारण घाट सभ पर जमा गाद हटाएब, क्षतिग्रस्त सीढ़ीक मरम्मत आ संपर्क पथ कें दुरुस्त करबाक काज प्राथमिकता पर अछि। नगर आयुक्त यशपाल मीणाक निर्देश पर श्रद्धालु सभक सुविधा लेल बैरिकेडिंग, रोशनी, शौचालय, कपड़ा बदलबाक घर, पार्किंग आ यात्री शेडक व्यवस्था सेहो कयल जा रहल अछि।

नगर निगम सभ चिह्नित गंगा घाट, पोखरि, पोखरि, पार्क आ ओहि सभ ठाम पहुंचबाक संपर्क पथक तीन चरण मे सफाइ कराओत।

दोसर चरण मे 9 सं 11 नवंबर धरि विशेष सफाइ अभियान चलाओल जाएत। दीपावलीक बाद घाट सभ पर पूजन सामग्रीक कारण गंदगी पसरेबाक आशंका कें देखैत कृत्रिम पोखरि आ डस्टबिन सेहो राखल जाएत। गंदगी पसारय बला लोक पर जुमार्ना लगएबाक निर्देश देल गेल अछि। तेसर चरण मे 13 सं 16 नवंबर धरि घाट, पोखरि आ पार्क सभक रोजाना सफाइ कराओल जाएत। सफाइ व्यवस्था मजबूत करबाक लेल प्रत्येक वार्ड मे 10 अतिरिक्त सफाइकर्मीक तैनाती कयल गेल अछि। छठिक दौरान श्रद्धालु सभक भारी भीड़ कें देखैत गंगा घाट पर तीन स्तरक रेलिंग आ बैरिकेडिंग कयल जाएत। बांस-बल्ला कें मजबूत बनेबाक लेल क्रॉस बैरिकेडिंग सेहो कयल जाएत। श्रद्धालु सभ कें रास्ताक जानकारी देबाक लेल साइनेज, बैनर आ फ्लैक्स लगाओल जाएत।

खतरनाक घाट सभ कें चिह्नित कए ओतए चेतावनी संबंधी सूचना प्रदर्शित कयल जाएत। एहन स्थान सभ कें लाल कपड़ा सं घेरि श्रद्धालु सभ कें ओतए जाए सं रोकल जाएत। संपर्क पथ पर खुलल बिजलीक तार, गाछक टूटल डारि आ आन बाधा सभ कें हटएबाक निर्देश सेहो देल गेल अछि। घाट पर व्रती सभक ठहरबाक लेल यात्री शेड बनाओल जाएत। तैयारी कें व्यवस्थित करबाक लेल 92 गंगा घाट कें 23 सेक्टर मे बांटल गेल अछि। प्रत्येक सेक्टर मे पर्यवेक्षी आ निगरानी अधिकारी सभक प्रतिनियुक्ति कयल गेल अछि। अधिकारी मानक संचालन प्रक्रिया (एसओपी) के अनुसार चलि रहल काजक समीक्षा करताह, जाहि सं पर्व सं पहिने सभ जरूरी सुविधा उपलब्ध कराओल जा सकए।

छठिक तैयारीक बीच नगर आयुक्त यशपाल मीणा बृहस्पतिवार कें लगातार दोसर दिन गंगा घाट सभक निरीक्षण कयलनि। ओ अधिकारी आ अभियंता सभक टीम संग बांकीपुर अंचलक सभ 18 घाटक स्थिति देखलनि। एहि मे टीएन बनर्जी घाट, वंशीघाट, दरभंगा हाउस घाट, लॉ कॉलेज घाट, रोशन घाट आ चौधरी टोला घाट शामिल अछि।

बिहारक 3130 निजी स्कूल कें नोटिस, एक लाख धरि जुर्माना

पटनाक 432 स्कूल कें 7 नवंबर धरि मौका

पटना, समदिया

बिहार मे बिना प्रस्वीकृति संचालित भए रहल निजी स्कूल सभ पर शिक्षा विभाग शिकंजा कसबाक तैयारी कए लेने अछि। राज्यक 3130 निजी स्कूल यू-डायस (व-उक्काए) कोड प्राप्त करबाक बावजूद शिक्षा के अधिकार अधिनियम के अंतर्गत जरूरी प्रस्वीकृति नहि लेने अछि। एहन स्कूल सभक विरुद्ध विभागीय नियमक अनुसार कारबाइ कयल जा सकैत अछि। नियमक अंतर्गत संबंधित स्कूल सभ पर एक लाख टाका तक जुमार्ना लगएबाक प्रावधान अछि।

प्रस्वीकृति नहि लेबय बला स्कूल सभक कारण शिक्षा के अधिकार (आरटीई) कानून के अंतर्गत बच्चा सभक निःशुल्क नामांकनक प्रक्रिया प्रभावित भए रहल अछि। विभागीय आंकड़ा के अनुसार, एहि कारणें हर वर्ष करीब 40 सं 45 हजार बच्चा आरटीई के अंतर्गत नामांकनक अवसर सं वंचित रहि जाइत छथि। बिहार शिक्षा परियोजना एहन स्कूल सभक सूची तैयार कए शिक्षा विभाग कें सौंपने अछि।

राज्य मे 1937 निजी स्कूलक प्रस्वीकृतिक नवीनीकरणक मामिला सेहो बहुत दिन सं लंबित अछि। एहि मे 50 प्रतिशत सं बेसी स्कूल एहन अछि, जकर आवेदन 90 दिन सं बेसी समय सं अटकल अछि। शिक्षा विभाग एहि मामिला मे तेजी आनबाक आ एक सप्ताहक भीतर जरूरी कारबाइ करबाक निर्देश देने अछि। विभागीय नियमक अनुसार, बिना प्रस्वीकृति स्कूल चलएला पर प्रतिदिन 10 हजार टाका तक जुमार्ना लगएबाक प्रावधान बताओल गेल अछि। ओतहि, यू-डायस कोड लेबाक बादो आरटीई के अंतर्गत प्रस्वीकृति नहि लेबय बला स्कूल सभ पर एक लाख टाका तक जुमार्ना लगाओल जा सकैत अछि। प्राथमिक शिक्षा निदेशक सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी (डीईओ) कें एहन स्कूल सभक विरुद्ध जरूरी कारबाइ करबाक निर्देश देने छथि। पटना जिला मे सेहो बिना प्रस्वीकृति संचालित निजी स्कूल सभक संख्या 432 अछि। बिहार शिक्षा परियोजना परिषद, पटना दिस सं एहि सभ स्कूल कें निर्देश जारी कयल गेल अछि। जिला कार्यक्रम पदाधिकारी (डीपीओ) के पत्रक अनुसार, एहि स्कूल सभ यू-डायस कोड तं प्राप्त कए लेने अछि, मुदा शिक्षा के अधिकार अधिनियम, 2009 आ बच्चा सभक निःशुल्क एवं अनिवार्य शिक्षा नियमावलीक नियम 11 के अंतर्गत एखन धरि प्रस्वीकृति नहि लेने अछि।

विभाग पटना कें चिह्नित सभ निजी स्कूल कें ई-संबंध पोर्टल के माध्यम सं 7 नवंबर धरि ऑनलाइन आवेदन करबाक आखरी मौका देने अछि। एहि लेल स्कूल सभ कें ई-संबंध पोर्टल पर आवेदन करए पड़त। निर्धारित समयसीमा मे आवेदन नहि करए बला स्कूल सभक विरुद्ध कानूनी कारबाइ कयल जाएत। संगहि, हुनकर यू-डायस कोड सेहो रद्द कयल जा सकैत अछि। शिक्षा विभाग सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी कें यू-डायस कोड प्राप्त करय बला निजी स्कूल सभक प्रस्वीकृतिक स्थिति जांचि आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देने अछि। ओतहि, पटना के स्कूल सभ लेल 7 नवंबरक समयसीमा महत्वपूर्ण रहत। आब देखबाक होयत जे निर्धारित समय धरि कतेक स्कूल आवेदन करैत अछि आ कतेक स्कूल पर विभाग कारबाइ करैत अछि।

राज्य मे शिक्षा विभागक कर्मी सभ लेल बनत नव कैडर, बदली कें लए सेहो होयत नव व्यवस्था

पटना, समदिया



जिला आ क्षेत्रीय कार्यालय मे बहुत दिन सं एक्के जगह पर तैनात लिपिक आ कर्मचारी सभक बदली करबाक तैयारी तेज भए गेल अछि। एहि लेल विभाग कर्मचारी सभक कैडर आ स्थानांतरण-पदस्थापन सं जुड़ल नियम मे बदलाव करबाक विचार कए रहल अछि।

प्रस्तावक अंतर्गत जिला वा प्रमंडल स्तर तक सीमित कर्मचारी सभक कैडर राज्यस्तरीय करबाक योजना अछि। एहि सं जरूरत के अनुसार हुनका बिहारक कोनो जिला मे पदस्थापित कयल जा सकत। विभाग एक्के जगह पर 10 वर्ष वा ओहि सं बेसी समय सं काज कए रहल करीब 10 हजार कर्मचारी सभक बदली करबाक तैयारी मे अछि।

विभाग कें जानकारी भेटल अछि जे अलग-अलग जिला मे पैघ संख्या मे कर्मचारी 10 वर्ष वा ओहि सं बेसी समय सं एक्के जगह पर काज कए रहल छथि। एहि के देखैत सभ जिला सं कर्मचारी सभक पदस्थापन सं जुड़ल जानकारी मंगाओल गेल अछि। एहि मे वर्तमान कार्यालय मे योगदान देबाक तिथि आ ओतए काज करबाक अवधि के विवरण देबाक लेल कहल गेल अछि। एहि जानकारीक आधार पर आगू कारबाइ कयल जाएत।

प्रस्तावित प्रावधान पर विभागीय स्तर पर विचार-विमर्श जारी अछि। कर्मचारी सभक स्थानांतरण लेल निश्चित अवधि तय करबाक विषय पर सेहो मंथन चलि रहल अछि। सूत्रक अनुसार, एहि लेल तीन वर्षक अवधि निर्धारित करबाक प्रस्ताव अछि। जिला स्तर पर अधिकतम तीन वर्ष धरि पदस्थापनक सीमा तय कयल जा सकैत अछि। मुदा एहि संबंध मे आखरी निर्णय नियमावली मे संशोधन भेलाक बादे स्पष्ट होएत। एकर उद्देश्य काजकाज मे पारदर्शिता बढ़ाएब अछि।

वर्तमान मे शिक्षा विभागक अलग-अलग कार्यालयक कर्मचारी सभक कैडर जिला वा प्रमंडल स्तर तक सीमित अछि। एहि कारण हुनकर बदली निर्धारित क्षेत्रक भीतर मात्र भए पबैत अछि। प्रस्तावित बदलावक अंतर्गत कैडरक दायरा बढ़ा कए राज्यस्तरीय कयल जाएत। एहि सं एक जिला सं दोसर जिला मे कर्मचारी सभक तैनाती करबाक बाट खुजत।

नव व्यवस्था के अंतर्गत कार्यालय सभ मे काजक बोझ आ स्वीकृत पदक अनुपात मे कर्मचारी सभक उपलब्धताक आकलन कयल जाएत। पटना, गया आ मुजफ्फरपुर सन जिला मे जरूरत सं बेसी कर्मचारी भेटबाक स्थिति मे हुनका कर्मचारीक कमी बला कार्यालय सभ मे पठाओल जा सकैत अछि। नियमावली मे संशोधन भेलाक बाद प्रस्ताव कें सक्षम स्तर सं मंजूरी भेटला पर एकरा लागू करबाक प्रक्रिया शुरू होएत।

सफाइकर्मी सभ केलक निगम मुख्यालयक घेराव, मांग पूरा नहि भेला पर होयत आंदोलन

पटना मे मौर्य लोक मे कयलनि प्रदर्शन

पटना, समदिया

पटना नगर निगमक सफाइकर्मी सभ मौर्य लोक मे प्रदर्शन कयलनि आ वादाखिलाफी नहि चलत सन नारा लगौलनि। बता दी जे पूरा बिहारक नगर निगम, नगर परिषद आ नगर पंचायतक कर्मचारी सभ अपन-अपन निकाय मे प्रदर्शन करताह। सफाइकर्मी सभ 3 नवंबर सं अनिश्चितकालीन हड़ताल पर जाएबाक आह्वान कयने छथि।

दरअसल, 6 अगस्त कें हड़ताल समाप्त भेलाक बाद विभागीय मंत्री दिस सं मांग सभ शीघ्र पूरा करबाक आश्वासन देल गेल छल। मुदा आब 2 महीना बीति गेल अछि आ एखन धरि समस्या सभक कोनो समाधान नहि भेल अछि। एहि कारण सफाइकर्मी सभ मे बहुत आक्रोश अछि। एही लेल ओ सभ फेर सं आंदोलन कए रहल छथि।

नगर निकाय प्रबंधन संग बैसार करबाक मांग



संयुक्त संघर्ष मोर्चाक प्रवक्ता जितेंद्र कुमार कहलनि जे बिहार लोकल बॉडिज कर्मचारी संयुक्त संघर्ष मोर्चा स्थायी, दैनिक पारिश्रमिक, संविदा आ आउटसोर्सिंग कर्मी सभक लंबित समस्या कें लए विभागीय स्तर पर कारबाइ करबाक मांग कयने अछि। मोर्चाक कहब अछि जे कर्मचारी सभक समस्या आ पहिने लेल गेल निर्णय सभक समाधान नहि होएबाक कारण हुनका सभ मे असंतोष बढ़ि रहल अछि। मांग सभ पर शीघ्र कारबाइ नहि भेल तं आंदोलन तेज होएबाक आशंका अछि। मोर्चा नगर निकाय प्रबंधन सं कर्मचारी संगठन सभक प्रतिनिधि संग नियमित बैसार आयोजित करबाक मांग कयने अछि। संगठनक अनुसार, बातचीतक माध्यम सं समस्या सभक समाधान कयल जा सकैत अछि आ प्रशासन तथा कर्मचारी सभक बीच नीक समन्वय बनल रहि सकैत अछि।

आठ दिनक हड़तालक निर्णय पर उठौलक सवाल

मोर्चा 30 जुलाई सं 6 अगस्त 2026 धरि चलल आठ दिनक हड़तालक मुद्दा उठौलक अछि। संगठनक आरोप अछि जे हड़ताल समाप्त करएबाक दौरान नगर विकास एवं आवास विभागक मंत्रीक उपस्थिति मे भेल बैसार मे लेल गेल निर्णय आ विभागीय निर्देश सभक एखन धरि पूरा तरह पालन नहि भेल अछि।

मोर्चा हड़तालक अवधि कें उपस्थिति मानि वेतन भुगतान करबाक, काटल गेल राशि वापस करबाक आ आंदोलनक कारण कयल गेल दंडात्मक कारबाइ वापस लेबाक मांग कयने अछि।

कर्मचारी सभक प्रमुख मांग मे दैनिक आ आउटसोर्सिंग कर्मी सभ कें प्रत्येक महीना समय पर वेतन देब शामिल अछि। मोर्चा वेतन भुगतान मे देरी लेल जवाबदेही तय करबाक मांग सेहो कयने अछि।

एकर अतिरिक्त, कर्मचारी सभक वेतन सं काटल गेल भविष्य निधि (पीएफ) आ कर्मचारी राज्य बीमा (ईएसआई) के राशि समय पर संबंधित खाता मे जमा करएबाक मांग कयल गेल अछि। संगठन बकाया अंशदानक जांच, कर्मचारी सभ कें अद्यतन विवरण उपलब्ध करएबाक आ पीएफ-ईएसआई संबंधी लाभ दियएबाक नाम पर कथित अवैध शुल्क वसूलीक शिकायतक निष्पक्ष जांच करबाक मांग सेहो उठौने अछि।

मोर्चा अनुकंपाक आधार पर नियुक्ति लेल लंबित मामिला सभक समीक्षा कए पात्र आवेदक सभ कें नियमानुसार नियुक्ति देबाक मांग कयने अछि। संगहि, निगमकर्मी सभक बकाया पेंशन, वेतन आ अन्य देय राशि के अंतरक सत्यापन कए भुगतान करबाक मांग उठाओल गेल अछि। संगठन पात्र कर्मचारी सभ लेल राष्ट्रीय पेंशन प्रणाली (एनपीएस) मे स्थानीय निकाय के अंशदान वर्तमान 10 प्रतिशत सं बढ़ा कए 14 प्रतिशत करबाक कारबाइ करबाक मांग कयने अछि। एकर संगहि दैनिक आ संविदा कर्मी सभक सेवा अभिलेख तैयार करबाक आ सुरक्षित रखबाक मांग सेहो कयल गेल अछि।

11 मांग मे स्थानांतरण नीति सेहो शामिल

मोर्चा विभाग दिस सं मांगल गेल कर्मचारी सभक नाम, पदनाम, कार्यावधि, शैक्षणिक योग्यता आ अन्य विवरणक समेकित सूची उपलब्ध करएबाक मांग कयने अछि। संगठनक कहब अछि जे एहि सं कर्मचारी सभ सं जुड़ल नीतिगत आ सेवासंबंधी निर्णय मे देरी कम होएत।

विधानसभा अध्यक्ष मुख्यमंत्री सं शिष्टाचार भेंट कयलनि

पटना, गयाजी आ बोधगया बनत विश्वस्तरीय शहर

पटना, समदिया



बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सं शिष्टाचार भेंट कयलनि। एहि दौरान ओ अपन 5 देशक हालिया विदेश यात्राक अनुभव साझा करैत ओतयक उन्नत शहरी नियोजन, स्वच्छता, हरियाली आ नागरिक बोध आदि विषय पर विस्तार सं जानकारी देलनि। ओ एहि तर्ज पर बिहारक राजधानी पटना आ सांस्कृतिक तथा आध्यात्मिक महत्व बला शहर गयाजी आ बोधगया कें स्वच्छ, हरित आ सुव्यवस्थित शहरक रूप मे विकसित करबाक सुझाव देलनि।

डॉ. प्रेम कुमार मुख्यमंत्री कें विशेष रूप सं पटना शहरक आसपास आ गयाजी हवाई अड्डा सं विष्णुपद मंदिर तथा बोधगया तक जाएबला मार्ग पर व्यापक लैंडस्केपिंग, हरित पट्टीक विकास आ सड़कक सौंदर्यीकरण करबाक सुझाव देलनि। एहि सं पटना, गयाजी आ बोधगया आबय बला लोक, देशी-विदेशी पर्यटक आ श्रद्धालु सभ कें बेहतर अनुभव भेटत। संगहि, एहि क्षेत्रक सांस्कृतिक आ आध्यात्मिक पहचान सेहो आओर मजबूत होयत। विधानसभा अध्यक्ष हालहि संपन्न पितृपक्ष मेला के दौरान तर्पण आ पिंडदान करबाक लेल देशक विभिन्न भाग आ विदेश सं 53 लाख श्रद्धालु आ पर्यटकक गयाजी आगमन कें ऐतिहासिक उपलब्धि बतौलनि। ओ एहि भव्य आयोजन मे चाक-चौबंद व्यवस्था लेल बिहार सरकार आ जिला प्रशासनक भरिपूरि सराहना कयलनि। ओ कहलनि जे गयाजी मे म्यांमार, वियतनाम, श्रीलंका आ जापान सहित विभिन्न बौद्ध देश सभ सं आबय बला पर्यटकक संख्या निरंतर बढ़ि रहल अछि। ओ विश्वास व्यक्त कयलनि जे बोधगया आबय बला देशी-विदेशी पर्यटक सभ कें सेहो बेहतरीन सुविधा उपलब्ध कराओल जाएत।

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक पहल पर काशी विश्वनाथ कॉरिडोर आ महाकाल कॉरिडोरक तर्ज पर गयाजी मे विष्णुपद कॉरिडोर आ बोधगया कॉरिडोर बनेबाक योजनाकें मंत्रिपरिषद सं स्वीकृति देबाक लेल डॉ. प्रेम कुमार मुख्यमंत्रीक प्रति आभार व्यक्त कयलनि। ओ गयाजी मे गंगाजल पहुंचएबाक महत्वपूर्ण पहल आ एहि तर्ज पर सोन नदीक पानि फल्गु नदी तक पहुंचेबाक योजना कें कैबिनेट सं स्वीकृति देबाक लेल मुख्यमंत्री कें धन्यवाद देलनि।

सोनवर्षाराज मे 2337 लीटर विदेशी शराब बरामद, तीन तस्कर गिरफ्तार

हाइवा मे गिट्टीक नीचां नुकायल छल शराबक खेप, बलेनो कार सेहो जब्त

सहरसा, समदिया

सोनवर्षाराज थाना क्षेत्र मे पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर कारबाइ करैत 2337.84 लीटर विदेशी शराब बरामद कयलक। एहि दौरान तीन शराब तस्कर के गिरफ्तार कयल गेल। पुलिस शराब तस्करी मे उपयोग कयल जा रहल एकटा बलेनो कार आ एकटा हाइवा ट्रक सेहो जब्त कयने अछि। शुक्रदिन प्रेस वार्ता कए सिमरी बख्तियारपुरक डीएसपी निशिकांत भारती एहि कारबाइक जानकारी देलनि। ओ बतौलनि जे 30 अक्टूबरक राति करीब 1 बजे सूचना भेटल जे खगड़ियाक महेशखुंट सं माली चौकक रास्ते दू वाहन पर विदेशी शराबक खेप आनल जा रहल अछि। सूचनाक आधार पर हुनकर नेतृत्व मे सोनवर्षाराज पुलिस देहद मोड़ लग नाकाबंदी कयलक। एहि दौरान दुनू संदिग्ध वाहन के पकड़ल गेल। तलाशी लेला पर



ओतहि हाइवा ट्रक मे गिट्टीक नीचां नुकाक राखल गेल 258 कार्टून शराब भेटल। पुलिस हाइवा चालक दिनेश कुमार भगत, बलेनो चालक मदन कुमार आ ओकर सहयोगी मनीष कुमार के गिरफ्तार कयलक। गिरफ्तार आरोपित सुपौल आ मधेपुरा जिलाक निवासी बताओल गेल छथि। कारबाइक दौरान तीन मोबाइल फोन सेहो जब्त कयल गेल। एहि संबंध मे सोनवर्षाराज थाना कांड संख्या 219/26 दर्ज कए आगूक कारबाइ शुरू कयल गेल अछि। डीएसपीक अनुसार, शराब तस्करी मे शामिल अन्य लोकसभक गिरफ्तारी लेल पुलिस छापेमारी कए रहल अछि।

लापता 16 वर्षीय किशोरीक गाछ सं लटकल भेटल शव

हत्या-आत्महत्याक लागल अछि ओझरी

गौड़ाबौराम, समदिया



गौड़ा बौराम थाना क्षेत्रक गोरा मानसिंह पंचायतक रहि टोल मे 16 वर्षीय रोशनी कुमारीक संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्यु भए गेला सं इलाका मे सनसनी पसरल अछि। करीब दू दिन पहिने ओ घर सं निकलल छल, मुदा फेर वापस नहि आयल। परिजन लगातार ओकर खोजबीन कए रहल छलाह। एहि बीच बृहस्पतिदिन सांझ गामक लग जंगल मे एकटा गाछ सं लटकल अवस्था मे ओकर लास भेटल। घटनाक बाद इलाका मे हत्या आ आत्महत्याक आशंका के लए कए चर्चा तेज भए गेल अछि। मृतकाक परिजन एहि घटनाके हत्या बतबैत एकटा युवक पर गंभीर आरोप लगौने छथि। हुनकर आरोप छनि जे प्रेम प्रसंगक बहन्ने किशोरीके बजाओल गेल छल आ तकर बाद ओकर हत्या कए देल गेल। ग्रामीणसभक बीच सेहो दुनू गोटेक बीच करीब छह मास सं प्रेम प्रसंग रहबाक चर्चा अछि। कहल जा रहल अछि जे विवाह आ दहेजके लए कए सेहो विवाद छल। हालांकि, एहि आरोप आ चर्चाक स्वतंत्र पुष्टि एखन धरि नहि भए सकल अछि।

स्थानीय कोतवाल विनोद पासवान लासक स्थिति देखि हत्याक आशंका जतौने छथि। हुनकर कहब छनि जे घटनास्थल पर लासक स्थिति सामान्य आत्महत्याक घटना जकां नहि बुझाइत छल। हालांकि, एहि आशंकाक चिकित्सकीय अथवा फॉरेंसिक पुष्टि एखन धरि नहि भेल अछि। मृत्यु के वास्तविक कारण पोस्टमार्टम आ वैज्ञानिक जांचक बादे स्पष्ट होयत। दोसर दिस, गौड़ा बौराम थानाध्यक्ष राहुल कुमार हत्या अथवा आत्महत्याक कोनो संभावना पर एखन स्पष्ट रूप सं किछु कहबाक स्थिति मे नहि छथि। हुनकर कहब छनि जे पुलिस मामिलाक जांच आ अनुसंधान मे जुटल अछि। जांच पूरा भेलाक बादे घटनाक वास्तविक कारण सामने आयत। फिलहाल परिजनक आरोप, ग्रामीणसभक चर्चा आ घटनास्थल सं जुड़ल विभिन्न पहलू पुलिस जांचक दायरा मे अछि।

मुसरीघरारी मे दिन-देखाड़ डायल 112 वाहनक सोझा सं 4 लाख टाकाक लूट

बैंक सं टाका निकालि ऑटो पकड़बाक प्रतीक्षा कए रहल छलाह पीड़ित

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुर जिलाक सरायरंजन थाना क्षेत्र अंतर्गत मुसरीघरारी चौराहा स्थित पुरान थाना लग शुक्रदिन दुपहरिया बाइक सवार दू बदमाश दिन-देखाड़ एक व्यक्ति सं 4 लाख टाका लूटि लेलक। पीड़ितक पहचान बरबट्टा गांव निवासी संतोष रजकक रूप मे भेल अछि। घटना ओहि समय भेल, जखन पीड़ित घर जेबाक लेल ऑटो पकड़बाक प्रतीक्षा कए रहल छलाह। भेटल जानकारीक अनुसार, संतोष रजक पहिने भारतीय स्टेट बैंक (एसबीआइ) सं 2 लाख टाका आ तकर बाद यूनियन बैंक सं 2 लाख टाका निकालने छलाह। चारू लाख टाका एकटा झोरा मे राखि ओ पुरान थाना लग ठाढ़ भएल ऑटो के प्रतीक्षा कए रहल छलाह। घटनास्थल सं महज 10 कदमक दूरी पर डायल 112 केर पुलिस वाहन ठाढ़ छल। प्रत्यक्षदर्शी सभक अनुसार, अनचोके बाइक पर सवार दू युवक पहुंचल आ संतोषक हाथ सं टाका भरल झोरा छीनबाक प्रयास कयलक। पीड़ित विरोध करैत झोरा मजबूती सं पकड़ने रहलाह। एहि दौरान बदमाश हुनका सड़क पर बहुत दूर धरि घसीटैत लएल गेल। अंत मे पाछू बैसल बदमाश पैर सं जोरदार प्रहार कयलक, जाहि सं संतोषक हाथ झोरा पर सं छूटि गेल। बदमाश झोरा लएल सातनपुर दिस फरार भएल गेल। घटनाक बाद संतोष रजक जोर-जोर सं हल्ला केलनि। ओतहि मौजूद डायल 112 केर पुलिस टीम बदमाशक पीछा सेहो केलक, मुदा ओ सभ पुलिस कें चकमा दैत फरार भएल गेलाह। व्यस्त चौराहा पर दिन-देखाड़ भेल एहि घटना सं स्थानीय दुकानदार आ व्यवसायी सभ मे आक्रोश अछि। लोक सभ पुलिस चौकसीक बीच एहन घटना कें लए सुरक्षा व्यवस्था पर सवाल उठा रहल छथि। घटनाक सूचना भेटिते स्थानीय पुलिस सक्रिय भएल गेल। मुसरीघरारी थानाध्यक्ष राकेश कुमार सिंह बतौलनि जे पीड़ित संतोष रजकक लिखित आवेदनक आधार पर मामिला दर्ज कय लेल गेल अछि। पुलिस आसपासक इलाका मे लागल सीसीटीवी कैमरा सभक फुटेज जांचि रहल अछि, जाहि सं बदमाश सभक पहचान कयल जा सकय। पुलिस अधिकारी शीघ्र गिरफ्तारी आ लूटल गेल टाका बरामद करबाक दावा कयलनि।

पूर्व राज्यसभा सांसद आर.के.सिन्हाक निधन पर कायस्थ क्लब जतौलनि शोक

दरभंगा। जनसंघ आ भाजपा के वरिष्ठ नेता तथा पूर्व राज्यसभा सांसद आर.के. सिन्हाक निधन पर भाजपा दरभंगा पश्चिमी जिलाध्यक्ष प्रो. आदित्य नारायण मन्ना गहींर शोक-संवेदना व्यक्त केलनि अछि। अपन शोक संदेश मे ओ कहलनि जे आर.के. सिन्हाक निधन राष्ट्र, समाज आ राजनीतिक जगतक लेल अपूरणीय क्षति अछि। ओ अपन संपूर्ण जीवन राष्ट्रसेवा, संगठनक विस्तार आ समाजक कल्याण लेल समर्पित कयने रहथि। हुनकर ओजस्वी व्यक्तित्व, समर्पण आ वैचारिक निष्ठा सदिखन स्मरणीय आ प्रेरणादायक बनल रहत। मिथिला, विशेष कए दरभंगा सं हुनकर विशेष लगाव छल। हुनकर निधन सं दरभंगाक पूरा भाजपा परिवार मर्माहत अछि। प्रो. मन्ना दिवंगत आत्माक चिरशांतिक संग शोकाकुल परिजन कें एहि दुःख कें सहन करबाक शक्ति देबाक लेल ईश्वर सं प्रार्थना केलनि। दोसर दिस, कायस्थ क्लबक सदस्य सभ सेहो आर.के. सिन्हाक निधन पर गहींर शोक व्यक्त कयलनि। क्लबक सदस्य सभ हुनका समाज आ राष्ट्रक प्रति समर्पित व्यक्तित्व बतबैत हुनकर योगदान कें स्मरण केलनि। सदस्य सभ कहलनि जे कायस्थ कुल गौरव श्रद्धेय आर.के. सिन्हाक निधन कायस्थ समाजक अपूरणीय क्षति अछि, जाहि भरपाइक संभव नहि अछि। शोक व्यक्त करयवला सभ मे डॉ. नवीन कुमार, प्रवीण कुमार मुन्ना, नीरज कर्ण, अशोक श्रीवास्तव, संतोष कुमार सिन्हा, विवेक कुमार बंटी, नीरज कुमार चंदन, जलज कुमार गोपी, दिवाकर कुमार, सुरेंद्र कुमार आ इंजीनियर बसंत श्रीवास्तव सहित क्लबक दर्जनों सदस्य शामिल छलाह।

पीएम किसान सम्मान निधिक 24म किस्त जारी शिवाजीनगरक 19 हजार किसान लाभान्वित

शिवाजीनगर/समस्तीपुर, समदिया



शिवाजीनगर प्रखंड क्षेत्रक किसान सभ कें प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजनाक 24म किस्त जारी होयबाक अवसर पर शुक्रदिन डुमरा मोहन पंचायतक पंचायत भवन मे विशेष कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। एहि दौरान किसान सभ कें प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक कार्यक्रमक सीधा प्रसारण देखाओल गेल। प्रसारणक माध्यम सं किसान सभ प्रधानमंत्रीक संबोधन सेहो सुनलनि। कार्यक्रम मे जानकारी देल गेल जे प्रखंड क्षेत्रक करीब 19 हजार किसान कें एहि किस्तक लाभ भेटल अछि। राशि जारी होयला सं किसान सभ मे उत्साह देखल गेल। कार्यक्रम मे प्रखंड कृषि पदाधिकारी सतीश कुमार, सहायक तकनीकी प्रबंधक अमरदीप शर्मा आ इंद्रजीत गौरव, किसान सलाहकार विशंभर नाथ आ संजय कुमार सहित पैघ संख्या मे स्थानीय किसान उपस्थित छलाह। कृषि विभागक कर्मी सभ किसान सभ कें योजना सं जुड़ल महत्त्वपूर्ण जानकारी देलनि आ सरकार द्वारा किसानक हित मे चलाओल जा रहल योजनाक लाभ उठेबाक लेल प्रेरित केलनि। बताओल गेल जे प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना केंद्र सरकारक प्रमुख किसान कल्याणकारी योजना मे शामिल अछि। एहि योजनाक अंतर्गत पात्र किसान परिवार कें प्रति बरख 6 हजार टाकाक आर्थिक सहायता देल जाइत अछि। ई राशि 2-2 हजार टाकाक तीन समान किस्त मे डीबीटीक माध्यम सं सीधे लाभुक किसानक बैंक खाता मे पठाओल जाइत अछि। एहि सहायता सं किसान बीआ, खाद, कृषि यंत्र आ खेतीक अन्य जरूरी सामग्री खरीदय मे आर्थिक मदद पबैत छथि। सीधा प्रसारणक दौरान किसान सभ कें योजनाक उपयोगिता, पात्रता आ किस्त प्राप्त करबाक आवश्यक प्रक्रिया सेहो बताओल गेल। कृषि विभागक पदाधिकारी आ कर्मी सभ बैंक खाता, आधार सं जुड़ल जानकारी आ ई-केवाईसी समय पर पूरा करबाक सलाह देलनि, जाहि सं राशि भेटय मे कोनो परेशानी नहि हो। कार्यक्रमक उद्देश्य किसान सभ कें सरकारी योजना सं जोड़ब, कृषि संबंधी जानकारी देब आ हुनका आर्थिक रूप सं सशक्त बनयबाक प्रयासक प्रति जागरूक करब छल। अंत मे किसान सभ आयोजन लेल कृषि विभागक पदाधिकारी आ कर्मी सभक प्रति आभार व्यक्त केलनि।

मुसरीघरारी मुठभेड़ मामिला मे दू बदमाश गिरफ्तार, एक कें लागल गोली

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुर जिलाक सरायरंजन थाना क्षेत्र अंतर्गत मुसरीघरारीक गंगापुर मे बृहस्पति सांझ पुलिस आ बदमाश सभक बीच मुठभेड़ भेल। एहि दौरान पुलिस दू गोट बदमाश कें गिरफ्तार कयलक। पुलिसक जवाबी कारबाइ मे एक बदमाशक पैर मे गोली लागल, जाहि कारण ओ गंभीर रूप सं घायल भएल गेल। ओकरा इलाज लेल समस्तीपुर सदर अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। प्राप्त जानकारीक अनुसार, 29 अक्टूबरक सांझ करीब 7:15 बजे मुसरीघरारी थाना, एसटीएफ आ समस्तीपुर डीआइयू के संयुक्त टीम कें गुप्त सूचना भेटल जे किछु बदमाश कोनो पैघ घटना के अंजाम देबाक उद्देश्य सं गंगापुर इलाका मे जुटल अछि। सूचना मिलिते पुलिस गंगापुर उच्च विद्यालयक लग गाछी चारूकात घेराबंदी कय छापेमारी शुरू केलक। पुलिस बल कें लग अबैत देखि बदमाश गोली चलाबय लगलाह। पुलिस आत्मरक्षा मे जवाबी कारबाइ केलक। एहि दौरान करपुरीग्राम थाना क्षेत्रक नीरपुर गांव निवासी रामप्रसाद सिंहक पुत्र मनीष कुमारक पैर मे गोली लागल आ ओ जमीन पर खसि पड़ल। पुलिस ओकरा हिरासत मे लए लेलक। ओतहि भागबाक प्रयास कय रहल ताजपुर थाना क्षेत्रक मोरवा मोहनपुर निवासी रामप्रीत राय के पुत्र दिलीप राय कें खदेड़ि कए गिरफ्तार कय लेल गेल। अन्हार आ घन झाड़ीक फायदा उठा तीन अन्य बदमाश फरार भएल गेलाह। घटनास्थलक तलाशी मे पुलिस एक मैगजीन सहित देसी पिस्तौल, एक जिंदा कारतूस, खोखा, गोलीक अग्रभाग, दूटा एंड्रॉयड मोबाइल फोन आ बिना नंबरक एकटा करिया रंगक मोटरसाइकिल बरामद केलक। पुलिस रिकॉर्डक अनुसार, घायल मनीष कुमार पर समस्तीपुर, मुजफ्फरपुर, वैशाली आ नालंदा जिला मे हत्या, लूट, आर्म्स एक्ट आ डकैती सहित दू दर्जन सं बेसी गंभीर मामिला दर्ज अछि। फरार तीनू बदमाशक गिरफ्तारी लेल पुलिस लगातार छापेमारी कए रहल अछि।

जनगणना 2027 : द्वितीय चरणक पहिल बैचक जिला स्तरीय प्रशिक्षण संपन्न

समस्तीपुर, समदिया



भारत जनगणना 2027क द्वितीय चरण (जनसंख्या परिगणन) कें लए जिला स्तरीय पदाधिकारी आ सरकारी कर्मी सभक पहिल बैचक प्रशिक्षण कार्यक्रम शुक्रदिन अनुमंडलीय सभाकक्ष मे आयोजित कयल गेल। प्रशिक्षण कार्यक्रम भोरे 10 बजे शुरू भेल। एहि अवसर पर जिला जनगणना पदाधिकारी सह अपर समाहर्ता, जिला अपर जनगणना पदाधिकारी सह जिला सांख्यिकी पदाधिकारी आ अनुमंडल पदाधिकारी सह अनुमंडल जनगणना पदाधिकारी उपस्थित छलाह। प्रशिक्षणक दौरान पदाधिकारी सभ जनसंख्या परिगणन सं जुड़ल विभिन्न प्रपत्र भरबाक प्रक्रिया, आंकड़ा संकलन, मोबाइल एपक उपयोग आ आवश्यक दिशा-निर्देशक विस्तृत जानकारी देलनि। संगहि जनगणनाक काजक दौरान क्षेत्र मे आबयवला व्यावहारिक कठिनाइ आ ओकर समाधान पर सेहो चर्चा कयल गेल। प्रशिक्षणक मुख्य उद्देश्य जनगणना 2027क दोसर चरणक सफल आ त्रुटिरहित संचालन सुनिश्चित करब अछि। एकर माध्यम सं पदाधिकारी आ कर्मी सभ कें निर्धारित समय-सीमाक भीतर जिम्मेदारीपूर्वक काज पूरा करबाक लेल तैयार कयल जा रहल अछि।

दरभंगा मे 61 करोड़क लागति सं बनत इसरो स्पेस गैलरी आ इनोवेशन सेंटर

36 करोड़ टाकाक स्वीकृति भेटल, चंद्रयान, मंगलयान आ आदित्य-एल1क मॉडल उपलब्ध होयत

दरभंगा, समदिया

मिथिलाक विद्यार्थी आ युवा सभ कें अंतरिक्ष विज्ञान आ आधुनिक तकनीकक शिक्षा उपलब्ध करयबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल कयल गेल अछि। दरभंगा तारामंडल सह ज्ञान-विज्ञान संग्रहालय परिसर मे इसरो (भारतीय अंतरिक्ष अनुसंधान संगठन) के सहयोग सं स्पेस गैलरी आ स्पेस इनोवेशन सेंटर स्थापित कयल जायत। सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर बतौलनि जे 61 करोड़ टाकाक एहि परियोजना लेल 36 करोड़ टाकाक स्वीकृति



भेटि चुकल अछि। परियोजनाक संभावना आ तकनीकी पक्षक जानकारी लेबाक लेल इसरो के क्षमता निर्माण कार्यक्रम कार्यालयक वरिष्ठ वैज्ञानिक आ विशेषज्ञ सभक टीम प्रस्तावित स्थल पर पहुंचि निरीक्षण केलक। निरीक्षणक बाद दरभंगा परिसदन मे सांसदक अध्यक्षता मे समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। एहि बैसार मे इसरो के वरिष्ठ वैज्ञानिक वंशीधर सहित जिला प्रशासन, विश्वविद्यालय आ तकनीकी शिक्षण संस्थानक प्रतिनिधि सभ शामिल भेलाह।

सांसद बतौलनि जे प्रस्तावित केंद्र मे चंद्रयान, मंगलयान, आदित्य-एल1 आ गगनयानक मॉडल राखल जायत। एहि ठाम 3डी प्रदर्शनी, वर्चुअल रियलिटी, स्पेस वॉक सिमुलेशन आ डिजिटल डिस्प्लेक सुविधा सेहो रहत। स्पेस इनोवेशन लैब मे रॉकेट्री, मिनी सैटेलाइट, रोबोटिक्स, सेंसर टेक्नोलॉजी आ कोडिंगक व्यावहारिक प्रशिक्षण देल जायत। एहि माध्यम सं विद्यार्थी सभ अंतरिक्ष विज्ञान आ तकनीकी विषयक जानकारी मात्र सैद्धांतिक रूपे नहि, बल्कि प्रयोग आ अभ्यासक माध्यम सं सेहो प्राप्त कय सकताह। सांसद कहलनि जे एहि केंद्रक स्थापना भेला सं मिथिलाक विद्यार्थी सभ कें अंतरिक्ष विज्ञान आ अनुसंधानक अध्ययन लेल पैघ शहर पर निर्भर नहि रहय पड़तनि। स्थानीय स्तर पर आधुनिक तकनीकी शिक्षा आ प्रशिक्षणक सुविधा उपलब्ध होयत। संगहि क्षेत्र मे वैज्ञानिक सोच, नवाचार आ अनुसंधानक प्रवृत्ति कें बढ़ावा भेटत।

सुरक्षित बचपन अभियान सं बाल अधिकार आ कानूनी संरक्षणक प्रति बच्चा सभ जागरूक

रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया



नगर परिषद क्षेत्रक प्राथमिक विद्यालय मिजार्पुर मे शुक्रदिन सुरक्षित बचपन अभियानक अंतर्गत बाल अधिकारक सुरक्षा आ कानूनी संरक्षण कें लए जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकरण, नयी दिल्ली आ बिहार राज्य विधिक सेवा प्राधिकार, पटनाक निर्देश पर अनुमंडल विधिक सेवा समिति, रोसड़ाक बैनर तर आयोजित एहि कार्यक्रमक उद्देश्य बच्चा सभ कें अपन अधिकार आ कानूनी संरक्षणक प्रति जागरूक करब छल। कार्यक्रमक विषय ह्यबाल अधिकारक सुरक्षा प्रत्येक बच्चाक अधिकार-फेज वनह्न राखल गेल छल। एहि दौरान यौन अपराध सं बच्चा सभक सुरक्षा अधिनियम (पॉक्सो एक्ट) 2012क विभिन्न प्रावधानक जानकारी देल गेल। कार्यक्रम मे रोसड़ा व्यवहार न्यायालयक प्रथम श्रेणी न्यायिक दंडाधिकारी विशाल कुमार सिन्हा, पैनल अधिवक्ता आ विद्यालयक प्रधानाध्यापक अनिल कुमार अनिल उपस्थित छलाह। विद्यालय परिवारक दिस सं न्यायिक दंडाधिकारी कें सम्मानित सेहो कयल गेल। कार्यक्रम कें संबोधित करैत न्यायिक दंडाधिकारी विशाल कुमार सिन्हा कहलनि जे प्रत्येक बच्चा कें अपन मौलिक आ कानूनी अधिकारक जानकारी रहब आवश्यक अछि। बच्चा सभक सुरक्षा, सम्मान आ संरक्षण लेल कानून मे प्रावधान कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे बच्चा सभक विरुद्ध होमयवला यौन अपराध कें रोकबाक लेल पॉक्सो एक्ट 2012 बनाओल गेल। एहि कानूनक अंतर्गत एहन अपराध कें गंभीरता सं लेल जाइत अछि आ पीड़ित बच्चा सभ कें कानूनी संरक्षण देल जाइत अछि। जागरूकता कार्यक्रम मे बच्चा सभ कें सुरक्षा, कानूनी सहायता, शिक्षा, स्वास्थ्य, गरिमा आ समानताक अधिकारक जानकारी देल गेल।

दीवाली सं पूर्व सरकारी भवनक होयत कायाकल्प, रंग-रोगनक कार्य मे तेजी

जिलाधिकारी केलनि समीक्षा, विद्यालय, स्वास्थ्य केंद्र आ आंगनबाड़ी केंद्र प्राथमिकता मे

मधुबनी, समदिया



मधुबनी जिला मे सरकारी भवनक स्वच्छ, सुंदर आ सुव्यवस्थित बनेबाक लेल मिशन कायाकल्प के अंतर्गत अभियान तेज कय देल गेल अछि। दीपावली सं पूर्व विद्यालय, स्वास्थ्य केंद्र आ आंगनबाड़ी केंद्रक रंग-रोगन आ साफ-सफाई पूरा करबाक निर्देश देल गेल अछि। एहि संबंध मे जिलाधिकारी आनंदशर्मा संबंधित विभागीय अधिकारी, अनुमंडल पदाधिकारी आ प्रखंड विकास पदाधिकारी सभक संग वीडियोकॉन्फ्रेंसिंग कय कार्य प्रगतिक समीक्षा कयलनि आ आवश्यक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी कहलनि जेसरकारी भवन मात्र प्रशासनिक कार्यक केंद्र नहि, बल्कि शिक्षा, स्वास्थ्य आ पोषण सहित जनसामान्यक आवश्यक संवा उपलब्ध करयबाक महत्वपूर्ण माध्यम अछि। एहन भवनक स्वच्छ, सुरक्षित आ व्यवस्थित रहब जरूरी अछि। मिशन कायाकल्पक उद्देश्य सरकारी परिसंपत्तिक स्थिति सुधारबाक संग नागरिकसभके नीक सुविधा उपलब्ध करायब अछि।पहिल चरण मे रंग-रोगन, दोसर चरण मे जीर्णोद्धारजिलाधिकारी दीपावली सं पूर्व पहिल चरण मे विद्यालय, स्वास्थ्य केंद्र आ आंगनबाड़ी केंद्रक रंग-रोगन आसाफ-सफाई करबाक निर्देश देल गेल अछि। कार्य मे बाधा अथवा अधिकारीक लापरवाही सामनेअयला पर तत्काल रिपोर्ट करबाक लेल कहल गेल अछि। कार्यक प्रगतिक समीक्षा प्रतिदिन सांझ 6 बजे जिलाधिकारी द्वारा संबंधित अधिकारी सभक संग वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्य मे कयल जायत। एकरउद्देश्य समस्या सभक त्वरित समाधान आ निर्धारित समय-सीमा मे कार्य पूरा करायब अछि।जिलाधिकारी कहलनि जे मिशन कायाकल्प मात्र भवनक रंग-रोगन धरि सीमित नहि रहत, बल्कि सरकारी संस्थान सभक रखरखाव आ जनसुविधाक गुणवत्ता सुधारबाक माध्यम बनत। एहि पहल सं विद्यालय मे बच्चा सभके नीक शैक्षणिक वातावरण भेटत, जखन कि स्वास्थ्य आ आंगनबाड़ी केंद्रक व्यवस्था सुधरला सं महिला, बच्चा आ आम नागरिकके नीक सुविधा भेटत।

» प्रतिदिन सांझ 6 बजे होयत समीक्षा

प्राथमिकताक आधार पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। प्रखंड स्तरक अधिकारी सभके अपनअधीनस्थ संस्थान सभ मे निर्धारित समय-सीमाक भीतर कार्य पूरा करय लेल कहलनि। कार्य मेअनावश्यक देरी बर्दाश्त नहि कयल जायत। पहिल चरण मे रंग-रोगन आ साफ-सफाईक माध्य मे भवनसभक स्वरूप सुधारल जायत। दोसर चरण मे आवश्यकतानुसार भवनक जीर्णोद्धार आ निर्माण संबंधीकार्य कराओल जायत। लापरवाही पर होयत कारबाइ जिलाधिकारी स्पष्ट कयलनि जे अभियानक क्रियान्वयन मे कोनो तरहक शिथिलता अथवा लापरवाही बर्दाश्त नहि होयत। सभ अनुमंडल पदाधिकारीके अपन-अपन क्षेत्र मे प्रखंड विकास पदाधिकारीक संगनियमित मॉनिटरिंग

चक्रवाती बीहाड़ि अर्नबक कहर, तेज हवा आ बारिश सं धानक फसिल बर्बाद



झंझारपुर, समदिया

चक्रवाती बीहाड़ि अर्नबक असरि झंझारपुर अनुमंडल सहित पूरा मधुबनी जिला मे देखल जा रहल अछि। बुधदिन राति सं शुरू भेल खराब मौसिम शुक्रदिन धरि आओर गंभीर भए गेल। लगातार दू दिन सं आकाश मे बादल छाओल अछि आ रौद नहि निकलल अछि। रुकि-रुकि होइत बूंदाबांदी आ तेज पछुआ हवा जनजीवनके प्रभावित क देने अछि। मौसिम विभाग द्वारा मधुबनी जिलाके रेड अलर्ट जारी कयल गेल अछि। शुक्रदिन मौसिमक स्थिति बृहस्पतिक अपेक्षा बेसी खराब रहल। ठंड हवा आ लगातार बूंदाबांदीक कारण लोक घर मे रहब उचित बुझि रहल छथि। बाजार आ ग्रामीण इलाकाक गली सभ मे सन्नाटा पसरल अछि। जरूरी काज पड़लापर लोक बाहर निकलि रहल छथि। तूफानक सर्वाधिक असर किसान सभपर पड़ल अछि। खेत मे पकैत धानक फसल तेज हवा आ लगातार बारिशक कारण जमीन पर गिरि गेल अछि। कतेको खेत मे कटाइ लेल तैयार फसल पानि मे डूबल अछि। खेत मे जलजमाव सं फसल सड़बाक आशंका बढ़ि गेल अछि। किसान सभक कहब अछि जे साल भरिक मेहनत सं तैयार फसल आब हाथ सं निकलैत देखाइत अछि। दू दिन आओर एहन बारिश भेल तं भारी नोकसान भए सकैत अछि। किसान सरकार सं फसल क्षतिक मुआवजाक मांग करय लगलाह अछि। नगर परिषद क्षेत्रक कतेको इलाका मे सड़क पर कीचड़ पसरि गेल अछि। निचला इलाका मे जलजमावकस्थिति बनय लागल अछि, जाहि सं आवागमन प्रभावित अछि। खराब मौसिमक कारण पशुपालक अपन मवेशीके घास चरय लेल बाहर नहि लए जा रहल छथि। लगातार बारिश आ ठंड हवा चलबाक कारण तापमान मे गिरावट आयल अछि। भोर आ सांझ कनकनी बढ़ि गेल अछि। लोक गर्म कपड़ा निकालि लेलनि अछि। मौसिम विभागक अनुसार, आगुओ एक-दू दिन मौसिम खराब रहबाक आशंका अछि। अनंब बीहाड़ि आब किसानक फसल आ आम जनजीवन दुनू लेल गंभीर चुनौती बनि गेल अछि।

बिस्फी थानाक औचक निरीक्षण मे लंबित कांडक त्वरित निष्पादनक निर्देश

एसडीपीओ अनुसंधानकर्ता सभ संग केलनि समीक्षा

» वारंटी आ वांछित अभियुक्तक गिरफ्तारी तेज करबाक आदेश

बिस्फी, समदिया



एसडीपीओ अमित कुमार बिस्फी थाना के औचक निरीक्षण कयलनि। एहि दौरान ओ थाना मे लंबित कांड सभक समीक्षा अनुसंधानकर्तासभक संग कयलनि आ मामिलाक त्वरित निष्पादन करबाक निर्देश देलनि।ओ न्यायालय सं जारी वारंट आ कुर्की प्राप्त कय वांछित अभियुक्तसभक गिरफ्तारी सुनिश्चित करबाक लेल कहलनि। संगहि वारंट, इश्तेहार आ कुर्कीक प्रक्रिया मे तेजी आनबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणक क्रममे एसडीपीओ थाना मे संधारित विभिन्न पंजियो के अवलोकन कयलनि। एहि मे जमानती आअजमानतीय पंजी, कांड दैनिक पंजी, पासपोर्ट पंजी, आरटीआइ पंजी, महिला हेल्प डेस्क, लोक शिकायत पंजी, केस डायरी आ वारंट-इश्तेहार संबंधी पंजी शामिल छल। पंजी सभक जांचक बाद ओ आवश्यक सुधार आनियमित अद्यतन रखबाक निर्देश देलनि। एसडीपीओ अनुसंधानकर्तासभके वारंटी सभक तत्काल गिरफ्तारी, थाना प्रतिवेदनक गुणवत्तापूर्ण समीक्षा आ कांड दैनिकके नियमित रूप सं अपडेट करबाक निर्देशदेलनि। ओ कहलनि जे अनुसंधान आ अभिलेख संधारण मे लापरवाही बर्दाश्त नहि कयल जायत। आगामीदीपावली आ महापर्व छठके ध्यान मे रखैत थाना क्षेत्र मे रात्रि आ सांझकालीन गश्ती तेज करबाक निर्देशसंहो देलनि। शराब माफिया सभ पर प्रभावी नियंत्रण रखबाक आ डायल 112 सं जुड़ल व्यवस्था तत्परतासं संचालित करबाक लेल कहलनि। निरीक्षणक दौरान थानाध्यक्ष अविनाश कुमार, एसआइ अमित कुमार, राजेश कुमार, मिनी कुमारी, टिंकू कुमार, राजेश कुमार, संजय कुमार सहित अन्य पुलिस पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

सुखेत कृषि विज्ञान केंद्र मे पीएम किसान सम्मान उत्सव

किसान कें 24म किस्त हस्तांतरण पर देल गेल बधाइ

» रबी खेती आ पशुपालन पर सेहो प्रशिक्षण

झंझारपुर, समदिया



आरपीसीएयू कृषि विज्ञान केंद्र, सुखेत (मधुबनी) मे शुक्रदिन प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधिक 24म किस्त हस्तांतरणक उपलक्ष्य मे पीएम किसान सम्मान उत्सव आयोजित कयल गेल। कार्यक्रम मे जिलाकृषि पदाधिकारी सुदामा ठाकुर, इफकोक स्टेट मार्केटिंग हेड डॉ. आनंद कुमार श्रीवास्तव, सहायक निदेशक(सस्य) डॉ. मनीष राज सहित पैघ संख्या मे किसान शामिल भेलाह। कार्यक्रमक अध्यक्षता जिला कृषिपदाधिकारी कयलनि। सुदामा ठाकुर किसान सभके 24म किस्त हस्तांतरण आ किसान सम्मान उत्सवक शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे केंद्र सरकार किसानक आय बढ़ेबाक आ कृषि उत्पादन मे वृद्धि करबाक लेल विभिन्न योजना चला रहल अछि। किसान आधुनिक कृषि तकनीक अपनाक खेतीके बेसी लाभकारी बना सकैत छथि। कार्यक्रम मे इफको द्वारा नैनो यूरिया, नैनो डीएपी, नैनो कॉपर आ नैनो जिंकक उपयोगिता आ लाभक जानकारी देल गेल। जिला कृषि पदाधिकारी 3आर कॉन्सेप्ट अर्थात सहीमात्रा, सही समय आ सही विधि सं उर्वरकक प्रयोग करबाक सलाह देलनि। डॉ. मनीष राज रबी फसल लेलउपयुक्त बीज चयन, बीजोपचार, खरपतवार आ पोषक तत्व प्रबंधन पर जानकारी देलनि। कृषि विज्ञानकेंद्रक प्रधान डॉ. एसके गंगवार खेत बचाओ अभियानक अंतर्गत माटिक जांच, संतुलित उर्वरक प्रयोग आकीट-व्याधि प्रबंधनक महत्व बतौलनि।वैज्ञानिक राहुल सिंह राजपूत रबी फसल मे बीजोपचार आ रोग प्रबंधनक तकनीक समझौलनि। पशुपालनवैज्ञानिक डॉ. जगपाल बकरी पालन, उन्नत नस्ल चयन आ वर्मी कंपोस्ट निर्माणक जानकारी देलनि।किसान सभके प्रदर्शन इकाईक माध्य मे व्यावहारिक प्रशिक्षण संहो देल गेल। अंत मे इफको एरिया मैनेजरराहुल किसान सभक प्रति आभार व्यक्त कयलनि आ कृषि विज्ञान केंद्र आ इफको सं जुड़ल रहबाक अपील कयलनि।

मधुबनी मे कृषि योजनाक संयुक्त निरीक्षण

1.88 लाख किसानक फॉर्मर रजिस्ट्री आइडी बनल

» सूखा-सहिष्णु धान आ उन्नत गन्ना उत्पादन तकनीक देखलनि अधिकारी

मधुबनी, समदिया



मधुबनी जिला मे कृषि योजनाक प्रभावी क्रियान्वयन आ आधुनिक कृषि तकनीक कें बढ़ावा देबाक लेल कृषि विभागक अधिकारी सभ विभिन्न प्रखंड मे संयुक्त स्थलीय निरीक्षण कयलनि। जिला कृषिपदाधिकारी सुदामा ठाकुर, जिला उद्यान पदाधिकारी नीरज झा आ उप निदेशक (कृषि अभियंत्रण) संजयकुमार पंडौल, रहिका सहित अन्य प्रखंड मे संचालित कृषि योजनाक प्रगतिक जायजा लेलनि।निरीक्षणक दौरान बांस विकास योजना, गन्ना क्षेत्र विस्तार योजना, जैविक प्रोत्साहन योजना आ माइक्रोइरीगेशन सहित विभिन्न योजनाक स्थिति देखल गेल। अधिकारी सभ किसान सभ सं योजनाक लाभ आखेती मे अपनाओल जा रहल नव तकनीकक जानकारी संहो लेलनि।सूखा-सहिष्णु धान प्रभेदक सफल प्रयोग पंडौल प्रखंड मे किसान अवधेश मिश्रा द्वारा लगाओल गेल 'संभा मंसूरी' धान प्रभेदक ट्रायल प्लॉटक निरीक्षण कयल गेल। करीब 130 दिन मे तैयार होयवला एहि सूखा-सहिष्णु प्रभेदक फसल कम बरखा आसूखाड़ सन परिस्थिति रहितो नीक स्थिति मे देखल गेल। एकर सफल प्रयोग कम बरखा बला क्षेत्रक किसान लेल महत्वपूर्ण साबित भए सकैत अछि। किसान अवधेश मिश्रा पॉलीहाउस मे सिंगल बडेड गन्नाकप्रोट्रे (प्रो-ट्रे) तकनीक सं पौध तैयार करबाक प्रयोग संहो क रहल छथि। एहि तकनीक सं गन्नाक उन्नतपौध उत्पादनके बढ़ावा देबाक संभावना अछि।डिजिटल सर्वे मे 80 प्रतिशत सं बेसी उपलब्धिअधिकारी सभ डिजिटल क्रॉप सर्वे (डीसीएस) आ फॉर्मर रजिस्ट्री आइडी निर्माण कार्यक संहो स्थलीयनिरीक्षण कयलनि। विभागीय आंकड़ा अनुसार, जिला मे आब तक करीब 1.88 लाख फॉर्मर रजिस्ट्री आइडी बनाओल जा चुकल अछि। ओतहि 7 लाख सं बेसी खरीफ फसल प्लॉटक डिजिटल सर्वे पूरा भए गेल अछि, जे कुल निर्धारित लक्ष्यक करीब 80 प्रतिशत सं बेसी अछि। अधिकारी सभ कहलनि जे कृषि योजनाक प्रभावी क्रियान्वयन, आधुनिक तकनीकक विस्तार आ किसान सभके प्रोत्साहित करब विभागक प्राथमिकता अछि। एहि पहल सं खेतीक लागत घटेबाक, उत्पादन बढ़ेबाक आ बदलैत मौसिमक चुनौती सं निपटबाक दिशा मे किसान सभके सहायता भेटत।

कम उम्र मे बढ़ि रहल हृदय रोगक खतरा नियमित जांच जरूरी : डॉ. सुबोध महतो

सीतामढ़ी, समदिया




कम उम्र मे कोरोनरी आर्टरी डिजीज (सीएडी) अर्थात हृदयक धमनियों मे रुकावटक समस्या बढ़ब चिंता के विषय बनल अछि। बदलैत जीवनशैली, असंतुलित खानपान, शारीरिक गतिविधिक कमी आ तनाव हृदय स्वास्थ्यके प्रभावित करहल अछि। हृदयरोग विशेषज्ञ डॉ. सुबोध कुमार महतो लोकसभके नियमित स्वास्थ्य जांच करय आ स्वस्थ जीवनशैली अपनयबाक सलाह देलनि। डॉ. महतो कहलनि जे भारतीय सभ मे हृदय रोग पश्चिमी देशक लोकक तुलना मे कम उम्र मे विकसित भए सकैत अछि। एहि रोगक गंभीर पक्ष ई अछि जे कोरोनरी आर्टरी डिजीजक स्पष्ट लक्षण बहुत दिन धरि नहि देखाइत अछि। एहन स्थिति मे व्यक्ति अपना के स्वस्थ बुझैत रहैत अछि, मुदा अनचोके हार्टअटैकक खतरा उत्पन्न भए सकैत अछि। ओ कहलनि जे बेमारीक लक्षण देखाइबाक प्रतीक्षा करबाक बदलानियमित स्वास्थ्य जांच करय पड़त। ब्लड प्रेशर, ब्लड शुगर आ कोलेस्ट्रॉलक स्तर पर नजरि रखब जरूरी अछि। लिपोप्रोटीन (ए) सन जोखिम कारकक प्रति संहो जागरूक रहबाक आवश्यकता अछि। जाहि परिवारमे कम उम्र मे हार्ट अटैक अथवा हृदय रोगक इतिहास रहल हो, ओहि परिवारक सदस्यके विशेष सतर्क रहबाक चाही आ चिकित्सकीय परामर्श पर आवश्यक जांच करयबाक चाही। डॉ. महतो संतुलित आहार, नियमित व्यायाम, पर्याप्त नींद आ तनाव प्रबंधनके जीवनशैलीक हिस्सा बनेबाक सलाह देलनि। धूम्रपान आ तंबाकू सं दूरी, वजन पर नियंत्रण आ मधुमेह तथा उच्च रक्तचापक उचित प्रबंधन संहो जरूरी अछि। ओ कहलनि जे हार्ट अटैक मात्र बुजुर्ग सभके होइत अछि, ई धारणा गलत अछि। युवा सभके संहो अपनस्वास्थ्यक प्रति सजग रहबाक चाही। नियमित जांच आ अनुशासित जीवनशैली अपनायब हृदय रोगक जोखिम घटेबाक महत्वपूर्ण उपाय अछि।

हिंदू स्वयंसेवक संघक प्राथमिक शिक्षा वर्ग संपन्न

पांच दिवसीय प्रशिक्षण वर्ग मे 81 स्वयंसंवक लेलनि भाग

जनकपुरधाम, समदिया



हिंदू स्वयंसंवक संघ नेपालक तत्वावधान मे आयोजित पांच दिवसीय प्राथमिक शिक्षा वर्ग बृहस्पतिदिन देरसांझ संपन्न भेल। एहि प्रशिक्षण वर्ग मे कुल 81 स्वयं सेवक भाग लेलनि। प्रशिक्षणक दौरान सहभागीसभ के हिंदू स्वयंसंवक संघक नीति, सिद्धांत आ आदर्शक संबंध मे जानकारी देल गेलनि। समापन समारोह सं पूर्व प्रशिक्षण स्थल सं जानकी मंदिर धरि बाजा-गाजाक संग शोभायात्रा निकालल गेल। एहि मे हिंदू स्वयंसंवक संघक कार्यकर्ता आ पदाधिकारी गणवेश मे शामिल भेलाह।जानकी मंदिर परिसर मे आयोजित समापन कार्यक्रम मे जानकी मंदिरक उत्तराधिकारी महंत रामरोशन दास वैष्णव, जनकपुरधामक मेयर मनोज कुमार साह, हिंदू स्वयंसंवक संघ नेपालक पदाधिकारी पवन ठाकुर आ सत्यनारायण ठाकुर सहित कतेको गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह।

अर्नब चक्रवातक बरखा सं जमैला गीदड़गंजक सालाना इज्तेमा मे खलल

जिलाक तीन दिवसीय इज्तेमा एक दिन पहिने दुआक संग समापन

अंधराठाढ़ी, समदिया



मधुबनी जिलाक अंधराठाढ़ी प्रखंडक जमैला गीदड़गंज मे आयोजित दरभंगा आ मधुबनी जिलाक सालाना तीन दिवसीय इज्तेमाक समापन अर्नब चक्रवातक कारण एक दिन पहिने क देल गेल। लगातार बारिश आ खराब मौसिमक कारण इज्तेमाक आयोजन प्रभावित भेल। एहि स्थिति के देखैत आयोजक सभ 31 अक्टूबरक निर्धारित कार्यक्रमक बदला 30 अक्टूबरके दुआक एहतमाम कय इज्तेमाके समाप्त करबाक निर्णय लेलनि। इज्तेमाक तैयारी पिछला करीब एक महिना सं चलि रहल छल। एहि आयोजन मे दरभंगा, मधुबनी आ सुपौल जिलाक लोक सभ शारीरिक मेहनत करबाक संग आर्थिक आ अन्य आवश्यक सहयोग जुटौने छलाह। क्षेत्रक मस्जिद सभक पोषक क्षेत्र मे रहनिहार लोक सं सहयोग लए आयोजन स्थल पर आवश्यक व्यवस्था कयल गेल छल। तब्लीगी जमात इस्लामक धार्मिक शिक्षा आ प्रचार-प्रसार सं जुड़ल एकटा अंतरराष्ट्रीय धार्मिक आंदोलन अछि। एकर शुरुआत 1926-27 मे मौलाना मुहम्मद इलियास कांधलवी हरियाणाक मेवात क्षेत्र सं कयने छलाह। ओहि समय मे मेवात क्षेत्रक मुसलमान सभके धार्मिक शिक्षा आ इस्लामी परंपरा सं जोड़बाकउद्देश्य सं ई अभियान शुरू कयल गेल छल। तब्लीगी जमातक मुख्यालय दिल्लीक निजामुद्दीन मे अछि। एहि जमात सं जुड़ल लोक अपन खर्च पर 3 दिन, 5 दिन, 10 दिन, 40 दिन आ 4 महिनाक जमात बनाक विभिन्न इलाका मे जाइत छथि। ओतय मुसलमान सभके नमाज, धार्मिक शिक्षा आ मस्जिद सं जुड़बाक लेल प्रेरित करैत छथि। जाहि लोकके नमाज पढ़बाक तरीका नहि मालूम होइत अछि, हुनका नमाजक तरीका सिखाओल जाइत अछि। एकर संग धार्मिक ज्ञान अर्जित करब, दोसरके दावत देब, पैघ लोकक सम्मान आ छोट लोक सं स्नेह करबाक शिक्षा देल जाइत अछि। आयोजक सभक अनुसार, जमैलागीदड़गंजक इज्तेमा संहो एहि धार्मिक आ सामाजिक उद्देश्य सं आयोजित कयल गेल छल। हालांकिचक्रवात आ लगातार बारिशक कारण निर्धारित कार्यक्रम मे बदलाव करैत समय सं पहिने समापन करय पड़ल।

आबादीबला क्षेत्र मे पटाखाक अवैध भंडारण, पांच दोकानदार पर प्राथमिकी दर्ज करबाक आदेश

एकटाक लाइसेंस सेहो नहि भेल छल नवीकृत

सहरसा, समदिया



» शंकर चौक आ डीबी रोड मे छापामारी, चारि दोकानदारक लग नहि छल वैध लाइसेंस

सहरसा शहरक घनी आबादी बला रिहाइशी इलाका मे पटाखाक कारोबार आ भंडारण लोकसभक सुरक्षालेल चिंता बढ़ा देने अछि। दीपावली आ छठ पर्वक मद्देनजर जिला प्रशासन द्वारा कयल गेल जांच आछापेमारी मे पटाखा कारोबारक गंभीर अनियमितता सामने आयल अछि। शंकर चौक आ डीबी रोड स्थितपांच दोकानदारक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज करबाक आदेश देल गेल अछि। अंचल अधिकारी कहरा निरंजनकुमार मिश्रा सदर थानाध्यक्षके देल आवेदन मे कहलनि जे अनुमंडल पदाधिकारी सदरक निर्देश पर 25अक्टूबरके पुलिस बलक संग पटाखा दोकान सभ मे छापेमारी कयल गेल। एहि दौरान अमरजीत कुमार, सुशील कुमार, चंदन कुमार, सूरज कुमार आ भारती देवीक दोकानक जांच कयल गेल। जांच मे अमरजीत कुमारक लाइसेंस नवीकृत नहि भेटल। जखन कि सुशील कुमार, चंदन कुमार, सूरज कुमार आ भारती देवीवैध लाइसेंस अथवा संबंधित कागजात प्रस्तुत नहि क सकलाह। ओतहि रंजय कुमारक लाइसेंस वैध भेटल,जे 2029 धरि नवीकृत अछि।छापेमारीक दौरान पांचो दोकानदारक दोकान आ भंडारण स्थल सं विभिन्न प्रकारक पटाखा बरामद कयलगेल। स्वतंत्र गवाहक उपस्थिति मे जब्ती सूची तैयार क पटाखा जब्त कयल गेल। संपूर्ण कारबाइकमोबाइल सं वीडियोग्राफी सेहो कराओल गेल। अनुमंडल पदाधिकारीक निर्देश पर पांचू दोकानदारक विरुद्धसंबंधित धारा मे प्राथमिकी दर्ज करबाक अनुशंसा कयल गेल अछि।आबादीबला क्षेत्र मे भंडारण सं दुर्घटनाक खतराशहरक व्यस्त आ घनी आबादी बला शंकर चौक क्षेत्र मे पटाखाक भंडारण सं आगि अथवा विस्फोट सन पैघ दुर्घटनाक आशंका बनल रहैत अछि। सवाल उठैत अछि जे जखन एहि इलाका मे वर्षो भरि पटाखाक कारोबार चलैत अछि तं नियमित जांच किएक नहि होइत अछि? मात्र दीपावली आ छठक समय प्रशासनिक सक्रियता बढ़ेनाइ पर्याप्त नहि अछि।स्थायी निगरानी जरूरीपटाखाक कारोबार मे लाइसेंस आ सुरक्षा मानकक पालन सुनिश्चित करब प्रशासनक जिम्मेदारी अछि।मात्र छापेमारी आ जब्ती सं समस्या समाप्त नहि होयत। जरूरी अछि जे रिहाइशी इलाका मे अवैधभंडारण पर रोक लगाओल जाय आ प्रशासन, अग्निशमन विभाग तथा संबंधित अधिकारी नियमितनिरीक्षण करथि। समय रहैत निगरानी व्यवस्था मजबूत कयल गेल तं संभावित अगिलग्गी आ विस्फोटसन दुर्घटना सं बचाव संभव अछि।

सहरसा मे बाल साहित्यक पहिल पुस्तक नवांकुरक लोकार्पण

बच्चा सबहक प्रतिभा कें भेटत मंच

सहरसा, समदिया



बच्चा सबहक साहित्यिक आ रचनात्मक प्रतिभाके प्रोत्साहित करबाक लेल शिक्षा विभाग अभिनव पहलकयने अछि। विभागक मार्गदर्शन मे जिलाक पहिल बाल साहित्यिक पुस्तक नवांकुरक लोकार्पण जिलाशिक्षा पदाधिकारी रोहित रौशन कयलनि। एहि पुस्तक मे जिलाक सभ प्रखंडक सरकारी आ निजी विद्यालय मे पढ़निहार बच्चासभक स्वरचित कविता, कहानी, गीत आ अन्य साहित्यिक रचनाके स्थान देल गेल अछि। एकर उद्देश्य बच्चासभक मौलिक प्रतिभाके पहचान देब आ हुनका अपन कल्पना, विचार आभावना व्यक्त करबाक अवसर उपलब्ध करायब अछि। पुस्तक मे बच्चासभक रचनाक माध्यम सं प्रकृति प्रेम, सामाजिक सरोकार, मानवीय संवेदना आ जीवनक विभिन्न अनुभवके सुंदर ढंग सं प्रस्तुत कयल गेलअछि।लोकार्पण समारोह मे जिला शिक्षा पदाधिकारी रोहित रौशन कहलनि जे प्रत्येक बच्चा मे कोनो ने कोनोविशेष प्रतिभा होइत अछि। शिक्षाक उद्देश्य मात्र परीक्षा मे नीक परिणाम हासिल करब नहि, बल्कि बच्चासभक सर्वांगीण विकास करब सेहो अछि। साहित्यिक गतिविधि सं बच्चा सभ मे कल्पनाशीलता, भाषा कौशल आ आत्मविश्वास बढ़ैत अछि। पुस्तकक संपादक उच्च विद्यालय, सहसौल के शिक्षक आनंद कुमार झा कहलनि जे नवांकुर बच्चासभके मात्र पाठक नहि, बल्कि साहित्य सृजनकर्ता बनेबाक प्रयासअछि। एहि पहलके निरंतर जारी रखबाक आ जिलाक बेसी सं बेसी विद्यालयक बच्चासभके एकरा सं जोड़बाक योजना अछि। एहि पहल सं बच्चासभके अपन रचनात्मक क्षमता प्रदर्शित करबाक अवसर भेटत आ जिला स्तर पर बाल साहित्यके नव आधार तैयार होयत।

सरस्वती विद्या निकेतन मे पुलिस आवासन आ परीक्षा केंद्र बनेबाक निर्देश पर रोक

शिक्षा विभागक सचिव डीएम के पत्र पठा आदर्श विद्यालयक व्यवस्था दुरुस्त करबाक देलनि निर्देश

सहरसा, समदिया



जिलाक सभ सरस्वती विद्या निकेतन (आदर्श विद्यालय) मे शैक्षणिक गतिविधिक सुचारू संचालन आविद्यार्थीक सुविधा सुनिश्चित करबाक लेल शिक्षा विभाग सख्त निर्देश जारी कयने अछि। विभागक सचिवराजीव रोशन जिला पदाधिकारी सभ के पत्र पठा निर्देशसभक दृढ़तापूर्वक अनुपालन करयबाक कहलनिअछि। एहि काज के उच्च प्राथमिकता देबाक निर्देश देल गेल अछि। जारी निर्देश मे कहल गेल अछि जेआदर्श विद्यालय सभ मे यथासंभव पुलिस बलक आवासन नहि कराओल जाय। जाहि विद्यालय मेलिपिक आ परिचारीक पद रिक्त अछि, ओतय नजदीकी विद्यालय मे कार्यरत लिपिक आ परिचारी के प्रतिनियुक्त कए व्यवस्था सुनिश्चित कयल जाय। एहि विद्यालय सभ के परीक्षा केंद्र बनयबा सं सेहोयथासंभव परहेज करबाक निर्देश देल गेल अछि। आवश्यक परिस्थिति मे जिला शिक्षा पदाधिकारीवैकल्पिक परीक्षा केंद्रक अनुशंसा कए सकैत छथि, जाहि सं विद्यालयक नियमित पढ़ाइ-लिखाइ प्रभावितनहि हो। सचिव विद्यालय सभ मे चेतना सत्रक समुचित संचालन आ ओहि दौरान वाद्ययंत्रक उचितउपयोग पर सेहो जोर देलनि। चेतना सत्रक नियमित अनुश्रवण लेल जिला पदाधिकारी द्वारा नामित पदाधिकारी के जिम्मेदारी देल जायत। निर्देश मे छात्रासभक 75 प्रतिशत उपस्थिति सुनिश्चित करबाक नियमक कड़ाई सं पालन करयबाक लेल कहल गेल अछि। संगहि, नवम कक्षा मे अनुत्तीर्ण छात्र-छात्रा सभ लेल विशेष कक्षाक व्यवस्था करबाक निर्देश देल गेल अछि, जाहि सं ओ सभ अपन पढ़ाइ मे सुधार कए सकथि। विभागक मानब अछि जे एहि व्यवस्थासभक प्रभावी क्रियान्वयन सं आदर्श विद्यालयक शैक्षणिकवातावरण नीक होयत आ विद्यार्थी सभ के गुणवत्तापूर्ण शिक्षा देबा मे सहायता भेटत। जिला शिक्षापदाधिकारी रोहित रोशन बतौलनि जे विभागीय आदेशक अनुरूप जिला मे आवश्यक काज कयल जा रहलअछि।

पुतई मे आदर्श नवयुवक संघक तीन दिवसीय नाट्य समारोह 12 नवंबर सं

58म वार्षिक अधिवेशन पर तीन नाटकक होयत मंचन

पुतई/तारडीह, समदिया



» मैथिली भाषा-संस्कृति आ सामाजिक चेतनाक देत संदेश

मिथिलालक सांस्कृतिक चेतना आ रंगमंचीय परंपरा कें समर्पित आदर्श नवयुवक संघ, पुतई अपन 58म वार्षिक अधिवेशनक अवसर पर 12 सं 14 नवंबर धरि तीन दिवसीय नाट्य समारोह आयोजित करत।बाड़ा चौक, पुतई स्थित संघक प्रांगण मे आयोजित एहि समारोह मे तीनटा नाटक कृष्णावतारम्, जागू हेमनुख आ हौ माधव मंचित होयत। खास बात जे तीनू नाटक संघक सदस्यसभक स्वलिखित रचना अछि।समाजसेवी सह भाजपा नेता अश्विनी कुमार सारंगी जानकारी देलनि जे समारोहक पहिल दिन 12 नवंबरकें मनीष आनंद सिंह रचित पौराणिक नाटक कृष्णावतारम् प्रस्तुत कयल जायत। एहि नाटक मे भगवानश्रीकृष्णक जन्म सं लए कए हुनकर जीवनलीला आ पृथ्वी सं प्रस्थान धरि के प्रसंग देखाओल जायत। 13 नवंबर कें गौतम कुमार चौधरी रचित मैथिली नाटक जागू हे मनुखक मंचन होयत। ई नाटक सामाजिकविसंगति आ मानवीय मूल्य पर आधारित अछि। आखरी दिन 14 नवंबर कें राधेश्याम पोद्दार रचित हौमाधव मंचित होयत, जाहि मे भक्ति, मित्रता आ आत्मीयताक भाव प्रस्तुत होयत।समारोहक तैयारीक क्रममे 7 अक्टूबर कें तीनू नाटकक पोस्टर जारी कयल गेल छल। 29 अक्टूबर कें संघक अध्यक्ष राधेश्याम पोद्दारक अध्यक्षता मे आयोजित कार्यक्रम मे नाट्य कुलगीत आ तीनू नाटकक गीत-संगीतक लोकार्पण कयल गेल। कुलगीतक रचना संघक संरक्षक गौतम कुमार चौधरी कयने छथि। बरख 1968 मे स्थापित संघ 2028 मे अपन 60म बरख पूरा करत। एहि अवसर पर डायमंड जुबली समारोह आयोजित करबाक तैयारी सेहो शुरू कयल जा रहल अछि। संघक सदस्य सभ नाट्य समारोह केसफल बनेबाक तैयारी मे जुटल छथि। संस्थाक दिस सं कला-साहित्य प्रेमी आ मैथिली अनुरागी सभ संसमारोह मे शामिल भए कलाकारसभक उत्साह बढ़ेबाक अपील कयल गेल अछि।

स्पीडी ट्रायल सं जुड़ल मामिलाक शीघ्र निष्पादन सुनिश्चित करी : डीएम

लंबित वादक धीमा निष्पादन आ कम दोषसिद्धि पर जतौलनि नाराजगी

सीतामढ़ी, समदिया



जिलाधिकारी तनय सुल्तानियाक अध्यक्षता मे समाहरणालय स्थित विमर्श कक्ष मे अभियोजन संबंधी समीक्षा बैसार आयोजित कयल गेल। बैसार मे पुलिस अधीक्षक अमित रंजन, विधि शाखाक प्रभारी पदाधिकारी, जिला अभियोजन पदाधिकारी, सहायक लोक अभियोजक, विशेष लोक अभियोजक, पुलिस पदाधिकारी आ अन्य विधि पदाधिकारी उपस्थित छलाह। बैसार मे स्पीडी ट्रायल आ सामान्य वादसभकप्रगतिक समीक्षा कयल गेल। लंबित मामिलाक निष्पादनक धीमा गति पर जिलाधिकारी नाराजगी व्यक्त कयलनि। ओ सभ अभियोजन आ पुलिस पदाधिकारी के आपसी समन्वय बना काज करबाक निर्देशदेलनि। स्पीडी ट्रायल सं जुड़ल सभ मामिलाक शीघ्र निष्पादन करबाक संग सामान्य वादसभक निष्पादनमे सेहो तेजी आनय लेल कहलनि। डीएम निर्देश देलनि जे प्रत्येक वाद मे राज्यक पक्ष मजबूती सं राखलजाय, जाहि सं दोषसिद्धिक संख्या बढ़ि सकय। कम दोषसिद्धि पर नाराजगी जतबैत ओ अभियोजनपदाधिकारी सभ के अपन कार्यप्रणाली मे सुधार अनबाक लेल कहलनि। ओ प्रत्येक न्यायालय मेदोषसिद्धि सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। निष्पादनक आखरी चरण मे पहुंचल मामिला मे गवाहसभक गवाही समय पर पूरा करबाक आ विचारण प्रक्रिया शीघ्र समाप्त करबाक निर्देश देल गेल। जाहि संन्यायालय द्वारा अभियुक्त सभ के समय पर सजा भेटि सकय। जिला लोक अभियोजन पदाधिकारी आअपर लोक अभियोजक सभ के सभ थानाध्यक्षक संग मासिक अभियोजन बैसार कए समीक्षा करबाक लेलकहल गेल। एहि दौरान न्यायालय मे प्रस्तुत केस डायरी आ आरोपपत्रक गुणवत्ता मे सुधार पर जोर देलगेल।बैसार मे पॉक्सो अधिनियम, एससी-एसटी अधिनियम, मद्य निषेध, एनडीपीएस आ उत्पाद अधिनियमसहित विभिन्न कानून सं जुड़ल मामिलाक अभियोजन आ अनुसंधान पर चर्चा भेल। हत्या, डकैती, दुष्कर्म आ शस्त्र अधिनियमक गंभीर मामिला सभ के प्राथमिकताक आधार पर समय पर निष्पादित करबाक निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे पीड़ित के त्वरित न्याय देबय सभक जिम्मेदारी अछि। एहि लेलसभ पदाधिकारी समयबद्ध कारबाइ सुनिश्चित करथि।

डीआइजी कयलनि सौरबजार थानाक निरीक्षण लंबित कांडक निष्पादन लेल देलनि लक्ष्य

सहरसा, समदिया



कोशी क्षेत्रक पुलिस उपमहानिरीक्षक डॉ. कुमार आशीष शुक्रदिन सहरसा जिलाक सौरबाजार थाना के निरीक्षण केलनि। एहि दौरान पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग आ सदर अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी पंकजकुमार सिंह सेहो उपस्थित छलाह। निरीक्षणक क्रम मे डीआइजी थाना मे संधारित विभिन्न पंजी आसंचिकाक समीक्षा केलनि। ओ थानाध्यक्ष सुबोध कुमार के निर्देश देलनि जे सभ पंजी आ संचिका केसुव्यवस्थित राखल जाय आ नियमित रूप सं अद्यतन कयल जाय।डीआइजी थाना मे लंबित कांडसभक समीक्षा करैत अगिला मास धरि ओकर निष्पादनक लक्ष्य निर्धारित केलनि। संगहि थाना मे पदस्थापित सभ अनुसंधानकर्ता कें प्रतिमाह कम-सं-कम 10 कांडक निष्पादनसुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे बहुत दिन सं लंबित शिकायतसभक निपटारा प्राथमिकताक आधार पर कयल जाय।निरीक्षणक दौरान डीआइजी थाना भवन आ अन्य पुलिस भवनक स्थिति सेहो देखलनि। ओ थाना परिसरके साफ-सुथरा आ व्यवस्थित रखबाक निर्देश देलनि। एहि क्रम मे थाना मे कार्यरत पुलिस पदाधिकारी आकर्मीसभक कार्यक समीक्षा कय आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। डीआइजी उपस्थित पुलिस पदाधिकारी सभके आम लोकक समस्या गंभीरता सं सुनबाक, हुनका सभक संग संवेदनशील व्यवहार करबाक आ शिकायतक त्वरित एवं उचित समाधान सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। ओ पुलिस कार्यप्रणाली केंप्रभावी बनेबाक, लंबित कांडक शीघ्र निष्पादन करबाक आ आम लोक के नीक पुलिस सेवा उपलब्ध करयबाक आवश्यकता पर विशेष जोर देलनि।

जलजमाव दूर करबाक लेल नगर निगम आ बुडको कें शीघ्र कारबाइक निर्देश

पुनौरा धाम मंदिर निर्माणक डीएम केलनि समीक्षा, समय-सीमा आ गुणवत्तापर देलनि जोर

सीतामढ़ी, समदिया



पुनौरा धाम मंदिर आ परिसरक समग्र विकास कार्य मे तेजी आनबाक लेल जिलाधिकारी तनय सुल्तानिया संबंधित अधिकारी आ निर्माण एजेंसीक प्रतिनिधिसभक संग समीक्षा बैसार केलनि। मंदिर परिसर स्थित सभाकक्ष मे आयोजित एहि बैसार मे रीगा विधायक बैद्यनाथ प्रसाद सेहो उपस्थित छलाह। एहि दौरानमंदिर निर्माण सहित परिसर मे चलि रहल विभिन्न विकास कार्यक प्रगतिक समीक्षा कयल गेल। निर्माण एजेंसी अहलूवालिया कॉन्ट्रैक्ट्स (इंडिया) लिमिटेडक प्रतिनिधि सभ जिलाधिकारी के कार्यक प्रगति संबंधी जानकारी देलनि। बैसार मे उपलब्ध मानव संसाधन, मशीनरी, निर्माण सामग्री, उपकरण आ अस्थायी निर्माण कार्यक स्थिति पर चर्चा भेल। संगहि सड़क नेटवर्क, संपर्क मार्ग आ परिसरक अन्य आधारभूत सुविधासभक समीक्षा कयल गेल। जिलाधिकारी निर्माण एजेंसी के निर्देश देलनि जे सभ काज निर्धारितसमय-सीमा के भीतर गुणवत्तापूर्ण ढंग सं पूरा कयल जाय। ओ एहि परियोजना के सरकारक प्राथमिकतावला महत्वपूर्ण योजना बतबैत निर्माण कार्यक नियमित निगरानी आ निरंतर प्रगति सुनिश्चितकरबाक लेल कहलनि। मंदिर परिसर मे जलजमावक समस्या पर गंभीरता देखबैत डीएम नगर निगम आ बुडकोक अधिकारी सभ के आवश्यक कारबाइ कए एकर शीघ्र समाधान करबाक निर्देश देलनि। ओ स्पष्ट कयलनि जे विकास कार्य मे अनावश्यक देरी नहि होयबाक चाही। बैसार मे विभिन्न विभागक अधिकारी आ अभियंता सभ कें आपसी समन्वय बना कए लंबित प्रक्रिया शीघ्र पूरा करबाक लेल कहल गेल, जाहि सं निर्माण कार्य निर्बाध रूप सं आगू बढ़ि सकय। बैठकक बाद जिलाधिकारी आ विधायक मंदिर निर्माण आ परिसर मे चलि रहल विकास कार्यक स्थलीय निरीक्षण सेहोकेलनि। एहि दौरान निर्माण एजेंसीक प्रतिनिधि सभ सं प्रगतिक जानकारी लैत आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। मौके पर उप विकास आयुक्त श्वेता भारती सहित अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह।

सिडनी मे तीन दिवसीय मिथिला महोत्सव आ दुर्गापूजाक आयोजन

मिथिला वेलकम्स महाशक्ति रहल मुख्य थीम

सिडनी/अररिया, समदिया



ऑस्ट्रेलियाक सिडनी स्थित क्वेकर्स हिल कम्युनिटी हॉल मे 17 सं 19 अक्टूबर धरि तीन दिवसीय मिथिला महोत्सव आ दुर्गापूजा 2026क आयोजन कयल गेल। मिथिला वेलकम्स महाशक्ति थीम पर आधारित एहि कार्यक्रम मे मैथिल परिवार, कलाकार, श्रद्धालु आ सामुदायिक प्रतिनिधि सभ एक मंच परजुटलाह। आयोजनक उद्देश्य विदेश मे रहि रहल नव पीढ़ीके अपन भाषा, संस्कृति आ परंपरा सं जोड़बछल। परसोनी, मधुबनी निवासी आ वर्तमान मे मिथिला सांस्कृतिक समाज ऑस्ट्रेलियाक अध्यक्ष आपब्लिक ऑफिसर शिशिरेंदु झा एहि आयोजनक नेतृत्व कयलनि। कार्यक्रमक उद्घाटन स्ट्रैथफील्डकनवनिर्वाचित भारतीय मूलकी पहिल महिला मेयर सैंडी रेड्डी दीप प्रज्वलित क कयलनि। एहि अवसर पर पार्षद समीर पांडे आ पार्षद मनिंदर सिंह सेहो उपस्थित छलाह। उद्योगपति अमित कुमार दास आ हिंदूफेडरेशन ऑफ ऑस्ट्रेलिया आयोजनके सहयोग देलक। महोत्सव मे मातृका पूजा, पुष्पांजलि, माता की चौकी,कन्या पूजन, हवन, विसर्जन आ सिंदूर खेला सहित विभिन्न धार्मिक अनुष्ठान संपन्न भेल। एकर बादसांस्कृतिक कार्यक्रमक अंतर्गत महाकवि कालिदासक नाटक, मैथिलानी खिओंछा, डांडिया, सामुदायिक भोज आ मिथिला हाटक आयोजन भेल। एहि कार्यक्रम मे भारत आ नेपाल मे पसरल मिथिला क्षेत्रक समृद्धसांस्कृतिक विरासत, लोकपरंपरा आ धार्मिक आस्थाक प्रदर्शन कयल गेल। मिथिला सांस्कृतिक समाजऑस्ट्रेलियाक अध्यक्ष शिशिरेंदु झा पत्राचारक माध्य मे कहलनि जे एहि आयोजनक मुख्य उद्देश्य ऑस्ट्रेलिया मे बढ़ि रहल नव पीढ़ीके मैथिली भाषा आ अपन पारंपरिक संस्कार सं जोड़ब अछि। ओ कार्यक्रमके सफल बनेबाक लेल स्वयंसेवक, प्रायोजक आ मैथिल समाजक सभ सदस्यक प्रति आभारव्यक्त कयलनि।विदेशी धरती पर एहन आयोजन मैथिल समाजके सांस्कृतिक पहचान अक्षुण्ण रखबाक संग नव पीढ़ी मेअपन मातृभाषा आ परंपराक प्रति लगाव बढ़ेबाक महत्वपूर्ण प्रयास अछि।

संबंधक बढ़ैत टीस आ मित्रताक फीस

क्षमा शर्मा

अंग्रेजी मे एकटा कहबी अछि - ए फ्रेंड इन नीड इज ए फ्रेंड इनडीड। अर्थात जे मित्र विपत्तिक समय काज अबैत अछि, सैह वास्तविक मित्र होइत अछि। दशक पहिने बनल फिल्म शोले तं अहां सभ देखबे केने होयब। एहि फिल्म मे अमिताभ बच्चन आ धर्मेंद्र पर फिल्माओल गेल एकटा गीत छल - ये दोस्ती हम नहीं छोड़ेंगे। एहन दोस्ती सेहो देखल गेल अछि, जे बाल्यावस्था सं जीवनक अंतिम पड़ाव धरि बनल रहैत अछि। महिला सभ मे सेहो सहेलीपन आ बहिनापाक परंपरा खूब रहल अछि। सावन मास मे जखन बेटी सासुर सं नैहर अबैत छलीह, तं सभ सं पहिने अपन नेनपनक सहेली कें तकैत छलीह। एहन दोस्तीक प्रभाव एहन होइत छल जे दुनू परिवारक बीचो आत्मीय संबंध बनि जाइत छल। मुदा आइ मित्रताक परिभाषा बदलि रहल अछि। एकर उदाहरण फेसबुक पर सहजहि देखल जा सकैत अछि। फेसबुक पर पांच हजार मित्र बनेबाक सीमा अछि। अर्थात पांच हजार मित्र पूरा भेला पर नव मित्रताक आग्रह स्वीकार नहि कयल जा सकैत अछि। जकर पांच हजार मित्र होथि, हुनकर प्रभावक अनुमान लगेनाइ कठिन नहि। कारण कहल जाइत अछि जे मित्र सं संसार चलैत अछि। मुदा ईहो संभव अछि जे ओहि पांच हजार मे एकोटा एहन नहि होथि, जिनका अहां व्यक्तिगत रूप सं जनैत होइ। मनुष्यक प्रत्यक्ष भेंट सं जे अपनापन, आत्मीयता आ भाईचारा उत्पन्न होइत अछि, से आभासी मित्रता मे कतय भेटत? सुख-दुःखक समय एहन मित्र सभ कतेक काज अबैत छथि, ईहो विचारणीय अछि। बेसी सं बेसी ओ ऑनलाइन लिखि देताह - बहुत अफसोस, रेस्ट इन पीस अथवा बहुत-बहुत बधाई। तकनीकक दुनियांक दोस्तीक स्वरूप एतबे धरि सीमित भए गेल अछि। दोसर दिस, पुरान मित्रता मे सेहो आब सहनशीलता घटैत जा रहल अछि। बरखो पुरान दोस्ती मामूली बात पर टूटि जाइत अछि। कतेको बेर विवाद एतेक बढ़ि जाइत अछि जे एक-दोसरक हत्या तक कए देल जाइत अछि। कहियो कोनो लड़की सं संबंध कें लए कए, तं कहियो खान-पान आ कहियो पाइक लेन-देन कें लए कए। किछुए दिन पहिने चिकेनक एकटा टुकड़ा कें लए कए दू मित्रक बीच एहन विवाद भेल जे एक मित्र दोसरक हत्या कए देलक। एकटा बीड़ी आ पांच सय टाका लेल सेहो मित्र द्वारा मित्रक हत्या कयल गेल। एतबे नहि, कतेको बेर लोक अपन मित्र कें घरक बुजुर्ग माता-पिताक देखभाल करबाक जिम्मेदारी दैत छथि। मित्र एहि विश्वासक लाभ उठबैत घर पहुंचैत अछि आ लूटपाट कय बुजुर्ग सभ कें घायल करैत अछि, कखनो हुनकर जान तक लए लैत अछि। लड़कीक बीचो एहन घटना सामने आबि रहल अछि। दू सहेली एक्के लड़का सं मित्रता रखैत छथि। मुदा जखन ओहि लड़का पर अपन अधिकार जमयबाक प्रतिस्पर्धा शुरू होइत अछि, तं एक सहेली दोसरक हत्या करय लेल सुपारी तक दए दैत अछि। कतेको बेर दू सहेली घुमय जाइत छथि आ एक सहेली दोसर कें खाइ मे धक्का दए दैत अछि। आखिर आपसी विश्वास एतेक कमजोर कोना भए गेल? लोक एतेक आक्रोशित किएक छथि जे छोट-छोट बात पर एक-दोसरक जान लेबाक लेल तैयार भए जाइत छथि? बदलैत समयक संग आब दोस्ती करयबाक लेल ऑनलाइन मंच सेहो सक्रिय भए गेल अछि। एतय लोक पूरा दिन अथवा किछु घंटाक लेल मित्र किराया पर लए सकैत छथि। एहि लेल घंटाक हिसाब सं पाइक भुगतान करय पड़ैत अछि। कतहु तीन सय तं कतहु पांच सय टाका प्रति घंटा देबाक व्यवस्था अछि। एहन मित्र बुक करय बला लोक कें पहिनहि बता देल जाइत अछि जे एहि संबंध मे भावनात्मक लगाव आ आत्मीय रिश्ताक कोनो जगह नहि होइत अछि। कतेको युवा कहैत छथि जे पुरान मित्र सभ आब समय नहि दैत छथि। फोन परो बात करबाक फुरसति नहि भेटैत अछि। कतेको लोक परिवार सं दूर दोसर शहर मे नौकरी करैत छथि। सहकर्मी सभक लग सेहो एतेक समय नहि रहैत अछि जे संग बैसि किछु समय बिता सकथि। एहन परिस्थिति मे किराया पर मित्र लेब हुनका नीक लगैत अछि। एहन मित्र संग घुमि सकैत छथि, भोजन कए सकैत छथि आ कॉफी पी सकैत छथि। भारत मे एहन किराया बला दोस्तीक चलन तेजी सं बढ़ि रहल अछि। कतेको युवा छुट्टीक दिन किराया पर मित्र बनि अतिरिक्त आमदनी करैत छथि। एहि तरहें हुनकर समयो बीतैत अछि आ कमाइयो होइत अछि। किछु युवा एहि माध्यम सं अपन वेतनक अतिरिक्त तीस-चालीस हजार टाका तक कमा रहल छथि। स्त्री-पुरुष सभ एहन मित्र किराया पर एहि लेल लैत छथि, जाहि सं अपन मनक पीड़ा आ परेशानी साझा कए सकथि। एक महिलाक कहब छलनि जे हुनकर पति नशाक आदी छथि, हुनका मारैत-पीटैत छथि आ संतान नहि होयबाक लेल ताना दैत छथि। एहन बात सुनबाक लेल हुनका घर-परिवार मे केओ उपलब्ध नहि अछि। कतेको युवा अपन पसंद सं विवाह करैत छथि। एहन अवसर पर समाज कें ई देखेबाक लेल जे विवाह मे नाते-रिश्तेदार सेहो उपस्थित छलाह, ओ किराया पर लड़का-लड़की बजा पति-पत्नीक रूप मे शामिल करैत छथि। बुजुर्ग सभ सेहो एहन मित्रक सेवा लए रहल छथि। हुनका एहन संग चाही जे हुनका संग समय बिताबथि, हुनकर बात सुनथि, फिल्म देखथि, हंसी-मजाक करथि आ जन्मदिन पर उपस्थित भए ह्यहैप्पी बर्थडेह्व गाबथि। एहन बुजुर्ग सभ मे कतेकोक संतान बाहर रहैत छथि। केकरो दू टा बेटी विवाहक बाद सासुर चलि गेलीह, तं केकरो बेटा अलग रहैत छथि। बुजुर्ग महिला सभ सेहो पुरुष मित्र किराया पर बजबैत छथि। हुनका संग बाजार जाइत छथि आ समारोह मे शामिल होइत छथि। आब तं गर्लफ्रेंड आ बॉयफ्रेंड सेहो किराया पर भेटैत छथि। जापान मे मनुष्य कें किराया पर उपलब्ध करयबाक कारोबार अर्थात ह्यूमन रेंटिंग एकटा पैघ उद्योग बनि गेल अछि। एहि प्रेरणा सं भारत सहित अन्य देशो मे एहन कारोबार पसरि रहल अछि। मुदा पुलिस एहन दोस्ती कें लए कए सावधान रहबाक चेतावनी दैत अछि। एहि मे धोखाधड़ी आ अपराधक शिकार होयबाक आशंका रहैत अछि। दोसर दिस, एहन मंच चलाबय बला संचालक सभक दावा अछि जे ओ सभ अपन संग काज करय बला लोकक आधार कार्ड आ पृष्ठभूमिक जांच करैत छथि तथा आपराधिक इतिहासक जानकारी लैत छथि। वस्तुतः समाज मे आबि रहल एहि बदलावक पाछू एकाकीपन एकटा पैघ कारण अछि। परिवार मे सदस्यक संख्या घटि रहल अछि। नाता-रिश्ताक आत्मीयता सेहो धीरे-धीरे समाप्त होइत जा रहल अछि। लोक एक-दोसरा सं दूर भए रहल छथि आ अपन सुख-दुःख कहबाक लेल सेहो केओ नहि भेटैत छथि। एहन परिस्थिति मे दोस्ती तक कारोबार बनैत जा रहल अछि। आब एहन उद्योग बढ़ि रहल अछि, जतय किछुओ निःशुल्क नहि भेटैत अछि। दुर्भाग्य ई जे आब आत्मीयता आ संबंधो पाइक मोल पर उपलब्ध होमय लागल अछि।

लड़कीक बीचो एहन घटना सामने आबि रहल अछि। दू सहेली एक्के लड़का सं मित्रता रखैत छथि। मुदा जखन ओहि लड़का पर अपन अधिकार जमयबाक प्रतिस्पर्धा शुरू होइत अछि, तं एक सहेली दोसरक हत्या करय लेल सुपारी तक दए दैत अछि। कतेको बेर दू सहेली घुमय जाइत छथि आ एक सहेली दोसर कें खाइ मे धक्का दए दैत अछि। आखिर आपसी विश्वास एतेक कमजोर कोना भए गेल? लोक एतेक आक्रोशित किएक छथि जे छोट-छोट बात पर एक-दोसरक जान लेबाक लेल तैयार भए जाइत छथि? बदलैत समयक संग आब दोस्ती करयबाक लेल ऑनलाइन मंच सेहो सक्रिय भए गेल अछि। एतय लोक पूरा दिन अथवा किछु घंटाक लेल मित्र किराया पर लए सकैत छथि। एहि लेल घंटाक हिसाब सं पाइक भुगतान करय पड़ैत अछि। कतहु तीन सय तं कतहु पांच सय टाका प्रति घंटा देबाक व्यवस्था अछि। एहन मित्र बुक करय बला लोक कें पहिनहि बता देल जाइत अछि जे एहि संबंध मे भावनात्मक लगाव आ आत्मीय रिश्ताक कोनो जगह नहि होइत अछि। कतेको युवा कहैत छथि जे पुरान मित्र सभ आब समय नहि दैत छथि। फोन परो बात करबाक फुरसति नहि भेटैत अछि। कतेको लोक परिवार सं दूर दोसर शहर मे नौकरी करैत छथि। सहकर्मी सभक लग सेहो एतेक समय नहि रहैत अछि जे संग बैसि किछु समय बिता सकथि। एहन परिस्थिति मे किराया पर मित्र लेब हुनका नीक लगैत अछि। एहन मित्र संग घुमि सकैत छथि, भोजन कए सकैत छथि आ कॉफी पी सकैत छथि। भारत मे एहन किराया बला दोस्तीक चलन तेजी सं बढ़ि रहल अछि। कतेको युवा छुट्टीक दिन किराया पर मित्र बनि अतिरिक्त आमदनी करैत छथि। एहि तरहें हुनकर समयो बीतैत अछि आ कमाइयो होइत अछि। किछु युवा एहि माध्यम सं अपन वेतनक अतिरिक्त तीस-चालीस हजार टाका तक कमा रहल छथि। स्त्री-पुरुष सभ एहन मित्र किराया पर एहि लेल लैत छथि, जाहि सं अपन मनक पीड़ा आ परेशानी साझा कए सकथि। एक महिलाक कहब छलनि जे हुनकर पति नशाक आदी छथि, हुनका मारैत-पीटैत छथि आ संतान नहि होयबाक लेल ताना दैत छथि। एहन बात सुनबाक लेल हुनका घर-परिवार मे केओ उपलब्ध नहि अछि। कतेको युवा अपन पसंद सं विवाह करैत छथि।

नागपुर आ वाराणसी मे भाजपा पराजित गढ़ मे हारि सं सत्तापक्षक चिंता बढ़ल

नीरज कुमार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी जखन सोशल मीडिया पर कांग्रेसक सीट संख्या पर कटाक्ष करैत पूछलनि जे आखिर कांग्रेस कें कतेक सीट भेटल, तकर किछुए समय बाद महाराष्ट्रक नागपुर मे कांग्रेस जीत दर्ज कए अपन खाता खोललक। एतबे नहि, प्रधानमंत्रीक संसदीय क्षेत्र वाराणसी मे सेहो भाजपा दुनू विधान परिषद सीट पर हारि गेल आ विपक्षी समाजवादी पार्टी जीत हासिल कयलक। एहि तरहें कांग्रेस पर कटाक्ष करबाक प्रयास मे भाजपा स्वयं राजनीतिक कटाक्षक निशाना बनि गेल। राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ (आरएसएस)क मुख्यालय नागपुर मे कांग्रेसक जीत आ मोदीक संसदीय क्षेत्र वाराणसी मे विपक्षी सफलता विधान परिषद चुनावक परिणाम कें नव राजनीतिक मोड़ दए देलक। चारि राज्यक विधान परिषद चुनावक परिणाम राष्ट्रीय राजनीति मे एकटा रोचक तस्वीर प्रस्तुत कयलक अछि। भाजपा नेतृत्ववला एनडीए कुल 28 सीट मे 16 पर जीत दर्ज कयलक, जखन कि कांग्रेस कें मात्र महाराष्ट्रक नागपुर स्नातक सीट पर सफलता भेटल। मुदा एहि परिणामक राजनीतिक महत्त्व मात्र सीट सभक कुल संख्या तक सीमित नहि अछि। महाराष्ट्रक नागपुर आ उत्तर प्रदेशक वाराणसी मे हार भाजपा लेल प्रतीकात्मक रूप सं महत्त्वपूर्ण क्षेत्र सभ मे संगठनात्मक प्रभाव पर सवाल ठाढ़ कयने अछि। महाराष्ट्रक नागपुर स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे कांग्रेसक अभिजीत वंजारी भाजपाक सुधाकर कोहले कें 3,271 मत सं पराजित कए सीट अपन कब्जा मे बनौने रखलनि। वंजारी कें 67,231 आ कोहले कें 63,960 मत भेटलनि। लगभग दू दिन धरि चलल मतगणना मे दोसर वरीयताक मत निर्णायक साबित भेल। एहि निर्वाचन क्षेत्रक महत्त्व एहि लेल बेसी अछि,



कारण नागपुर आरएसएसक मुख्यालय होयबाक संग मुख्यमंत्री देवेंद्र फडणवीस आ केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरीक गृहक्षेत्र सेहो अछि। गडकरी एहि स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक प्रतिनिधित्व बहुत दिन धरि कयने छलाह। भाजपा एहि बेर सेहो सीट वापस पयबाक लेल अभियान चलौने छल, मुदा कांग्रेसक लगातार दोसर जीत ई देखबैत अछि जे मजबूत वैचारिक आ संगठनात्मक आधारवला क्षेत्रो मे चुनावी जीत सुनिश्चित नहि रहैत अछि। कांग्रेस एहि जीत कें भाजपाक शुरूआती दावाक जवाबक रूप मे प्रस्तुत कयलक। महाराष्ट्र कांग्रेस मुख्यमंत्री फडणवीसक ओहि सोशल मीडिया पोस्ट पर कटाक्ष कयलक, जाहि मे ओ कांग्रेस कें शून्य सीट भेटबाक बात कहने छलाह। नागपुरक परिणाम अयलाक बाद पार्टी हुनकर पोस्ट हटाओल जेबाक बात पर सेहो निशाना साधलक। प्रदेश कांग्रेस अध्यक्ष हर्षवर्धन सपकाल एकरा भाजपाक राजनीतिक दावाक लेल पैघ झटका बतौलनि। दोसर दिस, उत्तर प्रदेशक चुनाव मे वाराणसीक परिणाम बेसी महत्त्वपूर्ण रहल। समाजवादी पार्टी वाराणसी शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं लाल बिहारी यादवक माध्यम सं अपन सीट बचौलक। एहि संग सपा प्रत्याशी आशुतोष सिन्हा वाराणसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं सेहो जीत हासिल कयलनि। एहि तरहें प्रधानमंत्री मोदीक संसदीय क्षेत्र सं जुड़ल दुनू विधान परिषद सीट भाजपा हारि गेल। पूरा उत्तर प्रदेश मे भाजपा कें 11 मे छह आ समाजवादी पार्टी कें पांच सीट भेटल। मुदा एहि परिणामक अर्थ ई नहि जे वाराणसीक सभ मतदाता भाजपाक विरोध मे मतदान कयलनि। शिक्षक आ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक मतदाता वर्ग सीमित आ विशिष्ट होइत अछि। तथापि, 2027क विधानसभा चुनाव सं पहिने वाराणसीक दुनू सीट पर हार सपा लेल राजनीतिक उत्साह बढ़यबाक आ भाजपाक लेल स्थानीय संगठनक समीक्षा करबाक अवसर अछि।

चीन आ अमेरिकाक दबाव सं अलग नव वैश्विक गठबंधनक अपील

ओंकार सिंह

चीन आ अमेरिकाक बढ़ैत आर्थिक दबदबा, व्यापारिक प्रतिबंध आ टैरिफक राजनीति बीच जर्मनी एकटा नव वैश्विक गठबंधन बनेबाक पक्ष मे आवाज उठौने अछि। बुध कें सिंगापुर सं जापान पहुंचल जर्मन चांसलर फ्रीडरिष मैर्त्स टोक्यो मे एकटा कारोबारी सम्मेलन कें संबोधित करैत कहलनि जे समान विचारधारा बला साझेदार देश सभक गठबंधन आर्थिक दादागिरी आ व्यापारिक दबावक मोकाबला करबाक सामर्थ्य रखैत अछि। अमेरिका आ चीनक नाम सीधा लेने बिना मैर्त्स कहलनि जे जं किछु देश वैश्विक व्यापार व्यवस्थाक नियम तोड़ैत अछि आ आर्थिक दादागिरी कें हथियार बनबैत अछि, तं एकजुट देश सभ आपसी तालमेल सं ओकर प्रतिरोध कए सकैत अछि। एहन गठबंधनक माध्यम सं साझा रणनीति बनाओल जा सकैत अछि आ एकजुट मोर्चा प्रस्तुत कयल जा सकैत अछि। हुनकर कहबाक आशय छल जे वैश्विक व्यापार आ अर्थव्यवस्था मे कोनो एक-दूटा शक्तिशाली देशक मनमानी नहि चलबाक चाही।

कतय सं आयल नव गठबंधनक विचार : जर्मन चांसलरक एहि प्रस्तावक पाछू कनाडाक प्रधानमंत्री मार्क कार्नीक विचारक प्रभाव देखल जा रहल अछि। एहि वर्ष जनवरी मे अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंपक नीति सं क्षुब्ध भए कार्नी मध्यम आर्थिक शक्ति बला देश सभ सं एकजुट होएबाक अपील कयने छलाह। हुनकर कहब छलनि जे एहन देश सभ मिलि आर्थिक महाशक्ति सभक दबावक सामना कए सकैत अछि। अमेरिकाक संग सीमा साझा करय बला कनाडा ट्रंपक टैरिफ नीति, सार्वजनिक टिप्पणी आ साझा झील सभक नाम बदलबाक प्रयास सं बिगड़ल रहल अछि। कनाडा अपन असहमति जतौलक, मुदा अमेरिकी राष्ट्रपतिक रुख मे विशेष बदलाव नहि आयल। एकर बाद कार्नी अन्य देश सभक संग आर्थिक आ कूटनीतिक संबंध मजबूत करबाक दिशा मे सक्रिय भेलाह। पछिला किछु मास मे यूरोप सेहो एहि रणनीतिक बाट पर बढ़ैत देखाइत अछि। टोक्यो मे मैर्त्स कार्नीक जनवरी मासक



भाषणक एकटा महत्वपूर्ण पंक्ति दोहरौलनि। ओ कहलनि जे जं हम सभ मिलि काज करब तं ई सवाल नहि उठत जे हम भोजनक मेनू पर छी वा भोजनक मेज पर बैसल छी। एहि कथनक माध्यम सं ओ स्पष्ट कयलनि जे छोट आ मध्यम शक्ति बला देश सभ कें वैश्विक निर्णय प्रक्रिया मे अपन हिस्सेदारी सुनिश्चित करबाक लेल एकजुट होयबाक आवश्यकता अछि। यूरोपक सभ सं पैघ अर्थव्यवस्था जर्मनी आ एशियाक प्रमुख अर्थव्यवस्था जापानक इतिहास आ आर्थिक विकासक यात्रा मे बहुत समानता रहल अछि। 1945 मे दोसर विश्वयुद्ध समाप्त होइत-होइत दुनू देश युद्धक विभीषिका सं तहस-नहस भए गेल छल। मुदा अमेरिका आ पश्चिमी देश सभक सहयोग सं दुनू देश फेर औद्योगिक विकासक बाट पर आगू बढ़ल। किछुए दशक मे दुनू देश आविष्कार, आधुनिक तकनीक आ निर्माण उद्योगक प्रमुख केंद्र बनि गेल। दोसर विश्वयुद्धक बाद अपन सैन्य शक्ति सीमित रखबाक बावजूद दुनू देश आर्थिक रूप सं अत्यंत शक्तिशाली बनल। मुदा आब वैश्विक परिस्थिति बदलि गेल अछि। सस्ता श्रम आ विशाल बाजारक कारण चीन मे भेल विदेशी निवेश ओकरा उद्योग, तकनीक आ निर्माण क्षेत्रक वैश्विक शक्ति बना देलक। जे क्षेत्र कहियो जर्मनी आ जापानक आर्थिक सामर्थ्यक आधार छल, ओहि क्षेत्र सभ मे चीन तेजी सं अपन पकड़ मजबूत कय लेने अछि। चीन अपन आर्थिक समृद्धिक एकटा पैघ हिस्सा सैन्य शक्ति आधुनिक बनेबाक दिशा मे खर्च कयने अछि। एकर परिणामस्वरूप जापान सहित दक्षिण-पूर्वी एशियाक कतेको पड़ोसी देश ओकर सैन्य दबाव महसूस कए रहल अछि। दोसर दिस, दोबारा अमेरिकी राष्ट्रपति बनलाक बाद डोनाल्ड ट्रंपक नीतिगत निर्णय सेहो जर्मनी आ जापान सन अमेरिकाक निकट सहयोगी देश सभ कें असमंजस मे दए देने अछि। चीनक बढ़ैत शक्ति आ अमेरिकाक बदलैत तथा अप्रत्याशित समर्थनक बीच 2026 मे दुनू देश नव चुनौतीक सामना कए रहल अछि। जापान कें चीन सं सामरिक खतरा बेसी देखाइत अछि, जखन कि जर्मनी रूसक गतिविधि आ विस्तारवादी नीति सं चिंतित अछि। एहि बदलैत परिस्थिति मे दोसर विश्वयुद्धक बाद पहिल बेर दुनू देश अपन सैन्य शक्ति बढ़ेबाक आ सेना के आधुनिक बनेबाक दिशा मे गंभीर प्रयास शुरू कयने अछि।

चीनक आर्थिक नीति सं जर्मनी आ यूरोप चिंतित : जर्मनी चीन कें एक दिस पैघ व्यापारिक साझेदार आ दोसर दिस सामरिक प्रतिद्वंद्वी मानैत अछि। चीन जर्मनीक सभ सं पैघ व्यापारिक साझेदार रहल अछि। मुदा 2026 मे चीनक संग व्यापार जर्मनी लेल फेर घाटाक सौदा साबित भेल अछि। जर्मनी आ पश्चिमी देश सभक आरोप अछि जे चीन अपन सरकारी कंपनी सभ कें भारी आर्थिक सहायता दैत अछि। एहि कारणें चीनी उत्पाद कम दाम पर बाजार मे उपलब्ध होइत अछि आ दोसर देशक कंपनी सभ ओकरा टक्कर देबा मे असमर्थ भए जाइत अछि।

महिला कैदीक बच्चाक शिक्षा, स्वास्थ्य आ सम्मान लेल एनएचआरसीक निर्णायक पहल

कशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक स्तर पर भारत मे नारी कें शक्ति, ममता, त्याग आ सृजनक प्रतीक मानल जाइत अछि। आधुनिक भारतक आर्थिक प्रगति, डिजिटल क्रांति, प्रशासन, विज्ञान, शिक्षा आ सामाजिक परिवर्तन मे महिलाक भूमिका निरंतर मजबूत भेल अछि। मुदा, आइयो हमर व्यवस्था आगू एकटा पैघ सवाल ठाढ़ अछि। जखन कोनो महिला जेलक सलाखीक पाछां पहुंचैत छथि, तं की हुनका संग हुनकर मानवीय गरिमा, स्वास्थ्य, मातृत्व आ सम्मानक अधिकार सेहो कैद भए जाइत अछि? की अपराधक सजा भुगतबाक अर्थ ई अछि जे महिला स्वच्छ शौचालय, मासिक धर्मक समय आवश्यक सुविधा, पर्याप्त भोजन, स्वास्थ्य सेवा आ अपन बच्चाक सुरक्षित भविष्य सन बुनियादी सुविधा सं वंचित रहथि? एहि गंभीर सवालक बीच राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग (एनएचआरसी) 28 अक्टूबर 2026 कें महिला कैदी आ हुनकर बच्चासभक मानवाधिकारक संरक्षण पर एकटा महत्त्वपूर्ण परामर्श जारी कयलक अछि। आयोग नौ केंद्रीय मंत्रालय आ सभ राज्य तथा केंद्रशासित प्रदेशक संबंधित वरिष्ठ अधिकारी सभ सं अपन सिफारिश पर कारबाइ करबाक आ दू मासक भीतर कारबाइ रिपोर्ट देबाक आग्रह कयने अछि। ई पहल मात्र जेलक भौतिक सुविधाक सवाल नहि, बल्कि न्याय, संवैधानिक गरिमा, महिला सशक्तीकरण आ बाल अधिकारक कसौटी सेहो अछि।

सजाक संग मानवीय गरिमा सेहो छिनबाक चाही?

जेलक उद्देश्य कानूनक अनुसार दंड देब, समाजक सुरक्षा करब आ संभव हो तं बंदी कें सुधार तथा पुनर्वासक अवसर देब अछि। मुदा जं कोनो महिला अस्वच्छ शौचालय, पानिक कमी, मासिक धर्मक समय स्वच्छता सामग्रीक अभाव, पौष्टिक भोजनक कमी आ मानसिक स्वास्थ्य सेवा सं वंचित रहैत छथि, तं ई व्यवस्था लेल गंभीर चुनौती अछि। गर्भावस्था, प्रसव, स्तनपान, मासिक धर्म, प्रजनन स्वास्थ्य आ बच्चाक देखभाल महिला कैदीक विशेष आवश्यकता अछि। एहि आवश्यकताक उपेक्षा हुनकर स्वास्थ्य, सुरक्षा आ सम्मानक अधिकार कें प्रभावित करैत अछि। जेल सं बाहर अयलाक बादो कतेको महिला कें रोजगार, पारिवारिक स्वीकार्यता आ सामाजिक संबंध फेर सं बनेबाक कठिनाइ होइत छनि। तें सुधारक प्रक्रिया जेलक चारदीवारी तक सीमित नहि रहबाक चाही, बल्कि रिहाईक बादक जीवन धरि पहुंचबाक चाही।

एनएचआरसी पहिने सेहो उठौने छल सवाल

महिला कैदीक समस्या पर एनएचआरसी पहिल बेर ध्यान नहि देने अछि। आयोगक आधिकारिक विज्ञप्ति अनुसार, 8 अप्रैल



2025 कें देशक विभिन्न जेल मे बंद कैदी, विशेष रूप सं महिला कैदी आ हुनकर बच्चासभक कठिनाइ पर स्वतः संज्ञान लेल गेल छल। ओहि समय जेल मे क्षमता सं बेसी कैदी, बुनियादी सुविधा आ स्वास्थ्य सेवाक कमी, अपर्याप्त शौचालय, सैनिटरी नैपकिन आ स्वच्छ पेयजल उपलब्ध नहि रहबाक समस्या उठाओल गेल छल। गर्भवती महिला आ स्तनपान करयवाली माताक कुपोषण, बच्चासभक शिक्षा, कानूनी सहायता, कौशल प्रशिक्षण आ पुनर्वास कार्यक्रमक कमी पर सेहो चिंता जताओल गेल छल। आयोग राज्य आ केंद्रशासित प्रदेशक मुख्य सचिव सभ सं संबंधित आंकड़ा सहित चारि सप्ताह मे रिपोर्ट मंगने छल। एहि पृष्ठभूमि मे 28 अक्टूबर 2026क परामर्श एकटा व्यापक नीतिगत पहल अछि। एतय ई स्पष्ट राखब जरूरी अछि जे 28 अक्टूबरक प्रेस विज्ञप्ति परामर्श जारी करबाक सूचना दैत अछि। आयोगक आधिकारिक वेबसाइट पर परामर्शक तिथि 23 अक्टूबर 2026 दर्ज अछि। तें एकरा न्यायालयक बाध्यकारी आदेश नहि, बल्कि सुधार संबंधी सिफारिश सभ बला आधिकारिक परामर्श कहब उचित होयत।

मंत्रालय आ राज्य सभ पर जवाबदेही

एनएचआरसी ई परामर्श नौ केंद्रीय मंत्रालय, सभ राज्य आ केंद्रशासित प्रदेशक मुख्य सचिव अथवा प्रशासक तथा संबंधित पुलिस महानिदेशक सभ कें पठौने अछि। आयोग संबंधित अधिकारी सभ सं दू मासक भीतर कारबाइ रिपोर्ट (एक्शन टेकन रिपोर्ट) देबाक आग्रह कयने अछि। एहि समय-सीमाक उद्देश्य सिफारिशसभक क्रियान्वयनक प्रगतिक जानकारी प्राप्त करब अछि। मुदा रिपोर्ट मंगेनाइ आ सिफारिश लागू भेनाइ दुनू अलग-अलग बात अछि। असली परीक्षा तखन होयत जखन जेल सभ मे स्वच्छ शौचालय, पर्याप्त सैनिटरी नैपकिन, पौष्टिक भोजन, मातृ-शिशु स्वास्थ्य सेवा, बच्चासभक शिक्षा आ कानूनी सहायताक सुविधा जमीन पर देखाइत।

जेल गरिमा कें कैद नहि कए सकैत अछि

समग्र रूपें देखल जाय तं महिला सशक्तीकरणक अर्थ मात्र शिक्षा, रोजगार, राजनीति आ डिजिटल अर्थव्यवस्था मे महिला कें आगू बढ़ेनाइ नहि अछि। एकर वास्तविक अर्थ ओहि महिलासभक अधिकारक रक्षा सेहो अछि, जे जेल मे बंद छथि आ सामाजिक जीवन सं दूर रहबाक कारण जिनकर आवाज कमजोर पड़ि जाइत अछि। कानूनक अनुसार सजा भुगतयवाली महिला सेहो स्वास्थ्य, स्वच्छता, सुरक्षा, सम्मान आ न्यायपूर्ण व्यवहारक अधिकारिणी छथि। हुनका संग रहयवला बच्चा सभ तं कोनो अपराधक दोषी नहि होइत छथि। माय जेल मे छथि, एहि कारण हुनका उपेक्षा, असुरक्षा आ अनिश्चित भविष्यक बोझ नहि उठाबय पड़बाक चाही। एनएचआरसीक ई परामर्श एहि दिशा मे महत्त्वपूर्ण पहल अछि। आब आवश्यकता अछि सिफारिशसभक प्रभावी क्रियान्वयन आ नियमित निगरानीक। जेल मात्र सजा भुगतबाक स्थान नहि, बल्कि सुधार, पुनर्वास आ मानवीय गरिमाक रक्षा केंद्र सेहो होयबाक चाही। कारण, कोनो सभ्य समाजक पहचान एहि बात सं होइत अछि जे ओ अपन हिरासत मे रहयवला सभ सं कमजोर व्यक्तिक अधिकारक रक्षा कतेक ईमानदारी सं करैत अछि।

महाराष्ट्र विधान परिषद चुनाव मे महायुतिक हारबाक की रहल कारण?

महाराष्ट्र विधान परिषदक 5 शिक्षक आ स्नातक सीट पर भेल चुनावक नतीजा सत्ताधारी महायुति गठबंधन लेल पैघ झटका साबित भेल अछि। भाजपा, उपमुख्यमंत्री एकनाथ शिंदेक शिवसेना आ सुनेत्रा पवारक राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (एनसीपी) एकजुट भए चुनाव लड़ने छल, मुदा गठबंधन के मात्र 2 सीट भेटल, जखनकि 3 सीट पर हारक सामना करय पड़ल। चुनावी नतीजा सामने अयलाक बाद महायुति मे आपसी आरोप-प्रत्यारोप तेज भए गेल अछि। एहि चुनाव मे सबसें पैघ झटका नागपुर मे लागल, जे भारतीय जनता पार्टी आ राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ (आरएसएस) के मजबूत गढ़ मानल जाइत अछि। एतय कांग्रेस उम्मीदवार अभिजीत वंजारी भाजपा उम्मीदवार सुधाकर कोहले के हरा देलनि। महाराष्ट्र सहित 4 राज्यक 28 विधान परिषद सीट पर भेल चुनाव मे कांग्रेस के मात्र नागपुरक सीट पर जीत भेटल। अभिजीत वंजारीक जीत कांग्रेस के खाता नहि खुलबाक स्थिति सं बचा लेलक। महायुति मे शामिल दलसभक बीच तालमेलक कमी, टिकट बंटवाराक नाराजगी आ दोसर दलक उम्मीदवारक पक्ष मे प्रचार करबाक आरोप एहि हारक प्रमुख कारण बनल। भाजपा नेता एहि लेल शिवसेना पर सेहो आरोप लगौलनि। सवाल अछि जे सत्ता मे रहितो महायुति के हार किएक भेल आ आरएसएस, मुख्यमंत्री देवेंद्र फडणवीस आ केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरीक गढ़ नागपुर मे कांग्रेस कोना जीत दर्ज कयलक?

भाजपा आ शिवसेनाक बीच आपसी कलह

महाराष्ट्र विधान परिषद चुनाव मे महायुति के हारक एकटा प्रमुख कारण भाजपा आ शिवसेना के बीच आपसी मतभेद रहल। पुणे विभाग शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे महायुति के अधिकृत उम्मीदवार कौस्तुभ गावडे छलाह। मुदा शिवसेना आखरी समय मे सचिन सानप के समर्थन दए देलक। हालांकि, एहि सीट पर भाजपा जीत हासिल कयलक, मुदा दुनू दलक बीच तालमेलक कमी के असर पुणे विभागक स्नातक सीट पर पड़ल। एतय भाजपा उम्मीदवार स्मिता जाधव के राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (शरदचंद्र पवार) के हर्षदा देशमुख-जाधवक हाथे हारक सामना करय पड़ल। एहि घटनाक्रम सं स्पष्ट भेल जे गठबंधनक भीतर उम्मीदवार आ समर्थन के लए एकमत नहि छल।

शिवसेना पर भाजपाक संग नहि देबाक आरोप

भाजपा प्रवक्ता नवनाथ बन बृहस्पति कें सोशल मीडिया मंच एक्स पर पोस्ट कए आरोप लगौलनि जे विधान परिषद चुनाव मे शिवसेना पुणे आ नागपुर मे भाजपा आ महायुति के साथ नहि देलक। हुनकर आरोप छल जे एकटा सीट हासिल करबाक लालसा मे शिवसेना गठबंधन धर्मक पालन नहि केलक, जाहि कारण महायुति के नोकसान उठाबय पड़ल। भाजपा के एहि आरोप सं गठबंधनक भीतर बढ़ैत अविश्वास आ आपसी खींचतान सामने आएल। छत्रपति संभाजीनगर मे महायुति दिस सं सुनेत्रा



पवारक नेतृत्वबला राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी के सतीष चव्हाण उम्मीदवार छलाह। ओतहि विपक्षी महाविकास आघाड़ी दिस सं शरद पवारक नेतृत्वबला राष्ट्रवादी कांग्रेस पार्टी (शरदचंद्र पवार) के डॉ. प्रतापसिंह पाटील चुनाव लड़ि रहल छलाह। भाजपाक आरोप अछि जे महायुति गठबंधन मे शामिल रहबाक बावजूद एकनाथ शिंदेक शिवसेना के नेता अब्दुल सत्तार महायुति उम्मीदवार सतीष चव्हाणक विरुद्ध प्रचार कयलनि। भाजपा मानैत अछि जे एहि कारण गठबंधनक उम्मीदवार के नोकसान उठाबय पड़ल। एहि सीट पर एनसीपी उम्मीदवार सतीष चव्हाण के हार भेल। ई घटनाक्रम गठबंधनक भीतर आपसी समन्वयक कमी आ सहयोगी दलसभक बीच राजनीतिक प्रतिस्पर्धा के उजागर करैत अछि। नागपुर मे भाजपा कें हारि एहि चुनावक सब सं चर्चित परिणाम रहल। नागपुर मुख्यमंत्री देवेंद्र फड़णवीस, केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी आ राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघक प्रमुख राजनीतिक-सामाजिक प्रभावबला क्षेत्र मानल जाइत अछि।

आरएसएस आ फडणवीसक गढ़ मे कोना जीतल कांग्रेस?

एहन मजबूत गढ़ मे कांग्रेसक जीत भाजपा लेल पैघ झटका बनल। चुनाव प्रचारक दौरान प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी सहित भाजपा आ सत्ताधारी पक्षक नेता महाराष्ट्र समेत 4 राज्यक 28 विधान परिषद सीट पर कांग्रेस के एको सीट नहि जीतबाक आशंका के लए विपक्ष पर निशाना साधि रहल छलाह। मुदा आखरी चरण मे नागपुरक नतीजा कांग्रेसक पक्ष मे चलि गेल आ अभिजीत वंजारी जीत हासिल कयलनि। अपन मजबूत राजनीतिक आधारबला क्षेत्र मे हार भाजपा लेल आत्ममंथनक विषय बनि गेल अछि। एहि परिणाम सं ई सवाल सेहो उठल अछि जे स्थानीय स्तर पर संगठन, उम्मीदवार चयन आ मतदाता सभक बीच तालमेल मे कतय कमी रहि गेल।

नागपुर मे अनिल सोलेक बगावत सं भाजपा कें नोकसान

नागपुर मे टिकट बंटवारा सेहो भाजपा लेल समस्या बनल। मुख्यमंत्री देवेंद्र फडणवीस, केंद्रीय मंत्री नितिन गडकरी आ आरएसएसक मजबूत प्रभाव रहितो पार्टीक भीतर उम्मीदवार चयन पर एकमत नहि बनि सकल। भाजपा नेता अनिल सोले के उम्मीद छलनि जे पार्टी हुनका टिकट देत। मुदा भाजपा सुधाकर कोहले के उम्मीदवार बना देलक। टिकट नहि भेटलाक बाद नाराज अनिल सोले निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे नामांकन दाखिल कए देलनि। भाजपा हुनका मनाबय के प्रयास केलक, मुदा नामांकन वापस लेबाक आखिरी तिथि धरि पार्टी सफल नहि भेल। बाद मे अनिल सोले भाजपा उम्मीदवार सुधाकर कोहले के समर्थन देबाक घोषणा कयलनि। मुदा एहि समर्थन सं भाजपा के अपेक्षित लाभ नहि भेटल। बैलेट पर अनिल सोलेक नाम रहबाक कारण हुनकर समर्थक सभ मे संकतेको लोक सुधाकर कोहले के बदला अनिल सोले के वोट देलनि। एहि कारण भाजपा के वोट बंटि गेल आ ओकरा नोकसान उठाबय पड़ल। ई घटनाक्रम देखबैत अछि जे पार्टीक भीतर टिकट बंटवारा सं उपजल असंतोष चुनावी नतीजा पर सीधा असर डालि सकैत अछि।

नितेश कराले कें सेकेंड प्रेफरेंस वोट बनल निर्णायक

नागपुर मे कांग्रेसक जीत लेल भाजपा निर्दलीय उम्मीदवार नितेश कराले के सेकेंड प्रेफरेंस वोट के जिम्मेदार ठहरौलक। मंत्री नितेश राणे आरोप लगौलनि जे कांग्रेस कराले गुरुजी के दोसर प्राथमिकताबला वोटक आधार पर जीत हासिल कयलक। नितेश कराले पहिने शरद पवार गुट सं जुड़ल छलाह। मुदा नागपुर मे कांग्रेस उम्मीदवार उतारने रहबाक कारण हुनका टिकट नहि भेटल। एकर बाद ओ निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे चुनाव लड़लनि। नागपुर विभाग स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक मतगणना मे निर्दलीय उम्मीदवार नितेश कराले के एलिमिनेशन यानी दौड़ सं बाहर भेलाक बाद हुनका भेटल कुल 10,953 सेकेंड प्रेफरेंस वोट दुनू प्रमुख उम्मीदवारक बीच बंटल। एहि मे कांग्रेस उम्मीदवार अभिजीत वंजारी के 8,727 वोट भेटल, जखनकि भाजपा उम्मीदवार सुधाकर कोहले के मात्र 2,226 वोट भेटल। वोटक एहि भेद कांग्रेसक जीत मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलक। भाजपा लेल ई परिणाम एहि बातक संकेत रहल जे बहुकोणीय मोकाबला आ प्राथमिकताक आधार पर होयबला मतगणना मे निर्दलीय उम्मीदवारक वोट सेहो निर्णायक साबित भए सकैत अछि।

महायुति लेल राजनीतिक सबक

महाराष्ट्र विधान परिषद चुनावक नतीजा महायुति गठबंधनक भीतरक मतभेद, उम्मीदवार चयन मे असंतोष आ सहयोगी दलसभक बीच तालमेलक कमी के सामने अनलक अछि। गठबंधन के 5 सीट मे सं मात्र 2 सीट भेटब आ नागपुर जेकां मजबूत गढ़ मे हारब भाजपा लेल गंभीर राजनीतिक चुनौती अछि। पुणे मे उम्मीदवारक समर्थन के लए मतभेद, छत्रपति संभाजीनगर मे सहयोगी दलक नेता पर विरोधी प्रचारक आरोप, नागपुर मे अनिल सोलेक बगावत आ सेकेंड प्रेफरेंस वोटक बंटवारा-ई सभ कारण मिलि कए महायुति के नोकसान पहुंचौलक। एहि चुनावक नतीजा ईहो देखबैत अछि जे राजनीतिक गठबंधन मात्र सीट बंटवारा आ साझा प्रचार तक सीमित रहला सं सफल नहि होइत अछि। स्थानीय संगठन, उम्मीदवारक स्वीकार्यता, सहयोगी दलसभक बीच भरोसा आ मतदाता सभ धरि पहुंच बनायब सेहो ओतबे जरूरी अछि।

पंजाब मे बीजेपी आ अकाली दलक गठबंधन पर बातचीत सीट बंटवारा धरि पहुंचल

पंजाब मे अगिला साल होबय बला विधानसभा चुनाव सं पहिने बीजेपी आ अकाली दलक बीच गठबंधन के लए चर्चाक बाजार गरम अछि। एहि बीच गठबंधन के लए एकटा पैघ अपडेट सामने आएल अछि। सूत्रक अनुसार, बीजेपी आ अकाली दलक बीच गठबंधन के लए बातचीत जारी अछि। एहि बातचीत मे सीट बंटवाराक संग-संग अकाली दल सं अलग भेल गुट अकाली दल (पुनर सुरजीत) के सेहो गठबंधन मे शामिल करबाक बात सामने आएल अछि। सूत्रक कहब अछि जे जं दुनू पार्टीक बीच गठबंधन होइत अछि, तं बीजेपी के आगामी विधानसभा चुनाव मे करीब 45 सीट भेटि सकैत अछि। पिछला गठबंधनक दौरान बीजेपी के मात्र 23 सीट भेटल छल। हालांकि, गठबंधन आ सीट बंटवारा के लए एखन धरि आखरी सहमति नहि बनल अछि। अकाली दल गठबंधन मे अपन वरिष्ठ सहयोगी के भूमिका बरकरार राखय चाहैत अछि अकाली दल बेसी सीट देबाक प्रस्तावक बावजूद गठबंधन मे अपन भूमिका के लए स्पष्ट अछि। ओ गठबंधनक 'वरिष्ठ सहयोगी' बनल रहय चाहैत अछि। एहन स्थिति मे दुनू दलक बीच सीट बंटवाराक संग राजनीतिक नेतृत्व आ गठबंधन मे



हिस्सेदारीक सवाल सेहो महत्वपूर्ण रहत। एकर अतिरिक्त, बीजेपी आ अकाली दलक बीच बातचीतक दोसर महत्वपूर्ण मुद्दा अकाली दल (पुनर सुरजीत) गुट के गठबंधन मे शामिल करब अछि। बीजेपीक किछु शीर्ष नेता एहि गुट के प्रस्तावित गठबंधनक हिस्सा बनेबाक पक्ष मे बताओल जा रहल छथि। मुदा अकाली दल एहि गुट के सीट देबाक सवाल पर हिचकिचा रहल अछि।

1996 सं 2020 धरि संग रहल दुनू दल

अकाली दल रहत पैघ भाइ कें भूमिका मे : सूत्रक अनुसार, संभावित गठबंधन मे अकाली दल पैघ भाइ के भूमिका मे रहत। जं गठबंधन चुनाव जीतैत अछि, तं मुख्यमंत्री पद पर सेहो अकाली दलक मजबूत दावा रहि सकैत अछि। दोसर दिस, बीजेपी ओहि सीट सभ पर बेसी जोर दए रहल अछि, जतय पिछला चुनाव सभ मे ओकर प्रदर्शन नीक रहल छल। हालहि केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाहक पंजाब मे एनडीएक सरकार बनेबाक संबंध मे देल गेल बयानक बाद गठबंधनक चर्चाक बल आओर बढ़ि गेल अछि। एखन धरि बीजेपी नेता पंजाब मे अपन पार्टीक सरकार बनेबाक दावा करैत रहल छथि। एनडीए सरकारक चर्चा के दुनू दलक संभावित एकजुटताक संकेत मानल जा रहल अछि। सूत्रक अनुसार, बीजेपीक आंतरिक आकलन मे सेहो ई बात सामने आएल अछि जे अकाली दलक संग मिलि चुनाव लड़ला सं गठबंधनक स्थिति मजबूत भए सकैत अछि। हालांकि, 80 सं बेसी सीट जीतबाक दावा बीजेपीक आंतरिक आकलन पर आधारित अछि। एकरा चुनावी नतीजा वा स्वतंत्र अनुमान नहि मानल जा सकैत अछि।

वोटक गणित किएक महत्वपूर्ण? : दुनू दलक एकजुट होयबाक पाछू हुनका सभक वोट बैंक आ क्षेत्रीय पकड़ के महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। 2024 के लोकसभा चुनाव मे बीजेपी के पंजाब मे करीब 25 लाख वोट अर्थात 18.56 प्रतिशत वोट भेटल छल। ओतहि अकाली दल के लगभग 18 लाख वोट अर्थात 13.42 प्रतिशत वोट भेटल छल। दुनू दलक वोट जोड़ला पर ई आंकड़ा करीब 43 लाख आ कुल वोट प्रतिशत लगभग 32 प्रतिशत होइत अछि। 2022 के विधानसभा चुनाव मे अकाली दल के करीब 28.61 लाख वोट अर्थात 18.38 प्रतिशत वोट भेटल छल। बीजेपी आ ओकर सहयोगी दल सभ के लगभग 12 लाख वोट अर्थात 8 प्रतिशत वोट भेटल छल। दुनू दलक संयुक्त आंकड़ा करीब 40 सं 41 लाख वोट धरि पहुंचैत अछि। दोसर दिस, 2022 के विधानसभा चुनाव मे आम आदमी पार्टी (आप) 42 प्रतिशत वोट हासिल कए 92 सीट जीतने छल। कांग्रेस के 22.98 प्रतिशत वोट भेटल छल। ओतहि 2024 के लोकसभा चुनाव मे पंजाब मे आपक वोट प्रतिशत घटि कए 26.30 प्रतिशत रहि गेल, जखनकि कांग्रेस के 26.02 प्रतिशत वोट भेटल। बीजेपी नेतासभक मानब अछि जे वोटक बदलैत समीकरण मे अकाली दलक संग गठबंधन आप आ कांग्रेस के चुनौती दए सकैत अछि। हालांकि, अलग-अलग चुनाव सभ मे भेटल वोट के सीधा जोड़ि विधानसभा सीटसभक सटीक अनुमान नहि लगाओल जा सकैत अछि।

45 विधानसभा क्षेत्र मे बीजेपी रहल आगू : 2024 के लोकसभा चुनावक विधानसभा क्षेत्रवार आंकड़ा के बीजेपी अपन पक्ष मे बता रहल अछि। पार्टी के 23 विधानसभा क्षेत्र मे बढ़त भेटल छल, जखनकि 6 सीट पर ओ दोसर आ 16 सीट पर तेसर स्थान पर रहल। एहि तरहे कुल 45 विधानसभा क्षेत्र मे बीजेपी अकाली दल सं आगू रहल। ओतहि अकाली दल 9 विधानसभा क्षेत्र मे पहिल, 5 मे दोसर आ 5 मे तेसर स्थान पर रहल छल। बीजेपीक तर्क अछि जे जं दुनू दल एकजुट भए चुनाव लड़ैत, तं कतेको सीट पर मोकाबलाक तस्वीर अलग भए सकैत छल।

यूपी चुनाव 2027 : रोजगार आ आरक्षण पर रहत बसपाक ध्यान

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 सं पहिने बहुजन समाज पार्टी (बसपा) दलित स्वाभिमान, आरक्षण आ रोजगार के प्रमुख मुद्दा बनेबाक तैयारी कए रहल अछि। आकाश आनंद युवा सभ के जोड़बाक अभियान मे सक्रिय छथि। उत्तर प्रदेश मे 2027 के विधानसभा चुनाव के देखैत बहुजन समाज पार्टी (बसपा) अपन राजनीतिक गतिविधि तेज कए देने अछि। पार्टी दलित स्वाभिमान, आरक्षण आ रोजगार जेकां मुद्दा के केंद्र मे राखि चुनावी मैदान मे उतरेबाक तैयारी कए रहल अछि।

एहि माध्यम सं बसपा अपन पारंपरिक दलित मतदाता सभ के फेर एकजुट करबाक संगहि युवासभक बीच सेहो अपन पकड़ मजबूत करय चाहैत अछि। एहि लेल आकाश आनंद के मैदान मे उतारल गेल अछि। बसपाक एहि रणनीतिक शुरूआत पार्टीक राष्ट्रीय संयोजक आकाश आनंद बुलंदशहरक अनूपशहर विधानसभा क्षेत्र मे आयोजित कार्यकर्ता सम्मेलन सं कयलनि। 28 अक्टूबर सं आकाश आनंद बुलंदशहर मे सभाक माध्यम सं पार्टीक अभियान शुरू कयलनि। पार्टीक रणनीति मे दलित स्वाभिमान आ आरक्षणक मुद्दा के प्रमुखता देल जा रहल अछि। एकर संगहि रोजगारक सवाल उठा कए युवा सभ के जोड़बाक प्रयास कयल जा रहल अछि। पार्टीक नजरि खास कए जेन-जी अर्थात युवा मतदाता सभ पर सेहो अछि। ओतहि पश्चिमी उत्तर प्रदेश मे जाट आ गुर्जर मतदाता सभ के अपना संग जोड़बाक प्रयास सेहो बसपाक रणनीतिक हिस्सा अछि।



जातीय समीकरणक आधार पर उम्मीदवारक चयन

आगामी विधानसभा चुनाव लेल बसपा उम्मीदवारक चयन मे सेहो जातीय समीकरण पर ध्यान दए रहल अछि। पार्टी सूत्रक अनुसार, बसपा प्रमुख बहन मायावती प्रमुख सीट सभ पर संभावित उम्मीदवारक नाम आ हुनका सभक जीतबाक संभावना के समीक्षा कए रहल छथि।

यूपी एमएलसी चुनाव मे अखिलेशक दांव सफल

उत्तर प्रदेश विधान परिषदक 11 सीट पर भेल चुनाव मे समाजवादी पार्टी (सपा) 5 सीट जीत लेलक अछि। एहि संगहि विधान परिषद मे सपाक कुल सीटक संख्या बढ़ि कए 12 भए जाएत। ई नेता प्रतिपक्षक पद बरकरार रखबाक लेल जरूरी 10 सीट सं 2 बेसी अछि। बृहस्पति कें करीब 55 घंटा धरि चलल मतगणनाक बाद चुनावक नतीजा घोषित कयल गेल। एहि नतीजा सभ सं विधान परिषद मे सपा आ भारतीय जनता पार्टी (बीजेपी) कें बीच सीट कें समीकरण बदलि गेल अछि। सपा अपन ताकत बढ़ौलक अछि, जखनकि बीजेपी के कुल सीटक संख्या पहिने जेकां बनल रहल। सपा वाराणसीक दुनू सीट पर अपन कब्जा बरकरार रखलक। एकर अतिरिक्त पार्टी लखनऊ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक सीट बीजेपी सं छीन लेलक आ आगरा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक सीट सेहो जीत लेलक। आगरा शिक्षक सीट पर पहिने एकटा निर्दलीय उम्मीदवारक कब्जा छल। ओतहि बीजेपी 6 शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे सं 4 सीट पर जीत दर्ज केलक। एकर अतिरिक्त पार्टी मेरठ आ आगरा स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक दुनू सीट पर अपन कब्जा बरकरार रखलक। उल्लेखनीय अछि जे 2020 मे भेल चुनाव मे बीजेपी 6 सीट जीतने छल, जखनकि सपा के 3 आ निर्दलीय उम्मीदवार सभ कें 2 सीट भेटल छल। वाराणसी मे समाजवादी पार्टी (सपा)क प्रदर्शन ओकरा लेल बहुत महत्वपूर्ण रहल। पार्टी एतय स्नातक आ शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक दुनू सीट पर अपन कब्जा बरकरार रखलक। वाराणसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे सपा के वर्तमान एमएलसी आशुतोष सिन्हा बीजेपी उम्मीदवार केदारनाथ सिंह के हरा देलनि। एहि सीट पर मतगणना बहुत लंबा चलल आ 55 घंटा सं बेसी समय धरि वोटक गिनती होइत रहल। नतीजा के लए असमंजसक स्थिति बनल रहबाक कारण दुनू पार्टीक नेता आ कार्यकर्ता मतगणना केंद्रक बाहर डटल रहलाह। ओतहि वाराणसी शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे सपा के वर्तमान एमएलसी लाल बिहारी यादव दोबारा जीत दर्ज कयलनि। एहि दुनू सीट पर जीतक संग सपा वाराणसी मे अपन पुरान प्रतिनिधित्व बरकरार रखलक। एकरा संगहि आन सीट सभ पर जीत हासिल कए विधान परिषद मे अपन ताकत सेहो बढ़ौलक। ओतहि बीजेपी वाराणसी मे कोनो नव सीट जीतबा मे सफल नहि रहल।

की 2027 सं पहिने बीजेपी लेल खतराक घंटी?



सपा कें कतय भेटल जीत?

सपा के बीजेपी पर सबसें पैघ जीत लखनऊ स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे भेटल। एतय सपा के कांति सिंह बीजेपी उम्मीदवार अवनीश कुमार सिंह के 14855 वोट सं हरा देलनि। कांति सिंह के कुल 51168 वोट भेटल, जखनकि अवनीश कुमार सिंह के 36313 वोट प्राप्त भेलनि। एहि जीत सं स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे सपा के स्थिति मजबूत भेल। पार्टी एहि श्रेणीक 5 सीट मे सं 3 सीट पर जीत दर्ज केलक। सपा के दोसर पैघ सफलता आगरा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे भेटल। एतय पार्टीक उम्मीदवार आकाश अग्रवाल 14046 वोट प्राप्त कए जीत दर्ज कयलनि। 2020 मे एहि सीट पर एकटा निर्दलीय उम्मीदवार जीतने छलाह।

स्नातक सीट पर सपाक मजबूत प्रदर्शन

सपा 5 स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे सं 3 सीट इलाहाबाद-झांसी, वाराणसी आ लखनऊ पर जीत हासिल केलक। ओतहि बीजेपी मेरठ आ आगरा कें सीट बचाबय मे सफल रहल। बीजेपी मेरठ स्नातक सीट पर दिनेश कुमार गोयल आ आगरा स्नातक सीट पर मानवेंद्र प्रताप सिंहक माध्यम सं जीत दर्ज केलक। स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे सपा के नीक प्रदर्शन विधान परिषद मे ओकर सीट बढ़बाक एकटा पैघ कारण रहल। पार्टी वाराणसीक दुनू सीट पर अपन कब्जा बरकरार रखलक आ लखनऊक स्नातक सीट बीजेपी सं छीन लेलक।

शिक्षक सीट पर बीजेपीक दबदबा

शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सभ मे बीजेपी के प्रदर्शन नीक रहल। पार्टी 6 मे सं 4 सीट पर जीत दर्ज केलक, जखनकि सपा के 2 सीट भेटल। बीजेपी लखनऊ शिक्षक सीट पर उमेश द्विवेदी, मेरठ शिक्षक सीट पर श्रीचंद शर्मा आ बरेली-मुरादाबाद शिक्षक सीट पर हरि सिंह ढिल्लोंक माध्यम सं अपन जीत बरकरार रखलक। एकर अतिरिक्त गोरखपुर-फैजाबाद शिक्षक सीट पर ध्रुव कुमार त्रिपाठी कड़ा मोकाबला मे जीत हासिल कयलनि। बीजेपी के एहि 4 जीतक बाद ओकर कुल सीट के संख्या 6 बनल रहल, हालांकि पार्टी के लखनऊ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक सीट गंवय पड़ल।

सपा लेल की अछि एहि नतीजाक मतलब?

एहि चुनाव मे सीट बढ़बाक कारण उत्तर प्रदेश विधान परिषद मे सपा के स्थिति मजबूत भेल अछि। एकर लाभ पार्टी के 2027 के उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव सं पहिने भेटि सकैत अछि। सूत्रक अनुसार, सपा अध्यक्ष अखिलेश यादव शीघ्र वाराणसीक दौरा कए सकैत छथि। बृहस्पतिवार के यादव कहलनि जे बीजेपीक हारक मतलब शिक्षक, छात्र आ शिक्षा सं जुड़ल ओकर नीतिसभक हार अछि। ओ ईहो कहलनि जे पढ़ल-लिखल बेरोजगार स्नातक सभ सेहो बीजेपीक विरुद्ध अपन फैसला सुना देने छथि। अखिलेश यादव दावा कयलनि जे एहि नतीजाक बाद बीजेपीक सोझां अस्तित्वक संकट ठाढ़ भएह्न गेल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे सभ के पता अछि जे बीजेपी चुनाव मे गड़बड़ी कए जीत हासिल केने अछि। हुनकर कहबाक छलनि जे पार्टीक भीतर मतभेद सेहो सरकारक दुनू स्तरक बीच तनाव बढ़ा देने अछि। यादव दावा कयलनि जे सपा के कोनो उम्मीदवार वास्तव मे हारल नहि छथि, बल्कि बीजेपीक कथित धांधलीक कारण ओ सभ जीत हासिल नहि कए सकलाह। ओ कहलनि जे प्रमाणपत्र नहि भेटबाक बावजूद पार्टी अपन उम्मीदवार सभ के विजेता मानैत अछि।

बीजेपी लेल भेटल-जुलल नतीजा

एहि चुनाव मे बीजेपी लेल नतीजा भेटल-जुलल रहल। पार्टी अपन कुल 6 सीट बरकरार रखलक आ 6 शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे सं 4 पर जीत हासिल केलक। हालांकि, ओकरा लखनऊ स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक सीट सपा के हाथे गंवय पड़ल।

जनगणना 2027क दोसर चरणक तैयारी शुरू, पदाधिकारी सभक प्रशिक्षण आरंभ

» 25 जनवरी सं 28 फरवरी 2027 धरि होयत मुख्य जनसंख्या गणना

डिजिटल ऐप सं जुटाओल जायत आंकड़ा

दरभंगा, समदिया



भारतक जनगणना 2027क दोसर चरण अर्थात मुख्य जनसंख्या गणनाक तैयारी शुरू भए गेल अछि। एहि क्रम मे शुक्रदिन डॉ. भीमराव आंबेडकर सभागार मे जिलाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे दू दिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रम शुरू भेल। डीएम दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक उद्घाटन केलनि। प्रशिक्षण मे जिला, अनुमंडल आ चार्ज स्तरक पदाधिकारी शामिल भेलाह। एहि अवसर पर डीएम कहलनि जे स्वतंत्रभारतक आठम जनगणना देशक सामाजिक, आर्थिक आ जनसांख्यिकीय स्वरूप बुझबाक महत्वपूर्ण आधार अछि। जनगणनाक पहिल चरण मे मकान सूचीकरण आ मकानसभक गणनाक काज 2 सं 31 मई 2026 धरि जिला मे सफलतापूर्वक पूरा कयल गेल अछि। आब दोसर चरण मे मुख्य जनसंख्या गणना 25 जनवरी सं 28 फरवरी 2027 धरि प्रस्तावित अछि। ओ जानकारी देलनि जे एहि बेर जनगणनाक काज डिजिटल मोबाइल ऐपक माध्यम सं पेपरलेस तरीका सं कयल जायत। नागरिक सभ के 10 सं 25जनवरी 2027 धरि वेब पोर्टलक माध्यम सं स्वगणना करबाक सुविधा सेहो भेटत। डीएम कहलनि जे जनगणनाक सटीक आंकड़ा शिक्षा, स्वास्थ्य, रोजगार आ आवास सहित विभिन्न विकास योजनाक निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। एहि लेल सभ कर्मी के निर्धारित मानक आ तकनीकी प्रक्रियाक पूरा जानकारी रहब आवश्यक अछि। प्रशिक्षण कार्यक्रम चारि बैच मे संचालित होयत। राज्यस्तरीय मुख्य प्रशिक्षक रोहित कुमार आ अमिताभ कुमार प्रशिक्षण देताह। नगर आयुक्त गरिमा लोहिया कहलनि जे गणनाक दौरान कोनो व्यक्तिक आंकड़ा छूटबाक नहि चाही। मौक़ा पर जिला सांख्यिकी पदाधिकारी उदय नारायण प्रसाद, डीपीआरओ आशीष अमन, जिला पंचायती राज पदाधिकारी पवन कुमार यादव, डीईओ विद्यानंद ठाकुर सहित अन्य पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

छठि महापर्व कें लए बागमती घाट पर चलल सफाइ अभियान, युवा सभ केलनि श्रमदान

विशेष अभियान 6.0 अंतर्गत किलाघाट पर नमामि गंगे संकल्प कार्यक्रम आयोजित



दरभंगा, समदिया

छठि महापर्वक तैयारी आ बागमती नदीक घाट सभक स्वच्छता तथा जलस्रोत संरक्षण कें लए जिला गंगा समितिक दिस सं विशेष अभियान 6.0 अंतर्गत शुक्रदिन बाजिदपुर स्थित किलाघाट पर सफाइ आ नमामि गंगे संकल्प कार्यक्रम आयोजित कयल गेल। जिलाधिकारी सह जिला गंगा समितिक अध्यक्ष कौशल कुमारक निर्देश पर आयोजित एहि अभियान मे नमामि गंगेक युवा वॉलंटियर आ सीएम कॉलेजकविद्यार्थी सभ उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। अभियानक दौरान युवा सभ बागमती नदीक घाट आ आसपासक इलाका मे साफ-सफाइ कय श्रमदान केलनि। कार्यक्रम मे छठि महापर्वक दौरान नदी, पोखर आ अन्य जलस्रोत सभक स्वच्छता बनौने रखबाक अपील कयल गेल। आयोजक सभ कहलनि जे छठि महापर्व मे जलस्रोत सभक विशेष धार्मिक आ सांस्कृतिक महत्व अछि। एहि लेल घाट सभक सफाइ मात्र धार्मिक आस्थाक सम्मान लेल नहि, बल्कि पर्यावरण संरक्षण आ जनस्वास्थ्यक दृष्टिकोण सं सेहो जरूरी अछि।युवा आ स्थानीय नागरिक सभ सं अपील कयल गेल जे घाट पर गंदगी नहि पसारथि, प्लास्टिककउपयोग सं बचथि आ पूजा सामग्री नदी मे प्रवाहित नहि करथि। संगहि छठि पर्व समाप्त भेलाक बादोजलस्रोत सभक स्वच्छता आ संरक्षण प्रति सजग रहबाक आह्वान कयल गेल। अभियान मे सूरज कुमार,सफीना महफूज, प्रसन जी चौधरी, संजीव कुमार, अंशु प्रिया आ सलोनी सहित अन्य युवा सक्रिय रूप सं भाग लेलनि।

छठि घाटक सफाइ आ सौंदर्यीकरणक लेल डीएम केलनि निरीक्षण

10 दिनक भीतर सभ घाट पर सफाइ आ रंगाई-पुताई पूरा करबाक निर्देश

सहरसा, समदिया



लोक आस्थाक महापर्व छठि पूजा के तैयारीक समीक्षा लेल शुक्रदिन जिलाधिकारी दीपेश कुमार नगर निगम क्षेत्रक विभिन्न छठि घाट सभक निरीक्षण केलनि। एहि दौरान ओ संबंधित अधिकारी सभ कें घाटसभक साफ-सफाइ, जलाशय सभ सं जलकुंभी हटेबाक आ रंगाई-पुताईक काज निर्धारित समय-सीमा मे पूरा करबाक निर्देश देलनि। जिलाधिकारी सब सं पहिने मत्स्यगंधा झील स्थित छठि घाट पहुंचलाह।ओतय जलाशयक विशेष सफाइ करबाक निर्देश देलनि। तकर बाद मत्स्य विभागक मत्स्य पोखर घाट पर चलि रहल सफाइ काजक जायजा लेलनि। ओ पोखरक चहारदीवारी आ निर्माणाधीन गेटक रंगाई-पुताई करा एकरा आकर्षक बनेबाक निर्देश देलनि। सरकारक कायाकल्प अभियानक अंतर्गत पोखरक साफ-सफाइ आ सौंदर्यीकरण सेहो कराओल जायत। एहि क्रम मे डीएम न्यू कॉलोनी पोखर, गांधी पथ पोखर, मौसमतपोखर, शंकर चौक, पूरब बाजार रामजानकी ठाकुरबाड़ी, बाइपास रोड, पॉलिटेक्निक, झपड़ा टोला आ सहरसा बस्ती स्थित छठि घाट सभक निरीक्षण केलनि। ओ नगर निगम कें अगिला 10 दिनक भीतर सभ घाट पर सफाइ आ रंगाई-पुताईक काज पूरा करबाक निर्देश देलनि। नगर आयुक्त प्रभात कुमार झा बतौलनि जेदीपावली सं पहिने नगर निगम क्षेत्रक सभ 95 छठि घाटक सफाइ पूरा कय लेल जायत। एहि लेल निविदा प्रक्रिया पूरा कय संवेदक सभ कें काज शुरू करबाक निर्देश देल गेल अछि। डीएम भास्कर महोत्सवक आयोजन करबाक बात सेहो कहलनि। ओ स्पष्ट केलनि जे छठि व्रती आश्रद्धालु सभ कें कोनो तरहक परेशानी नहि होय, एकर पूरा ध्यान राखल जायत। निरीक्षणक दौरान डीडीसी गौरव कुमार, एडीएम निशांत कुमार, एसडीओ श्रेयांश तिवारी, जिला मत्स्य पदाधिकारी जयप्रकाश सिंह, वार्ड पार्षद आशीष रंजन सहित अन्य वार्ड पार्षद आ अधिकारी उपस्थित छलाह।

समस्तीपुर आ लगपासक जिला सभक यात्रा होयत आसान, एनएच-122बी केर काज 99 प्रतिशत पूरा

624.43 करोड़ टाकाक परियोजना अंतिम चरण मे

समस्तीपुर, समदिया



» 42.618 किलोमीटर सड़क दू लेन मे होयत विकसित

समस्तीपुर आ आसपासक जिला सभक बीच सड़क संपर्क नीक होयबाक उम्मीद बढ़ि गेल अछि। एनएच- 122बी कें पेव्ड शोल्डर सहित दू लेन मे विकसित करबाक काज लगभग पूरा भए गेल अछि। परियोजनाकभौतिक प्रगति 99 प्रतिशत बताओल गेल अछि। करीब 42.618 किलोमीटर लंबा एहि सड़कक निर्माण पूरा भेला सं लोक सभ कें आवागमन मे सुविधा होयत आ क्षेत्रीय संपर्क मजबूत होयत।624 करोड़ टाका सं बेसीक परियोजनापरियोजनाक अंतर्गत एनएच-122बी पर किलोमीटर 29.730 सं 72.348 तक सड़क कें अपग्रेड कयल जा रहल अछि। एकर कुल लंबाई करीब 42.618 किलोमीटर अछि। उपलब्ध परियोजना विवरणक अनुसार, निविदाक राशि 624.43 करोड़ टाका आ करारक राशि 340.83 करोड़ टाका अछि। करारक राशि अनुमानित दर सं 21.78 प्रतिशत कम राखल गेल अछि। निर्माणक जिम्मेदारी मेसर्स राम कृपाल सिंह कंस्ट्रक्शन प्राइवेट लिमिटेड कें देल गेल अछि। प्राधिकरण इंजीनियरक रूप मे आइकॉन्स इंजीनियरिंगप्राइवेट लिमिटेड, एमस्पार्क फ्यूचरिस्टिक्स एंड एसोसिएट्सक संग संयुक्त उद्यम मे काज कए रहलअछि। परियोजनाक काज शुरू करबाक तिथि 8 मई 2023 छल, जखन कि संशोधित पूर्णता तिथि 29 अगस्त 2026 निर्धारित कयल गेल छल।सड़क आ पुल-पुलियाक काज अंतिम चरण मे परियोजना अंतर्गत 42.618 किलोमीटर मे अर्थवर्क पूरा भए' चुकल अछि। जीएसबी आ डीएलसीक काज42.518 किलोमीटर तक पूरा कय लेल गेल अछि। पीक्यूसीक काज सेहो 42.318 किलोमीटर तक पूरा भए' गेल अछि। पुल-पुलियाक निर्माण मे सेहो प्रगति भेल अछि। कुल 43 कलवर्ट अथवा पुलियाक लक्ष्यक मोकाबला 41.5 के काज पूरा होयबाक जानकारी देल गेल अछि। तीनटा छोट पुलक नींव, सब-स्ट्रक्चर आ सुपर-स्ट्रक्चरक काज पूरा भए' चुकल अछि। एकर अतिरिक्त 4.890 किलोमीटर लंबा नालाक निर्माण सेहो निर्धारित लंबाईक अनुसार पूरा बताओल गेल अछि। हालांकि परियोजना विवरण मे एहि काज कें निर्माणाधीन सेहो दर्शाओल गेल अछि।भूमि अधिग्रहण आ मुआवजा वितरण जारीपरियोजना लेल किलोमीटर 34.800 सं 72.348क बीच 4.1619 हेक्टेयर जमीन अधिग्रहण कयल गेल अछि। एहि लेल स्वीकृत 26.89 करोड़ टाकाक मुआवजा मे 13.23 करोड़ टाका वितरित कयल जा चुकलअछि। वैशालीक डीएफओ कार्यालय सं जारी कार्यादेशक अंतर्गत समस्तीपुर आ बेगूसराय जिला मे पेड़काटबाक काज लगभग पूरा भए' गेल अछि। दुनू जिला मे बिजली संबंधी उपयोगिता सभ कें स्थानांतरितकरबाक काज सेहो लगभग पूरा बताओल गेल अछि। वैशाली क्षेत्र मे पर्यवेक्षण शुल्क जमा करा देल गेलअछि आ शिफ्टिंगक काज तेजी सं चलि रहल अछि।वित्तीय प्रगति 95 प्रतिशत सं बेसी परियोजना पर आब तक 254.94 करोड़ टाका खर्च होयबाक जानकारी देल गेल अछि। दर्ज वित्तीय प्रगति 95.63 प्रतिशत अछि, जखन कि भौतिक प्रगति 99 प्रतिशत तक पहुंचि गेल अछि। आब शेष निर्माण काज पूरा करब महत्वपूर्ण अछि। सड़क तैयार भेलाक बाद समस्तीपुर आ आसपासक जिला सभक बीच आवागमन सुगम होयबाक संग क्षेत्रीय संपर्क आ यातायात व्यवस्था मे सुधारक उम्मीद अछि।

राष्ट्रीय खेलकूद प्रतियोगिता मे समस्तीपुर डीएवीक खेलाड़ी सभक शानदार प्रदर्शन

शूटिंग आ एथलेटिक्स मे स्वर्ण, रजत आ कांस्य पदक पर जमौलनि कब्जा

समस्तीपुर, समदिया



दिल्लीक खेल गांव स्थित कॉमनवेल्थ स्टेडियम मे 24 सं 26 अक्टूबर 2026 धरि आयोजित डीएवी राष्ट्रीय खेलकूद प्रतियोगिता मे डीएवी पब्लिक स्कूल, समस्तीपुरक छात्र-छात्रा सभ शानदार प्रदर्शन कय विद्यालय आ जिला कें गौरवान्वित कयलनि। शूटिंग आ एथलेटिक्स प्रतियोगिता मे खेलाड़ी सभ कईटा पदक जीतलनि। शूटिंग प्रतियोगिताक 10 मीटर ओपन साइट एयर राइफल स्पर्धाक अंडर-19 वर्ग मे अंशकुमार सिंह अपन सटीक निशानेबाजीक बदौलत व्यक्तिगत स्वर्ण पदक हासिल कयलनि। एहि वर्गक टीमस्पर्धा मे शौर्य झा आ आदित्य कुमार सिंह रजत पदक जीतलनि। अंडर-14 आयुवर्गक टीम स्पर्धा मे रीत वर्णवाल आ वैष्णवी कुमारी रजत पदक प्राप्त कयलनि। जखन कि अंडर-17 वर्ग मे आशना परवीन आ साक्षी कुमारी कांस्य पदक जीतलनि। एथलेटिक्स प्रतियोगिता मे अंडर-19 वर्गक सीमंत कुमार 800 मीटरदौड़ मे कांस्य पदक हासिल कयलनि। सीमंत कुमार आ अनुभव कुमार 4 गुणा 400 मीटर रिले दौड़ मेनीक तालमेल देखबैत रजत पदक जीतलनि। अंडर-14 आयुवर्ग मे सृष्टि राज डिस्कस थ्रो (तश्तरी फेंक) मेरजत आ शॉटपुट (गोला फेंक) मे कांस्य पदक हासिल कयलनि। खेलाड़ी सभक एहि उपलब्धि पर डीएवी पब्लिक स्कूल्स बिहार जोन-जीक एआरओ नीरज कुमार सिंह सभ विजेता खेलाड़ी कें बधाई देलनि आ हुनकर उज्ज्वल भविष्यक कामना कयलनि। विद्यालयक प्राचार्या उमा मिश्रा पदक विजेता छात्र-छात्रा सभक स्वागत करैत कहलनि जे हुनकर प्रदर्शन दोसर विद्यार्थीक लेल प्रेरणादायक अछि। विद्यालयपहुंचल खेलाड़ी सभ कें प्राचार्या आ शिक्षक सभ पदकक संग सम्मानित कय उत्साहवर्धन कयलनि। एहि सफलताक पाछू खेल शिक्षक सभक मेहनत आ मार्गदर्शन रहल। खेलाड़ी सभ कें प्रतियोगिताक लेल तैयारकरय मे खेल शिक्षक नीरज कुमार, अवधेश कुमार झा आ पल्लवी कुमारीक प्रशिक्षण महत्वपूर्ण रहल।विकास तिवारी, सबिता मोहराना आ गौतमी कश्यप सेहो टीम कें पूरा सहयोग देलनि। विद्यालय परिवार एहि उपलब्धि कें खेलाड़ी सभक मेहनत आ शिक्षक सभक समर्पणक परिणाम बतौलक।

जिला युवा महोत्सवक समूह लोकगीत प्रतियोगिता मे आर्यन भट्टक टीम प्रथम

दरभंगा, समदिया



जिला प्रशासन आ कला, संस्कृति एवं युवा विभागक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजित जिला स्तरीय युवा महोत्सव मे दरभंगाक युवा कलाकार सभ अपन प्रतिभाक प्रदर्शन केलनि। महोत्सव मे पारंपरिक लोककलाआ लोक संस्कृतिक आकर्षक प्रस्तुति सभ दर्शकसभक ध्यान खींचलक। समूह लोकगीत प्रतियोगिता मेआर्यन भट्टक नेतृत्ववला टीम अपन प्रभावशाली प्रस्तुति दैत प्रथम स्थान प्राप्त केलक। टीम मे आर्यनभट्ट, नयन मिश्रा, अमित मिश्रा, अभिषेक गौरव, अमित यादव आ मोहम्मद शफीकुल शामिल छलाह। कलाकार सभ पारंपरिक लोकधुन आ लोकगीतक प्रस्तुति मे सुर आ तालक सुंदर समन्वय देखौलनि। निर्णायक आ दर्शक सभ हुनकर प्रस्तुतिक सराहना केलनि। एहि सफलता पर टीम लीडर आर्यन भट्ट प्रसन्नता व्यक्त करैत कहलनि जे लोकसंस्कृति हमर वास्तविक पहचान अछि। एकरा संरक्षित रखब आ नव पीढ़ी धरि पहुंचायब हमसभक जिम्मेदारी अछि, जाहि सं आगू आबयवला पीढ़ी सेहो अपन समृद्धसांस्कृतिक विरासत सं जुड़ल रहय। प्रतियोगिता मे प्रथम स्थान भेटला सं टीमक सदस्य सभ मे उत्साहअछि। युवा कलाकारसभक एहि उपलब्धि के जिलाक लेल गौरवक विषय मानल जा रहल अछि। महोत्सव स्थानीय प्रतिभा सभ के अपन कला देखयबाक आ लोकसंस्कृति के आगू बढ़यबाक अवसर प्रदान केलक।

रेडक्रॉसक शोकसभा मे हाजी मो. शफीक खां कें देल गेल श्रद्धांजलि

सीतामढ़ी, समदिया



इंडियन रेडक्रॉस सोसाइटी, जिला शाखा सीतामढ़ीक दिस सं रेडक्रॉसक आजीवन सदस्य, प्रबंध समितिक पूर्व सदस्य आ राष्ट्रीय जनता दलक पूर्व जिलाध्यक्ष तथा प्रदेश उपाध्यक्ष दिवंगत हाजी मो. शफीक खांकनिधन पर शोकसभा आयोजित कयल गेल। एहि अवसर पर उपस्थित लोक सभ हुनकर तैलचित्र पर पुष्प अर्पित कए श्रद्धांजलि अर्पित केलनि। सभाके संबोधित करैत रेडक्रॉसक सचिव राजेश कुमार सुंदरकाकहलनि जे हाजी मो. शफीक खां मिलनसार, कर्मठ आ जनसेवा लेल समर्पित व्यक्तित्व छलाह। ओ अपनजीवन सामाजिक सौहार्द, आपसी भाईचारा आ गरीब तथा जरूरतमंद लोकक सेवा मे समर्पित कयने छलाह। हुनकर पुत्र मो. जलालुद्दीन खां अपन पिताक सामाजिक आ मानवीय योगदान के स्मरण करैतरेडक्रॉसक पदाधिकारीसभक प्रति आभार व्यक्त केलनि। ओ अपन पिताक सेवाभाव के आगू बढ़यबाक संकल्प सेहो लेलनि। पूर्व विधायक सुनील कुमार कुशवाहा हुनका प्रेरणास्रोत बतबैत कहलनि जे हुनकरआदर्श पर चलबए हुनका प्रति सच्चा श्रद्धांजलि होयत। ओतहि रेडक्रॉसक अध्यक्ष डॉ. महावीर ठाकुरहुनकर निधन के सामाजिक आ मानवीय सेवाक क्षेत्र मे अपूरणीय क्षति बतौलनि। कार्यक्रमक संचालन राजेश कुमार सुंदरका केलनि। अंत मे उपस्थित लोक सभ दू मिनट मौन राखि दिवंगत आत्माक शांति लेल प्रार्थना केलनि आ शोकाकुल परिवारक प्रति संवेदना व्यक्त केलनि।

11 सूत्री मांगक समर्थन मे आउटसोर्सिंग सफाइकर्मी सभ केलनि नगर पंचायत कार्यालयक घेराव

मांग पूरा नहि भेला पर तेज आंदोलनक चेतावनी

बेनीपट्टी, समदिया



बेनीपट्टी नगर पंचायतक आउटसोर्सिंग सफाइकर्मी संघ स्थानीय निकाय कर्मी सभक विभिन्न मांगक समर्थन मे नगर पंचायत कार्यालयक घेराव कयलक। बिहार लोकल बॉडीज इंप्लाइज फेडरेशन आ बिहार राज्य स्थानीय निकाय कर्मचारी महासंघक संयुक्त आह्वान पर ई प्रदर्शन कयल गेल। एहि दौरानप्रदर्शनकारी सभ मुख्यमंत्रीक नाम संबोधित 11 सूत्री मांग-पत्र नगर पंचायतक कार्यपालक पदाधिकारी कें सौंपलनि। संगहि चेतावनी देलनि जे मांग सभ पर समय रहैत ठोस कारबाइ नहि भेल तं आंदोलन आओर तेज कयल जायत। कर्मचारी सभक प्रमुख मांग अछि जे हुनका सभक समस्या कें त्वरित आ समयबद्ध ढंग सं समाधान करबाक लेल कर्मचारी प्रतिनिधि सभक संग प्रत्येक मास नियमित बैसार आयोजितकयल जाय। 30 जुलाई सं 6 अगस्त 2026 धरि चलल आठ दिवसीय आंदोलनक अवधि कें उपस्थितिमानि वेतन भुगतान कयल जाय आ एहि अवधि मे काटल गेल वेतन राशि अविलंब वापस कयल जाय। हड़तालक कारण कयल गेल सभ दंडात्मक कारबाइ वापस लेबाक मांग सेहो उठाओल गेल।मांग-पत्र मे नगर विकास एवं आवास विभाग द्वारा मांगल गेल कर्मी सभक नाम, पदनाम, कार्यावधि आशौक्षणिक योग्यताक समेकित सूची शीघ्र विभाग कें पठेबाक बात कहल गेल अछि। दैनिक आ आउटसोर्सिंग सफाइकर्मी सभक वेतन प्रत्येक मास एक निश्चित समय-सीमा मे जारी करबाक आ भुगतान मे देरी होयबाक स्थिति मे जवाबदेही तय करबाक मांग कयल गेल। कर्मचारी सभ चाहैत छथि जे वेतन संकाटल जाएवला पीएफ आ ईएसआइक राशि समय पर संबंधित खाता मे जमा हो। जतय अंशदान जमानहि भेल अछि, तकर जांच कय बकाया राशि जमा कराओल जाय। अवैध सुविधा शुल्क वसूलीक शिकायत पर निष्पक्ष कारबाइ करबाक मांग सेहो कयल गेल। एकर अतिरिक्त अनुकंपा पर नियुक्तिक लंबित मामिला सभक शीघ्र निष्पादन, पात्र आश्रित कें नियुक्ति, एनपीएस मे स्थानीय निकायक अंशदान 10 प्रतिशत सं बढ़ा कय 14 प्रतिशत करबाक मांग उठाओल गेल। बकाया पेंशन आ वेतनांतरक भुगतान तथा दैनिक आ संविदा कर्मी सभक सेवा अभिलेख संधारित करबाक मांग सेहो मांग-पत्र मे शामिल अछि।

मतदाता सूची त्रुटिरहित बनेबाक लेल राजनीतिक दल सहयोग करथि : संजय

लोहरदगा,समदिया



विशेष गहन पुनरीक्षण-2026 के अंतर्गत मतदाता सूची कें त्रुटिरहित, शुद्ध आ अद्यतन बनेबाक उद्देश्य सं बृहस्पति दिन मान्यता प्राप्त राजनीतिक दल सभक प्रतिनिधि सभक संग बैठकआयोजित कयल गेल। उपायुक्त सह जिला निर्वाचन पदाधिकारी संदीप कुमार मीना के निर्देश परआयोजित एहि बैठक मे उप निर्वाचन पदाधिकारी संजय कुमार आ निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी अमितकुमार उपस्थित छलाह।बैठक मे जिला मे एखन धरि भेल पुनरीक्षण कार्यक प्रगतिक जानकारी देल गेल। राजनीतिक दल सभ संएहि अभियान मे सक्रिय सहयोग करबाक अपील कयल गेल। बैठक मे बताओल गेल जे लोहरदगाविधानसभा क्षेत्रक एहन पात्र भारतीय नागरिक, जिनकर नाम एखन धरि मतदाता सूची मे दर्ज नहि अछि,हुनका सभक नाम सूची मे शामिल करयबाक लेल जागरूकता अभियान चलाओल जा रहल अछि।एकर अतिरिक्त, 1 अक्टूबर 2026 तक 18 वर्षक आयु पूरा करय बला पात्र युवा सभक नाम मतदाता सूची मे दर्ज करयबाक लेल प्रपत्र-6 ऑनलाइन अथवा ऑफलाइन जमा करय मे सहयोग करबाक आग्रह कयलगेल।बैठक मे जानकारी देल गेल जे आगामी 4 नवंबर कें जिला कें सभ मतदान केंद्र पर बूथ लेवल ऑफिसर(बीएलओ) आ बूथ लेवल एजेंट-2 (बीएलए-2) केर पांचम बैठक आयोजित कयल जायत। राजनीतिक दल सभक प्रतिनिधि सं अनुरोध कयल गेल जे ओ अपन-अपन बूथक बीएलए-2 कें एहि संबंध मे जानकारी देथि आ बैठक मे हुनका सभक भागीदारी सुनिश्चित करथि। एहि सं मतदाता सूची पुनरीक्षणक काज बेसीप्रभावी आ पारदर्शी तरीका सं पूरा कयल जा सकत।बैठक मे समाजक कमजोर, वंचित आ संवेदनशील वर्गक पात्र नागरिक सभक नाम मतदाता सूची मे शामिल करयबाक लेल विशेष संपर्क अभियान चलयबाक जानकारी देल गेल। खास कए आदिमजनजातीय समूह (पीवीटीजी), दिव्यांगजन, बुजुर्ग, अनाथ, किन्नर आ अन्य वंचित वर्गक एहन नागरिक,जिनका मतदाता पंजीकरण मे परेशानी भए रहल अछि, हुनका सभक जानकारी जिला निर्वाचन कार्यालय,निर्वाचक निबंधन पदाधिकारी कार्यालय अथवा संबंधित बूथ लेवल अधिकारी कें देबाक अपील कयल गेल।एहि आधार पर संबंधित नागरिक सभ कें आवश्यक सहायता उपलब्ध कराओल जा सकत। एहि दौरान राजनीतिक दल सभक प्रतिनिधि कें प्रपत्र-6, प्रपत्र-7 आ प्रपत्र-8 सं संबंधित प्रगतिक जानकारी देल गेल। संगहि मतदाता सूची मे नाम जुड़वय, नाम हटेबाक लेल आपत्ति दर्ज करय आ सूची मे दर्जप्रविष्टि सभ मे आवश्यक संशोधन करयबाक प्रक्रिया सं अवगत कराओल गेल।बैठकक अंत मे उप निर्वाचन पदाधिकारी संजय कुमार सभ राजनीतिक दल सं विशेष गहन पुनरीक्षण-2026 मे सक्रिय भागीदारी निभेबाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे पात्र नागरिक सभक नाम मतदातासूची मे शामिल करय आ सूची कें त्रुटिरहित आ अद्यतन बनेबाक लेल सभक सकारात्मक भूमिकामहत्वपूर्ण अछि।बैठक मे राजनीतिक दल सभक प्रतिनिधि पशुपति नाथ पारस, प्रदीप विश्वकर्मा, मो. साहिद अहमद,बालमुकुंद लोहरा, दिलमुनि कुजूर सहित निर्वाचन कार्य सं जुड़ल कर्मी उपस्थित छलाह।

हजारीबागक होटल पर चारि राउंड गोली चलल

मटवारीक होटल एके इंटरनेशनलक शीशा टूटल

केओ घायल नहि, मुख्य प्रवेश द्वार पर भेल फायरिंग



हजारीबाग,समदिया

हजारीबागक कोर्रा थाना क्षेत्रक मटवारी स्थित होटल एके इंटरनेशनल पर राति करीब 10 बजेचारि राउंड गोली चलाओल गेल। गोली लगला सं होटल के शीशा टूटि गेल, मुदा एहि घटना मे केओ घायलनहि भेल। पुलिस सीसीटीवी फुटेजक जांच कए रहल अछि। होटल प्रबंधन आ प्रत्यक्षदर्शीक कहबाक अनुसार, अज्ञात हमलावर होटल के बाहर पहुंचलाह आ मुख्यप्रवेश द्वार पर गोली चलौलनि। घटना के बाद ओ सभ ओतए सं फरार भए गेलाह।होटलक कर्मचारी कोर्रा थाना पुलिस कें घटनाक जानकारी देलनि। सूचना भेटिते एएसपी अमित कुमार, सदर एसडीपीओ रूपक कुमार सिंह, कोर्रा थाना प्रभारी नेमधारी रजक आ शहरक अलग-अलग थाना केप्रभारी पुलिस बलक संग घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस घटनास्थलक मुआयना कयलक। हमलावरक पहचान आ हुनका सभक आवागमनक जानकारीजुटेबाक लेल होटल आ आसपासक व्यावसायिक प्रतिष्ठान सभक सीसीटीवी फुटेज खंगालल जा रहलअछि।सदर एसडीपीओ रूपक कुमार सिंह कहलनि जे पुलिस सभ पहलू पर जांच कए रहल अछि। ओ बतौलनि जेसंदिग्ध सभक पहचान कए लेल गेल अछि आ हुनका सभक गिरफ्तारी लेल छापेमारी शुरू कए देल गेल अछि। घटना के बाद शहर मे सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कए देल गेल अछि।

राष्ट्रीय जनजातीय गौरव दिवस समारोह लेल राज्यपाल कें देल गेल आमंत्रण

लोहरदगा,समदिया



राष्ट्रीय जनजातीय गौरव दिवस 2026 आ भगवान बिरसा मुंडा राष्ट्रीय सम्मान समारोह मे शामिल होयबाक लेल झारखंडक राज्यपाल कें आमंत्रित कयल गेल। आधुनिक इंडिया फाउंडेशनकप्रतिनिधिमंडल राज्यपाल सं भेंट कयलक आ हुनका राष्ट्रीय समारोह मे शामिल होयबाक निमंत्रण देलक।आधुनिक इंडिया फाउंडेशनक दिस सं आयोजित राष्ट्रीय जनजातीय गौरव दिवस आ भगवान बिरसा मुंडाराष्ट्रीय सम्मान समारोह 15 नवंबर 2026, रवि दिन, नई दिल्ली स्थित लेडी हार्डिंग मेडिकल कॉलेजकस्वर्ण जयंती सभागार मे भोर 9:30 बजे सं आयोजित होयत। समारोह मे देश भरि सं जनजातीय समाजक प्रतिनिधि, सामाजिक कार्यकर्ता, विशिष्ट अतिथि आ विभिन्न क्षेत्र मे उल्लेखनीय योगदान देनिहार लोकशामिल भए सकैत छथि। समारोहक मुख्य उद्देश्य भारतक समृद्ध जनजातीय विरासत, संस्कृति, परंपरा आ राष्ट्र निर्माण मेजनजातीय समाजक योगदान कें सम्मान देब अछि। एहि अवसर पर भगवान बिरसा मुंडाक संघर्ष, साहस,स्वाभिमान आ स्वशासनक विचार सभ कें स्मरण कयल जायत।भगवान बिरसा मुंडा अंग्रेजी हुकूमतक विरुद्ध संघर्ष कयने छलाह। ओ आदिवासी समाजक जल, जंगलआ जमीन पर अधिकारक रक्षा करबाक लेल महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छलाह।आधुनिक इंडिया फाउंडेशन शिक्षा, स्वास्थ्य, खेलकूद, कौशल विकास, संस्कृति आ सामुदायिकसशक्तीकरणक क्षेत्र मे काज करबाक उद्देश्य सं सक्रिय अछि। राष्ट्रीय जनजातीय गौरव दिवसक अवसर पर आयोजित ई समारोह जनजातीय समाजक पहचान, सम्मान आ उपलब्धि सभ कें राष्ट्रीय स्तर पर सामने अनबाक प्रयास अछि।राज्यपाल सं भेंट कएनिहार प्रतिनिधिमंडल मे आधुनिक इंडिया फाउंडेशनक राष्ट्रीय अध्यक्ष डी.के. चौहान, सामाजिक कार्यकर्ता अरविंद उरांव, रांची के महिला नेत्री निरंजना हेरेंज टोप्पो, सीआरपीएफक पूर्वआईजी वीरेंद्र टोप्पो, समाजसेवी राजश्री रानी भगत, सामाजिक कार्यकर्ता बबलू उरांव आ कमलचंदकिस्पोट्टा शामिल छलाह।

भाजपा 3 नवंबर के गिरिडीह मे निकालत पदयात्रा, नेता प्रतिपक्ष बाबूलाल मरांडी राहुल गांधी आ कांग्रेस पर साधलनि निशाना

गिरिडीह,समदिया



भाजपा 3 नवंबर के गिरिडीह मे 'लोकतंत्र बचाउ, अराजकता हटाउ' पदयात्रा निकालत। पार्टी एकर तैयारी पूरा कए लेने अछि। शुक्रदिन परिसदन भवन मे भाजपा केर पूर्व प्रदेश अध्यक्ष आ नेताप्रतिपक्ष बाबूलाल मरांडी ई जानकारी देलनि। बाबूलाल मरांडी कहलनि जे पदयात्राक माध्यम सं बूथ सं जिला स्तर धरि संगठन के मजबूत कएलजाएत। कार्यकर्ता सभ जनता के बीच जा कए कांग्रेस आ इंडिया गठबंधनक नीतिक विरुद्ध जागरूकताअभियान चलौताह।ओ कार्यकर्ता सभ सं केंद्रक नरेंद्र मोदी सरकारक 12 सालक काज घर-घर धरि पहुंचयबाक आ संगठन के मजबूत करबाक अपील कएलनि। बाबूलाल मरांडी कहलनि जे देश मे लोकतंत्र बचयबाक आ अराजकतारोकबाक लेल भाजपा अलग-अलग कार्यक्रम कए रहल अछि।बाबूलाल मरांडी आरोप लगौलनि जे कांग्रेस, राहुल गांधी आ इंडिया गठबंधनक नेता सभ सं देशक लोकतंत्रके खतरा अछि। हुनकर कहब छलनि जे राहुल गांधी अलग-अलग मुद्दा पर नैरेटिव फैला कए देश मे अराजकताक माहौल बनेबाक प्रयास कए रहल छथि।ओ कहलनि जे कहियो ईवीएम पर सवाल उठाओल जाइत अछि, तं कहियो वोट चोरी आ फर्जी मतदातासभक मुद्दा उठाओल जाइत अछि। आब एसआईआर प्रक्रियाक विरोध कएल जा रहल अछि। बाबूलालमरांडी कहलनि जे ईवीएम हैक करबाक मामिला मे उच्चतम न्यायालय सबूत मांगने छल, मुदा राहुलगांधी कोनो प्रमाण नहि दए सकलाह। बाबूलाल मरांडी वोट चोरीक आरोप पर सेहो ठोस सबूत नहि देल जेबाक दावा कएलनि। ओ आरोपलगौलनि जे विपक्षक उद्देश्य जनता के भ्रमित करब आ राजनीतिक अस्थिरता पैदा करब अछि। एसआईआर प्रक्रिया पर बाबूलाल मरांडी कहलनि जे चुनाव आयोग उच्चतम न्यायालय मे कहने अछि जे एहि सं जुड़ल फैसला सामूहिक रूप सं लेल गेल अछि। ओ राहुल गांधी पर संवैधानिक संस्थाक विरोध करबाक आ न्यायिक व्यवस्था पर दबाव बनेबाक प्रयास करबाक आरोप सेहो लगौलनि। ओ कहलनि जे भाजपा एहि तरहक गतिविधिक जवाब जनता के बीच जा कए देत।नेता प्रतिपक्ष झारखंड सरकार पर सेहो निशाना साधलनि। ओ आरोप लगौलनि जे राज्य सरकार कानूनीआ गैरकानूनी दुनू तरीका सं जनताक शोषण कए रहल अछि। सरकारक ध्यान जनताक समस्या समाधानकरबाक बदला अपन तिजोरी भरबा पर अछि। ओ कहलनि जे एहन सरकार सं जनताक हित मे काजकरबाक अपेक्षा नहि कएल जा सकैत अछि।पिछला विधानसभा चुनाव मे गिरिडीह सीट पर भाजपा केर हार आ पार्टीक भीतर आपसी खींचतान के लएपूछल गेल सवाल पर बाबूलाल मरांडी कहलनि जे पिछला चुनाव मे पार्टी के मामूली वोटक भेद सं हारकसामना करय पड़ल छल। चुनाव मे हारि-जीत होइत रहैत अछि, मुदा एहि बेर पार्टीक सभ नेता आ कार्यकर्ता मिलि कए तैयारी कए रहल छथि। ओ दावा कएलनि जे पिछला चुनावक कमीक दूर करैत भाजपा एहि बेर गिरिडीह विधानसभासीट पर नीक वोटक भेद सं जीत दर्ज करत। गिरिडीह मे संभावित उपचुनाव आ प्रत्याशीक घोषणा के लए ओ कहलनि जे भाजपा के नेता आ कार्यकर्ता लगातार क्षेत्र मे जनता के बीच रहि कए काज कए रहल छथि। भाजपा के लोक 365 दिन जनता के बीच रहैत छथि। चुनावक घोषणा भेलाक बाद पार्टी प्रत्याशीक नाम पर निर्णय लेत।

बाजारक मुख्य सड़क पर दोकान नहि लगाउ, नहि तं होयत कारबाइ

कुड़ू,समदिया



जिला परिषदक पूर्वी क्षेत्रक जिला परिषद सदस्य गंगोत्री देवीक प्रतिनिधि आ आजसू संयोजक लाल गुड्डू नाथ शाहदेवक नेतृत्व मे कुड़ू बाजार मे अवैध वसूली के लए तरकारी व्यापारी आ बाजारक दोकानदार सभक संग बृहस्पति दिन लगय बला साप्ताहिक बाजार परिसर मे आमसभा कयल गेल। एहि अवसर पर बीडीओ सह सीओ संतोष उरांव, थाना प्रभारी नीरज झा, कुड़ू मुखिया सुषमा देवी आ वार्ड सदस्य उपस्थित छलाह।सीओ आ थाना प्रभारी दोकानदार सभ सं बाजार मे चुंगी वसूलीक संबंध मे जानकारी लेलनि। दर्जनों व्यापारी आ दोकानदार बाजार संवेदक द्वारा जबरदस्ती चुंगी वसूली बंद करयबाक मांग कें लए आवेदन देलनि। ओतहि उपस्थित दर्जनों तरकारी व्यापारी आ दोकानदार सभ बाजार संवेदक आ हुनकर कर्मी सभपर जबरदस्ती निर्धारित राशि सं बेसी चुंगी लेबाक आरोप लगौलनि। दोकानदार सभ ईहो बतौलनि जे चुंगी नहि देला पर हुनका सभ कें बाजार सं बाहर निकालि देबाक धमकी देल जाइत अछि आ अभद्र व्यवहारकयल जाइत अछि।एहि अवसर पर बीडीओ आ सीओ बाजार संवेदक कें चुंगी वसूलीक बदला टोकन देबाक निर्देश देलनि।तरकारी विक्रेता आ दोकानदार सभ कें बिना टोकन लेने चुंगी नहि देबाक लेल कहल गेल। बाजारनिरीक्षणक दौरान सड़क पर लागल दोकान सभ कें देखि कहल गेल जे कोनो दोकानदार सड़कक बीच मे दोकान नहि लगाओत। सड़कक बीच मे दोकान लगेनिहार दोकानदारक विरुद्ध कड़ा कानूनी कारबाइ कयल जायत।अधिकारी सभ कहलनि जे अगिला रवि दिन आ बृहस्पति दिन बाजारक जांच कयल जायत। एहि दौरानसड़क पर दोकान लगेनिहार दोकानदार सभक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कयल जायत। ओम्हर, जिला परिषद सदस्यक प्रतिनिधि लाल गुड्डू नाथ शाहदेव बाजार संवेदक पर अवैध चुंगी वसूली करबाक आरोप लगौलनि। ओ सीओ आ थाना प्रभारी कें बतौलनि जे जिला परिषदक निर्देशानुसार छोटदोकानदार सं 7 टाका, मझौला दोकानदार सं 13 टाका आ पैघ दोकानदार सं 25 टाका लेबाक प्रावधानअछि। मुदा बाजार संवेदक बाजार आबय बला तरकारी व्यापारी आ दोकानदार सभ सं जबरदस्तीनिर्धारित राशि सं बेसी चुंगी वसूलैत अछि।एहि मामिला पर सीओ कहलनि जे जिला परिषदक दिशा-निर्देशक अनुसार बाजार संवेदक कें चुंगी वसूलयपड़त। जं संवेदक मनमानी करैत पकड़ल गेल, तं हुनका विरुद्ध कानूनी प्रक्रिया अपनाओल जायत।ओम्हर, बाजार संवेदक जयशील प्रसाद कहलनि जे बाजार मे जिला परिषदक निर्देशानुसारे चुंगी वसूलीकयल जा रहल अछि।

सारंडा जंगल मे दू केन बम भेटल, कोयना नदीक कात भेटल विस्फोटक सभक वजन करीब 5 किलो

मुठभेड़ स्थल सं डेढ़ सं 2 किलोमीटर दूर छल

पश्चिमी सिंहभूम,समदिया



पश्चिमी सिंहभूम जिला के सारंडा जंगल मे पहिने सं नुकाकय राखल गेल विस्फोटक सुरक्षा बल लेल चुनौती बनल अछि। छोटानागरा थाना क्षेत्रक बहरूदा गामक जंगल मे सुरक्षा बल जमीनमे नुकाकय राखल गेल दू केन बम खोजलक। दुनू बम कें सुरक्षित तरीका सं निष्क्रिय कए देल गेल।193म बटालियन सीआरपीएफ आ छोटानागरा थाना प्रभारी गौतम कुमारक नेतृत्व मे पुलिस आ सुरक्षाबलक संयुक्त टीम इलाका मे एरिया डोमिनेशन अभियान चला रहल छल। एहि दौरान कोयना नदीक कात पगडंडी पर जमीन मे नुकाकय राखल गेल विस्फोटक सभक पता चलल। दुनू केन बमक कुल वजन करीब 5 किलो होयबाक अनुमान अछि। पुलिस अधीक्षक अमित रेनू विस्फोटकभेटबाक पुष्टि कयलनि।किछु महीना पहिने भेल छल नक्सल सभ सं मुठभेड़बम भेटबाक स्थान किछु महीना पहिने पुलिस आ नक्सल सभक बीच भेल मुठभेड़ स्थल सं डेढ़ सं 2किलोमीटर दूर अछि। ओहि मुठभेड़ मे 1 करोड़ टाकाक इनामी नक्सली अनल दा आ 50 लाख टाकाकइनामी अनमोल दा सहित 17 नक्सली मारल गेल छल।छोटानागरा थाना प्रभारी गौतम कुमार बतौलनि जे नक्सली सभ पहिनहि एहि विस्फोटक सभ कें नुकाकय रखने छल। सुरक्षा बल ओकर खोज कए निष्क्रिय कए देलक।

गढ़वा जिला मे चक्रवात सं बढ़ल परेशानी, कतेको प्रखंड मे रुकि-रुकि कए बरखा

रबी फसल लेल लाभदायक

गढ़वा,समदिया



अर्नब चक्रवातक प्रभाव सं गढ़वा जिला मे भए रहल बरखा किसान सभक लेल राहति आ परेशानीदुनू लए कए आयल अछि। एक दिस बरखा सं रबी फसलक तैयारी लेल खेत मे नमी बढ़बाक उम्मीद अछि,तं दोसर दिस खेत मे पाकि कए तैयार धानक फसल पर नुकसानक खतरा मंडरा रहल अछि। खास कए ओहि किसान सभक चिंता बढ़ि गेल अछि, जे धान काटि कए खेत मे छोड़ि देने छथि अथवा जिनकर फसल कटाइ लेल तैयार अछि। एहन स्थिति मे किसान सभक सोझां अपन मेहनतक कमाइ कें बरखा संबचयबाक चुनौती ठाढ़ भए गेल अछि।बुध दिन सांझ करीब साढ़े चारि बजे शुरू भेल बरखा बृहस्पति दिनो दिन भरि रुकि-रुकि कए होइत रहल।एहि दौरान गढ़वा जिला मे 11.7 मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। हालांकि, राहतक बात ई अछि जे जिला मे बरखा संग आन्ही वा तेज बीहाड़ि जेकां स्थिति नहि बनल अछि। बाबू दिनेश सिंह विश्वविद्यालय, गढ़वाक कृषि आ वानिकी विभागक डीन डॉ. अशोक कुमार कहलनि जे अर्नब चक्रवात 28 अक्टूबर कें आंध्र प्रदेशक तट सं टकरय के बाद कमजोर पड़ि कए गहींर अवदाब (डीप डिप्रेशन) मे बदलि गेल। ई आओर कमजोर भए कए 29 अक्टूबरक सांझ सुव्यक्त निम्न दबाव क्षेत्र (वेलमार्क्ड लो प्रेशर एरिया) मे बदलि गेल। एकर केंद्र उत्तरी तटीय आंध्र प्रदेश, दक्षिणी ओडिशा, दक्षिणीछत्तीसगढ़ आ उत्तर-पूर्वी तेलंगाना मे छल।ओ कहलनि जे आब ई उत्तर-पश्चिम दिस बढ़ैत कमजोर पड़ि जायत। अर्नब चक्रवातक मुख्य केंद्र झारखंडधरि पहुंचबाक संभावना नहि अछि। एहि कारण एतय आन्ही-तूफानक स्थिति बनबाक आशंका नहि अछि। मुदा एकर बाहरी बादल, नमी आ वायुमंडलीय परिसंचरणक प्रभाव सं 30 अक्टूबर धरि बरखा होइत रहत। एकर बाद 31 अक्टूबर सं बादल कमजोर पड़त, मुदा हल्का बरखा भए सकैत अछि। मौसिम 1 अथवा2 नवंबर सं पूरा तरहे साफ होयबाक संभावना अछि।डॉ. अशोक कुमारक अनुसार, ई मौसिम खरीफ फसल, खास कए पाकल धान आ तरकारी लेल नुकसानदायक अछि। जे किसान धान काटि कए खेत मे छोड़ने छथि, हुनका सभक फसल लेल ई बरखाबहुत नुकसानदायक साबित भए सकैत अछि। लगातार बरखा होयबाक कारण धानक दाना अंकुरित भए सकैत अछि। संगहि, खेत मे ठाढ़ पाकल धानक दाना बदरंग होयबाक खतरो रहत। एहन स्थिति मे किसान सभ कें खेत सं पानि निकासक व्यवस्था बनौने रखबाक चाही। मौसिम साफ होइते काटल गेल फसल कें पसारि कए यथाशीघ्र सुखेबाक प्रयास करबाक चाही। ई मौसिम कीट आ रोगक प्रकोप सेहो बढ़ा सकैत अछि। तें तरकारी फसल पर विशेष नजरि रखबाक जरूरत अछि। रस चूसय बला कीट लगला पर इमिडाक्लोप्रिड 1.5 मिलीलीटर प्रति लीटर पानि मे घोलि कए एक सप्ताहक विराम पर दू बेरछिड़काव करबाक सलाह देल गेल अछि।जिला मे एहि समय कतेको क्षेत्र मे धानक फसल पाकि कए तैयार अछि। एहन मे बरखा होयबाक कारणखेत मे ठाढ़ फसल आ काटि कए राखल धानक बाली दुनू कें नोकसान पहुंचबाक खतरा अछि। खेत मे पानिजमा होय आ फसल भीजल रहबाक कारण कटाइ, मड़ाइ आ अनाज कें सुरक्षित रखबाक प्रक्रिया प्रभावित भए सकैत अछि। एहि कारण किसान सभक चिंता बढ़ि गेल अछि।हालांकि, दोसर दिस ई बरखा रबी फसलक तैयारी लेल फायदेमंद साबित भए सकैत अछि। खेत मे पर्याप्त नमी रहला सं जुताइ आ आगामी फसलक बुआइ मे सहायता भेटत। चक्रवातक प्रभाव सं भए रहल बरखाक कारण जिला मे तापमान घटबाक आ ठंड बढ़बाक संभावना अछि। ओम्हर, दीपावली आ छठ जेकां प्रमुख पर्व-त्योहारक तैयारी पर सेहो बरखाक असर पड़बाक आशंका अछि। जं बरखा जारी रहल, तं बाजार मे खरीदारी, पूजा-पाठक तैयारी आ खुला स्थान पर होमय बला आयोजन मेलोक कें परेशानी भए सकैत अछि।

बीएसएल मे निविदा आ खरीद प्रक्रिया मे पारदर्शिता पर जोर



बोकारो,समदिया

बीएसएल मे सतर्कता जागरूकता सप्ताह-2026 के अंतर्गत बृहस्पति दिन सामग्री प्रबंधनकॉन्फ्रेंस हॉल मे निविदा प्रक्रिया, खरीद आ संविदा प्रबंधन विषय पर एकदिवसीय प्रशिक्षण कार्यक्रमआयोजित कयल गेल। एहि कार्यक्रम मे 25 अधिकारी भाग लेलनि।कार्यक्रमक शुरुआत मुख्य महाप्रबंधक (सामग्री प्रबंधन आ मार्केटिंग) द्वारा अधिकारी सभ केंसत्यनिष्ठाक शपथ दियबाक संग भेल। एहि अवसर पर मुख्य महाप्रबंधक (सामग्री प्रबंधन) आ मुख्य महाप्रबंधक (सतर्कता) सह एसीवीओ उपस्थित छलाह।

अररिया मे चक्रवात अर्नबक असरि सं 2 दिन सं बरखा

खेत मे पानि जमा भेला सं किसान परेशान, धानक फसिल कें नुकसानक आशंका

अररिया, समदिया

बंगालक खाड़ी सं उठल चक्रवात अर्नबक असर अररिया जिला मे देखबा लेल भेटि रहल अछि। पछिला 2 दिन सं रुकि-रुकि कए भए रहल बरखा जनजीवनक गति धीमा कए देने अछि।

शुक्रदिन भोर सं लगातार बरखा होयबाक कारण आकाश मे बादल छाओल रहल। ठंढा हवा चलला सं मौसिम मे ठंढ बढ़ि गेल। जरूरी काज रहला पर मात्र लोक घर सं बाहर निकललाह।

बाजार मे ग्राहक सभक आवाजाही घटल

बेमौसम बरखाक असर बाजार पर सेहो पड़ल अछि। शुक्रदिन शहर सं लए कए ग्रामीण बाजार धरि ग्राहक सभक आवाजाही कम रहल।

दोकानदार दिन भरि ग्राहक सभक बाट तकैत रहलाह। सड़क पर वाहन आ राहगीर सभक संख्या सेहो सामान्य दिनक तुलना मे कम देखल गेल। छोट कारोबार करय बला आ फुटपाथ पर दोकान लगाबय बला लोक के आर्थिक परेशानीक सामना करय पड़लनि।



धानक कटाइ पर बरखा लगौलक रोक

लगातार बरखा किसान सभक चिंता बढ़ा देने अछि। एखन जिला मे धानक कटाइ चलि रहल अछि। खेत मे पानि जमा भेला सं तैयार फसल के नोकसान पहुंचबाक आशंका अछि।

बरखाक कारण खेत मे काज करय बला मजदूर सभ सेहो काज पर नहि जा पाबि रहल छथि। किसान सभ कें डर अछि जे बरखा जारी रहल तं कटाइ आ तैयार धान के सुरक्षित रखबा मे परेशानी होयत।

खराब मौसिम सं छोट कारोबार करय बला सभक परेशानी बढ़ल

बरखाक कारण बाजारक रौनक गायब अछि। फुटपाथ पर दोकान लगाबय बला आ छोट कारोबारी सभ सब सं बेसी प्रभावित छथि। दिन भरि दोकान खोलि कए बैसल रहबाक बावजूद ग्राहक नहि पहुंचि रहल छथि। ओतहि, जरूरी काज सं बाहर निकलल लोक सभ कें सेहो बरखाक कारण आवागमन मे परेशानी भए रहल अछि।

प्रशासन सतर्क, लोक सभ सं सावधानी बरतबाक अपील

लगातार खराब मौसिम के देखैत लोक सभक बीच चक्रवात के लए कए चर्चा तेज भए गेल अछि। हालांकि, जिला मे एखन धरि कोनो पैघ नुकसानक सूचना नहि अछि। लोक सभ मौसिम विभागक जानकारी पर नजरि रखने छथि। प्रशासन सेहो खराब मौसिम मे सतर्क रहबाक अपील केने अछि। लोक सभ कें बिना जरूरी काज घर सं बाहर नहि निकलबाक आ तेज हवा आ बरखाक दौरान गाछ आ कमजोर संरचना सभ सं दूर रहबाक सलाह देल जा रहल अछि।

शेखपुरा मे मध्यस्थता अभियानक जागरूकता गाड़ी विदा, प्रधान जिला जज हरियर झंडी देखेलनि



शेखपुरा, समदिया

राष्ट्रीय विधिक सेवा प्राधिकारक देशव्यापी मध्यस्थता अभियानक तेसर चरणक प्रचार-प्रसार लेल शेखपुरा मे जागरूकता वाहन विदा कएल गेल। मौसिम खराब रहबाक बावजूद जिला विधिक सेवा प्राधिकार एहि वाहन के विदा कएलक।

प्रधान जिला जज आ प्राधिकारक अध्यक्ष संतोष कुमार तिवारी न्यायालय परिसर सं हरियर झंडी देखाकए वाहन विदा कएलनि।

प्रशिक्षित अधिवक्ताक दल कए रहल अछि काज

न्यायालय परिसरक न्याय वाटिका मे आयोजित कार्यक्रम मे सत्र न्यायाधीश नीरज किशोर, सतीश कुमार झा, रविंद्र कुमार, जिला विधिज्ञ संघक महासचिव विनोद कुमार सिंह आ कतेको अधिवक्ता उपस्थित छलाह।

ई वाहन ऑडियो-वीडियो माध्यम सं लोक सभ कें मध्यस्थताक संबंध मे जागरूक करत। ई जिलाक शहरी आ ग्रामीण इलाका सभ मे घूमत आ लोक सभ कें आपसी विवाद मध्यस्थताक माध्यम सं सुलझेबाक लेल प्रेरित करत।

अधिवक्ता सभ सं सहयोगक अपील

जिला विधिक सेवा प्राधिकारक कार्यालय मे मध्यस्थता लेल प्रशिक्षित अधिवक्ता सभक दल काज कए रहल अछि। लोक सभ आपसी सहमति सं मध्यस्थ सभक समक्ष आवेदन दए अपना मामिला सभक निपटारा करा सकैत छथि।

प्राधिकारक सचिव सुशील प्रसाद बतौलनि जे ई अभियानक तेसर चरण अछि। पछिला चरण सभ मे सेहो एतय पैघ संख्या मे लोक लाभ उठौने छलाह। ओ अभियान के सफल बनेबाक लेल अधिवक्ता सभ सं सहयोगक अपील कएलनि।

अष्टभुजी धाम मे छठि पूजाक तैयारी शुरू बैठक मे कार्यक्रमक रूपरेखा तैयार



औरंगाबाद, समदिया

औरंगाबादक बारुण प्रखंड स्थित अष्टभुजी धाम पिपरा मे छठि पूजाक तैयारी शुरू भए गेल अछि। मंगलदिन नवयुवक संघ समितिक बैठक भेल। एकर अध्यक्षता मनु कुमार ठाकुर कएलनि। बैठक मे समितिक सभ सदस्य आ कार्यकारिणी सदस्य मौजूद छलाह। बैठक मे छठि पूजाक कार्यक्रमक रूपरेखा पर चर्चा भेल। एहि ठाम प्रत्येक वर्ष हजारो श्रद्धालु पहुंचैत छथि। हुनका सभक सुविधा लेल समितिक दिस सं छठि घाटक साफ-सफाइक काज शुरू कए देल गेल अछि।

घाट पर रोशनी आ प्रसाद वितरणक व्यवस्था कएल जाएत। राति मे श्रद्धालु सभक मनोरंजन लेल चलचित्र देखेबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। दूर-दराज सं आबय बला श्रद्धालु सभक ठहरबाक व्यवस्था सेहो समिति करत।

एहि वर्ष छठि घाट पर भगवान सूर्य नारायणक प्रतिमा स्थापित कएल जाएत। प्रतिमा स्थापना आ धार्मिक अनुष्ठान आचार्य नीरज मिश्रा केर मार्गदर्शन मे होयत।

बैठक मे सदस्य सभ पूजा शांतिपूर्ण आ साफ-सुथरा ढंग सं संपन्न करय लेल आपसी सहयोग आ अपन-अपन जिम्मेदारी निभेबा पर जोर देलनि। समितिक दिस सं श्रद्धालु सभ कें आवश्यक सुविधा उपलब्ध करयबाक आ पूजा कें भक्तिमय वातावरण मे संपन्न करयबाक बात कहल गेल।

डीएम-एसएसपीक नेतृत्व मे 150 पुलिसकर्मी कएलक ढाई घंटा धरि तलाशी, प्रतिबंधित सामान नहि भेटल

मुजफ्फरपुर सेंट्रल जेल मे छापेमारी

मुजफ्फरपुर, समदिया

मुजफ्फरपुरक शहीद खुदीराम बोस केंद्रीय कारा मे शुक्रदिन भोर जिला प्रशासन आ पुलिसकर्मी सभक दल छापेमारी कएलक। भोर 4 बजे सं 6:30 बजे धरि कारबाइ चलल। जेलक कोना-कोना मे तलाशी लेल गेल, हालांकि, दल के कोनो आपत्तिजनक वा प्रतिबंधित सामान बरामद नहि भेल। जेल प्रशासन एकरा नियमित सुरक्षा जांचक हिस्सा बतौलक।

पुलिसकर्मी सभ कें अलग-अलग दल मे बांटि कए वार्ड, सेल, अस्पताल आ रसोइघरक तलाशी लेल गेल। बंदी सभक बिछाओन आ सामानक जांच सेहो कएल गेल। अधिकारी सभ जेलक भीतरी आ बाहरी देबालक संग मुख्य दरबज्जा सभक सुरक्षा व्यवस्था सेहो देखलनि। त्योहार के मद्देनजर जेल सभ मे सुरक्षा व्यवस्था चाक-चौबंद रखबाक उद्देश्य सं ई कारबाइ कएल गेल।



दल मे 36 सब-इंस्पेक्टर सेहो छलाह

एहि महत्वपूर्ण छापेमारीक नेतृत्व जिलाधिकारी कुमार गौरव, एसएसपी कांतेश कुमार मिश्रा, नगर पुलिस अधीक्षक सुरेश कुमार, एसडीओ पूर्वी आनंद उत्सव आ भूमि सुधार उपसमाहर्ता कए रहल छलाह। सुरक्षा व्यवस्था के अभेद्य बनेबाक लेल दल मे 150 सशस्त्र पुलिस कांस्टेबल आ 36 सब-इंस्पेक्टर (एसआई) शामिल छलाह।

ढाई घंटा धरि एक-एक वार्डक लेल गेल तलाशी

अनचोके भेल एहि कारबाइ सं जेल परिसर आ बंदी सभक बीच अफरा-तफरी मचि गेल। वरिष्ठ अधिकारी सभक निगरानी मे पुलिस बल के अलग-अलग दल मे बांटि कए सभ संवेदनशील वार्ड, सेल, अस्पताल परिसर आ रसोइघरक बारीकी सं तलाशी लेल गेल। बंदी सभक बिछाओन, सामान आ हुनकर वार्डक गुप्त कोना सभक पूरा तरहे जांच कएल गेल। एकर अतिरिक्त, जेलक भीतरी आ बाहरी सुरक्षा देबाल आ मुख्य दरबज्जा सभक सुरक्षा व्यवस्थाक जायजा अधिकारी सभ स्वयं लेलनि।

सामान्य तौर पर छापेमारीक दौरान मोबाइल फोन, चार्जर, तंबाकू वा दोसर प्रतिबंधित सामान बरामद होइत अछि, मुदा ढाई घंटाक सघन जांचक बादो सेंट्रल जेल सं कोनो अवैध वस्तु नहि भेटल। अधिकारी सभ जेल परिसरक साफ-सफाइ आ सुरक्षा अनुशासनक सराहना कएलनि।

औरंगाबाद मे कला महोत्सवक ऑडिशन पूरा प्रत्येक प्रखंड सं चुनल गेलाह तीन कलाकार



औरंगाबाद, समदिया

बिहार प्रदेश स्तरीय कला महोत्सव 2026 लेल औरंगाबाद जिलाक सभ प्रखंड आ जिला मुख्यालय मे ऑडिशन पूरा भए गेल। संगीत आ नृत्यक ऑडिशन मे स्थानीय कलाकार सभ हिस्सा लेलनि। चयनित कलाकार 1 नवंबर के फाइनल मोकाबला मे अपन प्रस्तुति देताह।

ऑडिशन मे कला कौशल मंचक अध्यक्ष आदित्य श्रीवास्तव, लोक गायक राम श्लोक रामा, गीत रचनाकार अक्षय पाठक, साधना संगीत विद्यालयक निदेशक रंजन, संगीत निर्देशक राजकुमार, वीरेंद्र सिंह, प्रभात कुमार आ पाल सिंह सहित आन लोक शामिल छलाह।

कार्यक्रम संयोजक आदित्य श्रीवास्तव बतौलनि जे प्रत्येक प्रखंड सं तीन कलाकार चुनल गेलाह अछि। ओ कहलनि जे महोत्सवक उद्देश्य स्थानीय कलाकार सभ कें मंच देब आ बिहारक लोक संस्कृति, पारंपरिक संगीत आ नृत्य के बढ़ावा देब अछि। संगीत प्रतियोगिताक विजेता के ह्यबिहारक सुरक बादशाहह्ण आ नृत्य प्रतियोगिताक विजेता के ह्यभरतनाट्यम नृत्य उस्तादह्ण केर खिताब देल जायत।

फाइनल मोकाबला 1 नवंबर के लॉर्ड बुद्धा पब्लिक स्कूल परिसर स्थित सिद्धार्थ सभागार हॉल मे होयत। निर्णायक मंडल मे बिहार आ झारखंडक कलाकार सभ कें आमंत्रित कएल गेल अछि।

विविध

पाबनिक सीजन मे पैघ झटका! उम्मीद सं कम बिक्रीक बाद स्मार्टफोन आ टीवी निर्माता सभ उत्पादन घटेलनि



भारत मे त्योहारी सीजनक दौरान स्मार्टफोन आ टेलीविजनक बिक्री उम्मीदक अनुरूप नहि भेला सं इलेक्ट्रॉनिक्स कंपनी सभक मुश्किल बढ़ि गेल अछि। दोकानदार सभक लग बिना बिकले सामानक भंडार जमा भए गेल अछि। एहन स्थिति मे कंपनी सभ अगिला 2 सं 3 महीना मे उत्पादन घटेबाक तैयारी कए रहल अछि। ईटीक रिपोर्टक अनुसार, कंपनी सभ निर्धारित योजनाक तुलना मे उत्पादन मे 20% धरि कटौती कए सकैत अछि। एकर प्रमुख कारण कमजोर मांग आ मेमोरी चिपक बढ़ैत कीमत अछि। रिपोर्टक अनुसार, एहि साल त्योहारी सीजन मे स्मार्टफोन आ टेलीविजनक बिक्रीक मात्रा पिछला सालक समान अवधिक तुलना मे करीब 25% कम रहल। ओतहि, जनवरी सं सितंबरक दौरान सेहो एहि दूनू श्रेणीक बिक्री मे सालाना आधार पर 10% सं बेसी गिरावट दर्ज कएल गेल।

त्योहारी सीजन इलेक्ट्रॉनिक्स कंपनी सभक लेल बहुत महत्वपूर्ण होइत अछि। ओणम सं दिवाली धरि केर समय स्मार्टफोन आ टेलीविजनक सालाना बिक्री मे करीब 30% योगदान दैत अछि। एहन स्थिति मे एहि अवधि मे कमजोर मांगक असर कंपनी सभक आमदनी, उत्पादन आ खुदरा कारोबार पर पड़ि सकैत अछि। एहि गिरावट के एकटा पैघ कारण मेमोरी चिपक बढ़ैत कीमत अछि। रिपोर्टक अनुसार, पछिला 10 महीना मे मेमोरी चिपक कीमत 2 सं 3 गुना धरि बढ़ि गेल अछि। कृत्रिम बुद्धिमत्ता (एआई) सं जुड़ल डेटा सेंटर आ सर्वरक बढ़ैत मांगक कारण मेमोरी चिपक आपूर्ति पर दबाव पड़ल अछि। एकर सीधा असर इलेक्ट्रॉनिक उपकरण सभक लागत पर पड़ल अछि। रिपोर्टक अनुसार, स्मार्टफोनक कीमत मे औसतन 35-40% आ टेलीविजनक कीमत मे 20-25% धरि बढ़ोतरी भेल अछि। एहि कारण खास कए बजट आ मध्यम श्रेणीक ग्राहक सभक खरीदारी क्षमता प्रभावित भेल अछि।

टेलीविजन निमार्ता सभ सेहो कमजोर मांग आ महंग कंपोनेंटक दोहरी चुनौतीक सामना कए रहल अछि। हायर इंडिया (स्त्रीा१ क्रल्र्ग्) केर मुख्य कार्यकारी अधिकारी सतीश एनएस ईटीक रिपोर्ट मे कहलनि जे पिछला सालक त्योहारी सीजनक तुलना मे टेलीविजनक बिक्री मे करीब 15% गिरावट आएल अछि। एकर अतिरिक्त, 32 सं 43 इंचक टीवी मे इस्तेमाल होमय बला मेमोरी चिपयुक्त प्रिंटेड सर्किट बोर्ड (पीसीबी) केर कीमत एहि साल बढ़ि कए 80 डॉलर भए गेल अछि। आपूर्तिकर्ता सभ कें आशंका अछि जे जनवरी-फरवरी धरि एकर कीमत 110 डॉलर तक पहुंचि सकैत अछि। सोनी इंडिया (रङ्कल्ल८ क्रल्र्ग्) केर प्रबंध निदेशक सुनील नायर मीडिया रिपोर्ट मे कहलनि जे 65 इंच सं पैघ टीवीक बिक्री मे कंपनी के बढ़त भेटल अछि, मुदा 55 इंच आ ओहि सं छोट टीवीक श्रेणी मे दबाव बनल अछि।

बाजार मे मांग कम भेला आ दोकानदार सभक लग पहिनहि बेसी सामान जमा रहला पर कंपनी सभक लेल उत्पादन जारी राखब महंग साबित भए सकैत अछि। एहि सं गोदाम मे सामानक भंडार बढ़बाक आ कंपनी सभक पूंजी फंसबाक आशंका रहैत अछि। एही कारण कंपनी सभ अगिला 2 सं 3 महीना मे उत्पादन घटा कए बाजार मे मौजूद अतिरिक्त भंडार कम करय चाहैत अछि। उत्पादन मे कटौती कए कंपनी सभ मांग आ आपूर्तिक बीच संतुलन बनेबाक संग अपन खर्च नियंत्रित करबाक प्रयास करत। जैना ग्रुप (खंल्लं ऋङ्क४स्र) केर प्रबंध निदेशक प्रदीप जैन ईटीक रिपोर्ट मे कहलनि जे स्मार्टफोनक उत्पादन मे करीब 20% कटौती भए सकैत अछि। हालांकि, हुनका आशा अछि जे अगिला साल ग्राहक सभ अपन पुरान उपकरण बदलय लगताह, जाहि सं बाजार मे किछु सुधार देखबाक लेल भेटि सकैत अछि।

भारतक अर्थव्यवस्थाक गति बरकरार जीडीपी विकास दर 7.35% रहबाक अनुमान



भारतीय अर्थव्यवस्थाक गति बरकरार अछि। अक्टूबर 2026 केर मासिक आर्थिक समीक्षा के अनुसार, वित्त वर्ष 2026-27 केर दोसर तिमाही मे देशक वास्तविक जीडीपी विकास दर 7.35% रहबाक अनुमान अछि। हालांकि, एहि दौरान महंगाई बढ़ला सं आम लोकक चिंता सेहो बढ़ि गेल अछि। सितंबर मे खुदरा महंगाई बढ़ि कए 5.54% भए गेल, जखनकि अगस्त मे ई 4.83% छल। खाद्य महंगाई सेहो बढ़ि कए 7.74% पर पहुंचि गेल। दोसर दिस, औद्योगिक उत्पादन, निर्यात, जीएसटी संग्रह आ बैंक ऋण मे बढ़ोतरी सं अर्थव्यवस्था के सहारा भेटि रहल अछि।

अक्टूबर 2026 केर मासिक आर्थिक समीक्षा के अनुसार, वित्त वर्ष 2026-27 केर दोसर तिमाही मे भारतक वास्तविक जीडीपी विकास दर 7.35% रहि सकैत अछि। पहिल तिमाही मे ई दर 7.8% छल। अर्थात आर्थिक विकासक गति किछु धीमा होएबाक बावजूद मजबूत बनल अछि। अंतरराष्ट्रीय मुद्रा कोष (आईएमएफ) पूरा वित्त वर्ष लेल भारतक आर्थिक विकासक अनुमान बढ़ा कए 7% कए देने अछि। ओतहि, विश्व बैंक, आर्थिक सहयोग आ विकास संगठन (ओईसीडी) आ भारतीय रिजर्व बैंक (आरबीआई) 7.1% विकास दरक अनुमान जतौने अछि। देशक औद्योगिक क्षेत्र मे सेहो मजबूती देखय लेल भेटल अछि। अगस्त 2026 मे औद्योगिक उत्पादन मे सालाना आधार पर 8% वृद्धि दर्ज कएल गेल। एहि दौरान विनिर्माण क्षेत्रक उत्पादन 9% बढ़ल। सितंबर मे आठ प्रमुख उद्योग सभक उत्पादन मे सेहो 7.9% बढ़ोतरी दर्ज कएल गेल। वित्त वर्षक दोसर तिमाही मे सकल वस्तु आ सेवा कर (जीएसटी) संग्रह मे करीब 15% वृद्धि भेल। ओतहि, बैंक ऋणक विकास दर 21.6% रहल। एहि आंकड़ा सभ सं पता चलैत अछि जे देश मे आर्थिक गतिविधि जारी अछि आ कारोबार के ऋणक माध्यम सं सहायता भेटि रहल अछि। आर्थिक विकासक बीच महंगाईक दबाव बढ़ि गेल अछि। सितंबर 2026 मे खुदरा महंगाई दर बढ़ि कए 5.54% भए गेल, जखनकि अगस्त मे ई 4.83% छल। खाद्य महंगाई सेहो बढ़ि कए 7.74% पर पहुंचि गेल। प्याज, चीनी, खाद्य तेल आ चाउरक कीमत मे बढ़ोतरी के एकर प्रमुख कारण बताओल गेल अछि। महंगाई पर नियंत्रण पएबाक लेल आरबीआई रेपो दर मे 25 आधार अंकक बढ़ोतरी कएलक आ मौद्रिक नीतिक रुख तटस्थ स्थिति सं धीरे-धीरे सख्ती दिस मोड़ि देलक। रेपो दर बढ़ला सं ऋणक ब्याज दर पर सेहो असर पड़ि सकैत अछि।

इसराइल चुनाव : कोनो गठबंधन कें बहुमत नहि सरकार गठन मे अरब दल बनल निर्णायक





तेल अवीव, एजेंसी

इसराइलक आम चुनावक अंतिम परिणाम सं स्पष्ट भए गेल अछि जे प्रधानमंत्री बिन्यामिन नेतन्याहूक गठबंधन आ हुनकर मुख्य प्रतिद्वंद्वी गादी आइजनकोटक विपक्षी गठबंधन, दुनू मे सं केओ संसद मे बहुमत हासिल नहि कए सकल। एहि चुनाव मे दुनू अरब दलक गठबंधन-जॉइंट लिस्ट आ राम-अपेक्षा सं नीक प्रदर्शन करैत 120 सदस्यीय इसराइली संसद मे रिकॉर्ड 19 सीट जीतलक। एहि परिणामक बाद सरकार गठन मे अरब दलक भूमिका निर्णायक भए गेल अछि। नेतन्याहूक गठबंधन कें 53 सीट भेटल, जखन कि हुनकर प्रतिद्वंद्वी आइजनकोटक गठबंधन 48 सीट पर सिमटि गेल। आब इसराइलक राष्ट्रपति हजीग सभ राजनीतिक दलक संग विचार-विमर्श करताह। तकर बादे ओ कोनो नेता कें सरकार बनेबाक लेल आमंत्रित करताह। एहि प्रक्रिया मे कतेको सप्ताह लागि सकैत अछि। जं सरकार गठनक प्रयास विफल रहत, तं देश मे फेर सं चुनाव कराबय पड़त। यरुशलम स्थित अपन आवास पर भेल बैठक मे राष्ट्रपति हजीग मंगलदिनक चुनाव मे 77.7 प्रतिशत मतदानक प्रशंसा कयलनि। ई दू दशक सं बेसी समय मे देशक सर्वाधिक मतदान प्रतिशत अछि। ओ कहलनि जे ई इसराइली समाज लेल गर्वक विषय अछि आ ई देखबैत अछि जे देश मे लोकतंत्रक प्रति लोकक इच्छा कतेक गहींर अछि। हुनका आशा अछि जे अगिला सप्ताह आधिकारिक परिणाम भेटलाक बाद सभ दलक संग बातचीत शुरू करताह। ओ कहलनि जे फेर चुनाव करबाक स्थिति टारबाक लेल सभ सं संभव प्रयास होयबाक चाही। प्रधानमंत्री नेतन्याहू आ हुनकर मुख्य प्रतिद्वंद्वी दुनू सरकार बनेबाक लेल आमंत्रण पयबाक दावा कयने छथि। विपक्षी गठबंधनक नेता आइजनकोट शुरूआती एग्जिट पोलक आधार पर दावा कयने छलाह जे जनता बदलावक पक्ष मे निर्णय देने अछि। शुरूआती अनुमान मे हुनकर चेंज ब्लॉक कें 52-53 सीट आ नेतन्याहूक गठबंधन कें 50 सीट भेटबाक संभावना जताओल गेल छल। मुदा बाद मे संशोधित अनुमान मे दुनू गुटक बीच कांटाक टक्कर देखाओल गेल। नेतन्याहू अपन पार्टी मुख्यालय मे कहलनि जे हुनकर दक्षिणपंथी गठबंधन भारी बहुमत हासिल कयने अछि। ओ स्पष्ट कयलनि जे इसराइल मे एकटा मजबूत दक्षिणपंथी राष्ट्रीय सरकार बनबाक चाही आ अरब दल पर निर्भर सरकार देश लेल खतरनाक होयत।

120 सदस्यीय संसद मे अरब गठबंधन सभ कें रिकॉर्ड 19 सीट, नेतन्याहूक गठबंधन 53 आ विपक्ष कें 48 सीट

युद्ध आ सुरक्षा बनल चुनावी मुद्दा

मंगलदिन भेल ई चुनाव 7 अक्टूबर 2023 कें हमासक घातक हमला आ तकर बाद गाजा, लेबनान तथा ईरान मे भेल युद्धक बाद पहिल आम चुनाव छल। इसराइलक लोक एकरा देशक इतिहासक महत्त्वपूर्ण चुनाव सभ मे सं एक मानि रहल छलाह। एहि चुनाव सं मात्र सरकारक नेतृत्वे नहि, बल्कि देशक वर्तमान कठोर धार्मिक-राष्ट्रवादी दिशा सेहो तय होयबाक छल। चुनावक प्रमुख मुद्दा मे 7 अक्टूबरक हमला रोकय मे भेल सुरक्षा चूकक जवाबदेही, क्षेत्रीय युद्धक संचालन, अति-रूढ़िवादी यहूदी पुरुषक सेना मे भर्ती, न्यायिक सुधार आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर इसराइलक छवि शामिल छल। कफर साबा निवासी अविगैल लेविन पूर्व प्रधानमंत्री नफ्ताली बेनेटक विपक्षी बेयाचाद पार्टी कें वोट देने छलीह। ओ चुनाव परिणाम सं निराशा जतबैत कहलनि जे हुनका नव नेतृत्वक आशा छलनि। हुनकर विचार छलनि जे 7 अक्टूबरक समय जे लोक सत्ता मे छलाह, हुनका आब फेर सत्ता मे नहि रहबाक चाही। हुनकर पति केर दादी सेहो किबुत्ज बेएरी मे भेल हमला मे मारल गेल छलीह। ओहि हमला मे लगभग 1,200 लोक मारल गेल छलाह आ 251 लोक कें बंधक बना लेल गेल छल। दोसर दिस, रमात गान निवासी गेल नेतन्याहू कें वोट देलनि। हुनकर कहब छलनि जे इसराइली ओहन पड़ोसीक संग शांति सं नहि रहि सकैत छथि, जिनकर उद्देश्य यहूदी सभ कें समाप्त करब अछि। ओ अरब राजनीतिक दलक बढ़ैत प्रभाव पर सेहो चिंता जतौलनि।

चुनाव मे धांधलीक आरोप

बुधदिन नेतन्याहूक लिकुड पार्टी आरोप लगौलक जे चुनाव चोरी कयल गेल अछि। पार्टी बिना कोनो प्रमाण देल आरोप लगौलक जे मतदाता कें प्रभावित करबाक लेल रिश्वत, धमकी, हिंसा, धोखाधड़ी आ प्रतिबंधित सॉफ्टवेयरक प्रयोग कयल गेल। केंद्रीय चुनाव समितिक कहब अछि जे चुनाव बादक समीक्षा प्रक्रिया मे एहि आरोपक जांच कयल जायत।

अरब दलक बढ़ल राजनीतिक प्रभाव

एहि चुनाव मे यूनाइटेड अरब लिस्ट आ जॉइंट लिस्ट दुनू दलक सीट मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। एकर प्रमुख कारण अरब इसराइली मतदाताक मतदान मे भारी बढ़ोतरी मानल जा रहल अछि। इसराइलक कुल आबादी मे अरब समुदाय लगभग पांचम हिस्सा अछि। एहि समुदाय मे बहुत रास लोक अपना आपको इसराइलक फिलिस्तीनी नागरिक कहैत छथि। हाइफा लग एकटा गाम मे रहयवला आ अरब मतदाता कें मतदान लेल प्रेरित करयवला महदी काबाहा एहि परिणाम कें ऐतिहासिक बतौलनि। हुनकर कहब छलनि जे अरब नागरिक बाहर निकलि स्पष्ट संदेश देने छथि जे एहि देश मे हुनको अपन बात रखबाक वास्तविक अधिकार चाही। जॉइंट लिस्टक नेता यूसुफ जबारीन कहलनि जे अरब मतदाता अति-दक्षिणपंथी राष्ट्रीय सुरक्षा मंत्री इतामार बेन-ग्वीर कें सत्ता सं बाहर करबाक आशा मे सेहो मतदान कयलनि। बेन-ग्वीर पर अरब समुदाय विरुद्ध नस्लवादी बयान आ उकसावाक आरोप लगैत रहल अछि। हुनकर पार्टी कब्जाकृत पश्चिमी तटक विलय, गाजा मे यहूदी बस्तीक निर्माण आ फिलिस्तीनियनक स्वैच्छिक पलायनक पक्षधर रहल अछि।


सरकार गठन मे अरब दलक भूमिका

यूनाइटेड अरब लिस्टक नेता मंसूर अब्बास कहलनि जे हुनका आशा अछि जे विपक्षी चेंज ब्लॉक आ हुनकर दल मिलि संसद मे 61 सीट जुटा सकत। वामपंथी डेमोक्रेट्स पार्टीक नेता यायर गोलान सेहो आइजनकोटक सहयोगी सभ सं अरब दलक संग साझेदारी कए नेतन्याहूक गठबंधनक विकल्प बनेबाक अपील कयलनि। हुनकर कहब छलनि जे नस्लवाद समाप्त कयने बिना देशक भविष्य सुरक्षित नहि भए सकैत अछि। मुदा आइजनकोट पहिने अरब दलक संग गठबंधन बनेबाक प्रस्ताव पर आपत्ति जता चुकल छथि। हुनकर शर्त मे इसराइल कें यहूदी आ लोकतांत्रिक राष्ट्र मानब तथा हमास कें आतंकवादी संगठन स्वीकार करब शामिल अछि। हुनकर गठबंधनक दक्षिणपंथी दल सेहो अरब दलक संग सरकार बनेबाक पक्ष मे नहि अछि। जॉइंट लिस्टक नेता जबारीनक कहब छलनि जे विपक्षी दल अरब दल पर शर्त नहि थोपि सकैत अछि। जं विपक्ष वास्तव मे देश मे बदलाव आ अति-दक्षिणपंथी सरकारक विकल्प देबाक लेल तैयार अछि, तं ओकरा अरब दलक संग बातचीत करय पड़त। एहि तरहें इसराइलक चुनावी परिणाम एकटा अनिश्चित राजनीतिक स्थिति पैदा कए देने अछि। नेतन्याहू आ विपक्ष, दुनू बहुमतक आंकड़ा सं दूर छथि। आब अरब दलक समर्थन सरकार गठनक दिशा तय कए सकैत अछि। जं राजनीतिक दलसभक बीच सहमति नहि बनैत अछि, तं इसराइल कें फेर चुनावक सामना करय पड़ि सकैत अछि।

बदरीनाथ सं लौटैत हेलीकॉप्टर दुर्घटनाग्रस्त 6 लोक छलाह सवार, खोज अभियान शुरू

देहरादून, एजेंसी

उत्तराखंडक चारि धाम मे प्रमुख बदरीनाथ धाम सं वापस लौटैत एकटा हेलीकॉप्टर दुर्घटनाग्रस्त भए गेल। एहि घटनाक सूचना भेटिते हड़कंप मचि गेल। हेलीकॉप्टर मे पायलट सहित कुल 6 लोक सवार छलाह। सभ यात्री बेंगलुरुक रहयवला बताओल जा रहल छथि। हेलीकॉप्टर जोशीमठ आ बदरीनाथक बीच लापता भेल अछि। राहति आ बचाव कार्य लेल पुलिस, राज्य आपदा मोचन बल (एसडीआरएफ), सेना आ भारत-तिब्बत सीमा पुलिस (आइटीबीपी)क टीम घटनास्थल लेल रवाना भए गेल अछि। भेटल जानकारीक अनुसार, हेलीकॉप्टर शुक्रदिन दुपहर करीब 1 बजकर 15 मिनट पर बदरीनाथ सं देहरादून लेल उड़ान भरने छल। ई हेलीकॉप्टर ट्रांस भारत एविएशन कंपनीक बताओल जा रहल अछि। उड़ान भरलाक करीब 15 मिनट बाद हेलीकॉप्टरक हवाई यातायात नियंत्रण (एटीसी) आ आरटी संपर्क टूटि गेल। तकर बाद सं हेलीकॉप्टर सं संपर्क स्थापित करबाक लगातार प्रयास कयल जा रहल अछि, मुदा एखन धरि कोनो सुराग नहि भेटल अछि। हेलीकॉप्टरक मलबो एखन धरि नहि भेटल अछि।



पुलिस आ एसडीआरएफक टीम खोज अभियान चला रहल अछि।

चट्टान सं टकरेबाक आशंका

सूत्र सभक अनुसार, आशंका जताओल जा रहल अछि जे हेलीकॉप्टर पहाड़क चट्टान सं टकरा कए दुर्घटनाग्रस्त भेल होयत। हेलीकॉप्टरक आखरी लोकेशन जोशीमठक चाईं गाम लग भेटल छल। घटनाक जानकारी भेटिते एसडीएम सहित राहति आ बचाव दल घटनास्थल लेल रवाना भए गेल। एसडीआरएफक टीम पहाड़ पर चढ़ि हेलीकॉप्टरक खोज कए रहल अछि। उत्तराखंड नागरिक उड्डयन विकास प्राधिकरण (यूसीएडीए)क कर्मचारीसभक अनुसार, चाईं गामक ऊपर सेना शिविर लग ट्रांस भारत हेलीकॉप्टरक लोकेशन देखल गेल छल। ई हेलीकॉप्टर बदरीनाथ सं देहरादूनक सहस्त्रधारा लेल आबि रहल छल। उत्तराखंड नागरिक उड्डयन विकास प्राधिकरणक मुख्य कार्यकारी अधिकारी प्रतीक जैन कहलनि जे एखन हेलीकॉप्टरक खोज जारी अछि। मौसिम साफ होयला पर हेलीकॉप्टर कें सेहो खोज अभियान मे लगाओल जायत। हुनका अनुसार, हेलीकॉप्टर मे सवार सभ यात्री बेंगलुरुक छथि।

पायलट सहित पांच यात्री लापता, जोशीमठ आ बदरीनाथक बीच टूटल संपर्क

हेलीकॉप्टर मे सवार लोकसभक पहिचान

प्राप्त जानकारीक अनुसार, शुक्रदिन दुपहर 1 बजकर 12 मिनट पर राज्य सरकारक हेलीपैड सं ट्रांस भारत कंपनीक एचसीएक्स हेलीकॉप्टर बदरीनाथ धाम सं उड़ान भरने छल। सहस्त्रधारा, देहरादून लेल रवाना भेलाक लगभग 15 मिनट बाद हेलीकॉप्टरक एटीसी आ आरटी संपर्क टूटि गेल। तकर बाद सं लगातार संपर्क स्थापित करबाक प्रयास कयल जा रहल अछि। हेलीकॉप्टर मे पायलट हिमांशु सहित पांच यात्री सवार छलाह। यात्रीसभक पहचान प्रथापा, अरुण सालुंके, शंकरगौड़ा वीजी, सुधीर के आ एचएस नागाराजा केर रूप मे भेल अछि। सभ छह गोटे एखन लापता छथि। राहति आ बचाव दल पहाड़ी क्षेत्र मे खोज अभियान चला रहल अछि। एखन धरि दुर्घटनाक वास्तविक कारण आ हेलीकॉप्टर मे सवार लोकसभक स्थिति स्पष्ट नहि भए सकल अछि।

बांग्लादेश सं 1 लाख मजदूर आनत जापान? हंगामा मचला पर सरकार देलक सफाइ

दुनू देशक बीच आर्थिक सहयोग आ रोजगारक अवसर बढ़ेबाक चर्चा चलि रहल अछि

टोक्यो, एजेंसी

जापान मे बांग्लादेशक 1 लाख मजदूर कें अनबाक खबरि सोशल मीडिया पर वायरल भेलाक बाद जापान सरकार एहि पर सफाइ देने अछि। जापानक विदेश मंत्रालय एहि दावा कें गलत बतबैत स्पष्ट कयलक जे 27 अक्टूबर कें प्रधानमंत्री साने ताकाइची आ बांग्लादेशी प्रधानमंत्री तारिक रहमानक बीच भेल शिखर वार्ता मे एहन कोनो समझौता नहि भेल छल। दुनू देशक बीच आर्थिक सहयोग आ रोजगारक अवसर बढ़ेबाक चर्चा चलि रहल अछि, ताहि बीच ई खबर सामने आयल।

की अछि 1 लाख बांग्लादेशी मजदूर कें जापान आनबाक मामिला? : वास्तव मे, किछु दिन सं सोशल मीडिया पर दावा कयल जा रहल छल जे जापान सरकार बांग्लादेश सं प्रतिवर्ष 1 लाख श्रमिक कें अपना देश मे रोजगार देबाक लेल सहमत भेल अछि। किछु पोस्ट मे ईहो कहल गेल जे अगिला 5 वर्ष मे 5 लाख बांग्लादेशी जापान पहुंचताह। एहि दावा कें जापान आ बांग्लादेशक बीच हालहि मे भेल उच्चस्तरीय बैठक सं जोड़ि कय प्रस्तुत कयल गेल। मुदा जापानक विदेश मंत्रालय एहि दावा कें खारिज कय देने अछि। मंत्रालयक प्रेस सचिव आ प्रेस एवं सार्वजनिक कूटनीति महानिदेशक तोशिहिरो कितामुरा 29 अक्टूबर कें सोशल मीडिया पर स्पष्ट कयलनि जे जापान बांग्लादेश सं 1 लाख श्रमिक कें स्वीकार करबाक कोनो सहमति नहि देने अछि। ओ कहलनि जे 27 अक्टूबरक शिखर वार्ता मे सेहो एहन कोनो समझौता नहि भेल छल।



दुनू प्रधानमंत्रीक बीच की भेल बात? : जापानक प्रधानमंत्री साने ताकाइची आ बांग्लादेशी प्रधानमंत्री तारिक रहमानक बीच 27 अक्टूबर कें टोक्यो मे शिखर वार्ता भेल छल। एहि बैठकक बाद दुनू देश संयुक्त बयान जारी कयलक। जापान सरकारक आधिकारिक विज्ञप्तिक अनुसार, वार्ता मे द्विपक्षीय संबंध मजबूत करबाक, आर्थिक सहयोग बढ़ेबाक, व्यापार आ निवेश कें प्रोत्साहित करबाक तथा क्षेत्रीय सुरक्षा सन मुद्दा पर चर्चा भेल। बैठक मे जापान अगिला 5 वर्ष मे बांग्लादेश मे जापानी कंपनी सभ द्वारा लगभग 1 लाख करोड़ येन निजी निवेशक संभावना जतौलक। एहि निवेश सं बांग्लादेश मे करीब 2 लाख रोजगारक अवसर पैदा होयबाक अनुमान व्यक्त कयल गेल। दुनू देश बंगालक खाड़ी औद्योगिक विकास क्षेत्र (बीआइजी-बी) पहल कें नव रणनीतिक सहयोग ढांचाक अंतर्गत आगू बढ़ेबाक सहमति सेहो जतौलक। संगहि जापान-बांग्लादेश आर्थिक साझेदारी समझौता शीघ्र लागू करबाक आ व्यापार तथा निवेश बढ़ेबापर जोर देल गेल। एहि पूरा मामिला मे मुख्य भेद बुझब जरूरी अछि। जापानक निवेश बांग्लादेश मे होयत आ ओतहि रोजगारक अवसर पैदा होयत। एकर अर्थ ई नहि जे जापान बांग्लादेश सं 1 लाख मजदूर कें अपना देश आनबाक निर्णय लेने अछि।

अंतिम सांस धरि जनसेवा करैत रहब किसानक हित सर्वोपरि : प्रधानमंत्री मोदी

अहमदाबाद, एजेंसी

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी शुक्रदिन कहलनि जे ओ अपन अंतिम सांस धरि देशक जनताक सेवा करैत रहताह। हुनकर ई बयान कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगेक ओहि टिप्पणी किछु दिन बाद आयल अछि, जाहि मे ओ कहलनि छलाह, मोदीक बाप सेहो चलि जायत। प्रधानमंत्री गुजरातक बनासकांठा जिलाक भीलड़ी मे भारत बोवाइन ब्रीडिंग एंड रिसर्च सेंटरक उद्घाटन आ 14,000 करोड़ टाका सं बेसीक विकास परियोजनाक उद्घाटन तथा शिलान्यास कयलनि।

एहि अवसर पर जनसभा कें संबोधित करैत ओ कहलनि जे जीवनक अंतिम क्षण धरि जनताक सेवा मे लागल रहब। विपक्षक परोक्ष निशाना बनबैत मोदी कहलनि जे किछु लोक एहन छथि, जे देश पर संकट अयलापर खुश होइत छथि। ईरान युद्धक बाद ओ अफवाह फैला रहल छलाह जे किसान कें खाद आ लोक



कें एलपीजी नहि भेटत, किएक तं ओ सभ मोदी कें बदनाम करय चाहैत छथि। मुदा एहन किछु नहि भेल। प्रधानमंत्री कहलनि जे हुनकर सरकार सदिखन किसानक कल्याण कें प्राथमिकता देने अछि आ हुनका सबल बनेबाक काज कयने अछि। मोदी कहलनि जे वैश्विक अनिश्चितताक बीच खादक कीमत मे भारी बढ़ोतरी भेल, मुदा सरकार एकर बोझ किसान पर नहि पड़य देलक। खाड़ी क्षेत्र मे तनाव एखनो बनल अछि, मुदा खादक बढ़ैत दामक अतिरिक्त भार सरकार अपना ऊपर लेने अछि।

एहि दौरान प्रधानमंत्री प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजनाक 24म किस्त जारी कयलनि। किसान सभा कें संबोधित करैत ओ कहलनि जे अंतरराष्ट्रीय बाजार मे यूरियाक एक बोरा 3,000 टाका मे बिकाइत अछि, जखन कि भारतीय किसान कें ई 300 टाका सं कम दाम पर भेटैत अछि। ओतहि डीएपी खादक अंतरराष्ट्रीय कीमत 5,000 टाका प्रति बोरा अछि, मुदा भारतीय किसान कें ई 1,350 टाका मे उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।

सेंटरक उद्घाटन आ 14,000 करोड़ टाका सं बेसीक विकास परियोजनाक उद्घाटन तथा शिलान्यास कयलनि

सरकार एहि भेद कें स्वयं वहन कय रहल अछि। मोदीक अनुसार, सरकारक पांच योजनाक माध्यम सं हालक वर्ष मे किसान कें 50 लाख करोड़ टाका सं बेसीक लाभ भेल अछि अथवा एतबा बचत भेल अछि। प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजनाक अंतर्गत छोट किसानक बैंक खाता मे करीब 4.5 लाख करोड़ टाका सीधा पठाओल गेल अछि। प्रधानमंत्री स्वीट रिवोल्यूशन अर्थात मधुर क्रांतिक चर्चा करैत कहलनि जे पछिला 12 वर्ष मे शहदक उत्पादन दुगुना भए गेल अछि। ओ एहन महिला किसानक उदाहरण देलनि जे 35 लाख टाकाक शहद बेचैत छथि। गुजरातक अपन दू दिवसीय यात्राक दौरान मोदी सार्वजनिक जीवनक 25 वर्ष पूरा होयबाक चर्चा सेहो कयलनि। ओ कहलनि जे अक्टूबर 2001 मे पहिल बेर गुजरातक मुख्यमंत्री पदक शपथ लेलनि। ओहि समय सरकारी कार्यालय आ फाइल संबंधी हुनका विशेष जानकारी नहि छलनि। मोदी कहलनि जे गुजरातक लोक जखन हुनका हमर नरेंद्रभाई कहैत छथि, तखन हुनकर छाती गर्व सं चौड़ा भए जाइत अछि।

अमेरिकी सेना मे हड़कंप, ईरान युद्धक गोपनीय जानकारी लीक करबाक आरोप मे शीर्ष जनरल बर्खास्त

वाशिंगटन, एजेंसी

ईरान युद्धक बढ़ैत खर्च, सैनिक सभक बीच भुखमरीक स्थिति आ रक्षा मंत्री पीट हेगसेथ पर बढ़ैत दबावक बीच अमेरिकी सेना मे पैघ हलचल मचल अछि। खबरिक अनुसार, रक्षा मंत्री गोपनीय जानकारी लीक करबाक आरोप मे शीर्ष जनरल लेफ्टिनेंट जनरल ब्रेट सिल्वेरिया कें पद सं हटा देलनि अछि। ई कारबाइ एहन समय भेल अछि, जखन अमेरिका ईरान पर फेर हमला करबाक संकेत दए रहल अछि। अमेरिकी मीडिया आंतरिक जांच रिपोर्टक हवाला दैत बतौलक अछि जे सिल्वेरिया पछिला एक वर्ष मे किछु पत्रकार कें ईरान आ रूस-यूक्रेन युद्ध सं जुड़ल गोपनीय जानकारी देने छलाह। कहल जा रहल अछि जे ओ एहि बात स्वीकार सेहो कयने छथि।

पॉलीग्राफ जांच मे विफल रहबाक दावा

रिपोर्ट मे दावा कयल गेल अछि जे गोपनीय जानकारी साझा करबाक मामिला मे सिल्वेरिया तीन बेर पॉलीग्राफ अर्थात झूठ पकड़बाक जांच मे विफल रहलाह। एक अमेरिकी अधिकारीक अनुसार, जांचक दौरान कई बेर एहि परीक्षण मे विफल भेलाक बाद जनरल दू अलग-अलग मीडिया संस्थानक पत्रकार सभक संग गोपनीय जानकारी साझा करबाक बात स्वीकार कयलनि।



रक्षा मंत्री पीट हेगसेथ पर बढ़ैत दबावक बीच अमेरिकी सेना मे पैघ हलचल मचल अछि

के छथि ब्रेट सिल्वेरिया?

सिल्वेरिया 1994 मे अमेरिकी सैन्य अकादमी सं स्नातक भेल छलाह। ओ अमेरिकी सेनाक अनुभवी अधिकारी सभ मे गनल जाइत छथि। ओ 101वीं एयरबोर्न डिवीजनक कमान सेहो सम्हारि चुकल छथि। ई डिवीजन अमेरिकी सेनाक युद्ध लेल तैयार प्रमुख सैन्य टुकड़ी मे गनल जाइत अछि। ओ इराक आ अफगानिस्तान मे कतेको बेर तैनात रहल छथि। हुनका विशिष्ट सेवा पदक आ छह ब्रॉन्ज स्टार पदक सहित कई सैन्य सम्मान सं सम्मानित कयल जा चुकल अछि।

चारिम टी-20 : फिलिप्सक शतकीय पारी, डफी झटकलनि 4 विकेट



अर्शदीप सिंह 150 अंतरराष्ट्रीय टी-20 विकेट लेनिहार पहिल भारतीय गेंदबाज बनलाह

न्यूजीलैंड चारिम टी-20 मोकाबला मे शानदार प्रदर्शन करैत भारत कें 87 रन सं हरा देलक। ईडन पार्कक मैदान पर न्यूजीलैंड द्वारा देल गेल 260 रनक लक्ष्यक पीछा करैत भारतीय टीम 20 ओवर मे 9 विकेट गंवा कए मात्र 172 रन बना सकल। लक्ष्यक पीछा करय उतरल भारतीय टीमक शुरूआत नीक नहि रहल आ संजू सैमसन मात्र 4 रन बना कए आउट भए गेलाह। एकर बाद तीन नंबर पर बल्लेबाजी करय उतरल ईशान किशन बिना खाता खोलने पवेलियन लौटि गेलाह। अभिषेक शर्मा किछु दमदार शॉट लगेलाक बाद 15 गेंद मे 27 रन बना कए मैथ्यू फिशरक शिकार बनलाह। कप्तान श्रेयस अय्यर सेहो बल्ला सं खास कमाल नहि देखाबि सकलाह आ 11 गेंद मे 4 चौकाक मदति सं 22 रन बना कए आउट भए गेलाह। अक्षर पटेल 9 गेंद खेललाक बाद मात्र 7 रन बना सकलाह, जखनकि नीतीश कुमार रेड्डी 10 गेंद मे 21 रनक योगदान देलनि। नमन धीर 215 के स्ट्राइक रेट सं खेलैत 13 गेंद मे 28 रन बनौलनि। ओ जैकब डफीक गेंद पर नाथन स्मिथ के हाथ मे कैच दए पवेलियन लौटि गेलाह। अर्शदीप सिंह बिना खाता खोलने आउट भए गेलाह। तिलक वर्मा 35 गेंदक सामना करैत 35 रन बनौलनि, जखनकि प्रिंस यादव 17 गेंद मे 18 रन आ मयंक यादव 3 रन बना कए नाबाद रहलाह। न्यूजीलैंडक दिस सं गेंदबाजी करैत जैकब डफी शानदार प्रदर्शन कयलनि। ओ 4 ओवर मे 23 रन दए 4 विकेट लेलनि। ओतहि कप्तान मिचेल सैंटनर 4 ओवर मे 24 रन दए 2 विकेट झटकलनि। मैथ्यू फिशर सेहो 2 विकेट लेबा मे सफल रहलाह।

न्यूजीलैंड भारत कें 87 रन सं हरौलक

फिलिप्स आ ब्रेसवेलक विस्फोटक बल्लेबाजी

एकरा पहिने न्यूजीलैंड 20 ओवर मे 7 विकेट गंवा कए 259 रन बनौने छल। टीमक शुरूआत नीक नहि रहल आ टिम सीफर्ट मात्र 3 रन बना कए मयंक यादवक गेंद पर आउट भए गेलाह। एकर बाद दोसर विकेट लेल फिन एलन आ डेरिल मिचेल मिलि कए 11 गेंद मे 29 रन जोड़लनि। मिचेल 9 गेंद मे 24 रन बना कए आउट भेलाह, जखनकि एलन 17 गेंद मे 2 चौका आ 2 छक्का लगबैत 31 रन बनौलनि। मुदा, एकर बाद ग्लेन फिलिप्स मोर्चा सम्हारलनि आ ताबड़तोड़ बल्लेबाजी करैत मात्र 49 गेंद मे 107 रनक शानदार पारी खेललनि। अपन एहि पारी मे ओ 6 चौका आ 10 छक्का लगौलनि। ओतहि माइकल ब्रेसवेल मात्र 25 गेंदक सामना करैत 65 रनक दमदार पारी खेललनि। भारतक दिस सं गेंदबाजी करैत मयंक यादव 48 रन दए सबसें बेसी 3 विकेट लेलनि। प्रिंस यादव, अक्षर पटेल आ नीतीश कुमार रेड्डी एक-एक विकेट लेलनि। पांच मैचक टी-20 सीरीज मे ई न्यूजीलैंडक पहिल जीत अछि। हालांकि, भारतीय टीम सीरीज मे पहिनहि 3-1 के बढ़त हासिल कए लेने अछि।

ऑकलैंड, एजेंसी

भारतक तेज गेंदबाज अर्शदीप सिंह शुक्र दिन ईडन पार्क मे न्यूजीलैंडक विरुद्ध चारिम टी-20 मैचक दौरान अपन 150 विकेट पूरा कयलनि। ओ अंतरराष्ट्रीय टी-20 क्रिकेट मे 150 विकेट लेनिहार भारतक पहिल गेंदबाज बनि गेलाह। अर्शदीप न्यूजीलैंडक पारीक 19म ओवर मे कप्तान मिशेल सैंटनर कें आउट कए ई उपलब्धि हासिल कयलनि। अर्शदीप डेब्यू के बाद सबसें कम दिन मे टी-20 अंतरराष्ट्रीय मैच मे 150 विकेट लेबाक उपलब्धि हासिल कयलनि। नवंबर 2022 मे टी-20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे डेब्यू कएनिहार अर्शदीप 1577 दिन मे 150 विकेट पूरा कयलनि। डेब्यू के बाद सबसें तेजी सं 150 विकेट पूरा करबाक पिछला रिकॉर्ड श्रीलंकाक वानिंदु हसरंगाक नाम छल। हसरंगा 2325 दिन मे अपन 150 विकेट पूरा कयने छलाह। बामा हाथक एहि तेज गेंदबाज गेंदक संख्या के हिसाब सं 150 विकेट लेबाक मामिला मे तेसर स्थान पर छथि। अर्शदीप 2143 गेंद मे ई उपलब्धि हासिल कयलनि। एहि सूची मे हसरंगा 2035 गेंदक संग पहिल आ राशिद खान 2098 गेंदक संग दोसर स्थान पर छथि। अर्शदीप सबसें कम गेंद मे 150 विकेट लेनिहार पहिल तेज गेंदबाज सेहो बनि गेलाह। ओ बांग्लादेशक तेज गेंदबाज मुस्तफिजुर रहमान कें पछाड़ि देलनि। अर्शदीप पूर्ण सदस्य देश सभक खेलाड़ी द्वारा एक कैलेंडर वर्ष मे सबसें बेसी विकेट लेबाक रिकॉर्ड सेहो अपना नाम कयलनि। एहि गेंदबाज 2026 मे एखन धरि 40 विकेट लेलनि अछि। अर्शदीप आयरलैंडक जोश लिटिलक रिकॉर्ड तोड़लनि, जिनका नाम



हसरंगाक रिकॉर्ड तोड़लनि

2022 मे 39 विकेट लेबाक रिकॉर्ड छल। अर्शदीपक नाम आब 103 मैच मे 150 विकेट भए गेलनि। एहि प्रारूप मे ओ भारतक सबसें सफल गेंदबाज छथि। अंतरराष्ट्रीय टी-20 मे सबसें बेसी विकेट लेबाक रिकॉर्ड अफगानिस्तानक राशिद खानक नाम अछि। राशिद 119 मैच मे 199 विकेट लेने छथि। इंग्लैंडक आदिल राशिद 153 मैच मे 171 विकेट लए दोसर, हांगकांगक एहसान खान 119 मैच मे 165 विकेट लए तेसर, न्यूजीलैंडक ईश सोढ़ी 142 मैच मे 165 विकेट लए चारिम आ न्यूजीलैंडक टिम साउदी 126 मैच मे 164 विकेट लए पांचम स्थान पर छथि।

अजमतुल्लाह ओमरजाइक रिकॉर्ड शतकक संग पोलार्ड, शनाका आ स्टब्सक छक्काक रिकॉर्ड तोड़लनि





अफगानिस्तानक अजमतुल्लाह ओमरजाई कें वर्तमान समयक बेहतरीन ऑलराउंडर मानल जाइत अछि। ओमरजाई कहियो गेंद तं कहियो बल्ला सं मैच अफगानिस्तानक पक्ष मे कए दैत छथि। बृहस्पति दिन शारजाह मे जिंबाब्वेक विरुद्ध मैच मे ओ अपन रिकॉर्ड तोड़ पारी खेलैत अफगानिस्तान कें मैच आ सीरीज दुनू मे जीत दिऔलनि। पहिने बल्लेबाजी करैत अफगानिस्तान मात्र 5 रन पर 4 विकेट गंवा कए गंभीर संकट मे पड़ि गेल छल। मुदा, छठम नंबर पर बल्लेबाजी करय उतरल ओमरजाई अपन टीम कें मुश्किल स्थिति सं बाहर निकालैत एहन स्कोर धरि पहुंचा देलनि, जतय सं जीत मात्र समयक बात रहि गेल छल। ओमरजाई 50 गेंद पर 5 चौका आ 12 छक्काक मदति सं 116 रनक पारी खेललनि। हुनकर एहि पारीक बदौलत अफगानिस्तानक टीम 20 ओवर मे 7 विकेट पर 221 रन बनौलक। ओमरजाई कें एजाज अहमदजाई (27 गेंद पर 52 रन) केर सेहो नीक साथ भेटलनि। दुनू बल्लेबाज छठम विकेट लेल 59 गेंद पर 142 रनक विस्फोटक साझेदारी कयलनि। ओमरजाई पूर्ण सदस्य देश सभक टीमक इतिहास मे पहिल एहन खेलाड़ी बनि गेलाह, जे टी-20 अंतरराष्ट्रीय मैच मे छठम वा ओकरा बादक क्रम पर बल्लेबाजी करैत शानदार शतक लगौलनि। हुनका सं पहिने ई रिकॉर्ड इंग्लैंडक सैम बिलिंग्सक नाम छल। बिलिंग्स 2019 मे वेस्टइंडीजक विरुद्ध बैस्टेयरक वार्नर पार्क मैदान पर 87 रनक पारी खेललनि। अजमतुल्लाहक 12 छक्का सेहो रिकॉर्ड बुक मे दर्ज भए गेल। दहिना हाथक ई बल्लेबाज पूर्ण सदस्य देश सभक इतिहास मे पहिल एहन बल्लेबाज बनि गेलाह, जे अंतरराष्ट्रीय टी-20 मैच मे छठम वा ओकरा बादक क्रम पर बल्लेबाजी करैत एक पारी मे 10म ओकरा बेसी छक्का लगौलनि। एहि सं पहिने ई रिकॉर्ड संयुक्त रूप सं वेस्टइंडीजक कीरोन पोलार्ड, श्रीलंकाक दासुन शनाका आ दक्षिण अफ्रीकाक ट्रिस्टन स्टब्सक नाम छल। एहि तीनू बल्लेबाज छठम वा ओकरा बादक क्रम पर बल्लेबाजी करैत एक पारी मे 8-8 छक्का लगौने छलाह। अफगानिस्तान आ जिंबाब्वेक बीच भेल एहि मैच पर नजरि देल जाए तं अजमतुल्लाह ओमरजाइक शतकक बदौलत पहिने बल्लेबाजी करैत अफगानिस्तान 7 विकेट पर 221 रन बनौने छल। जिंबाब्वेक कप्तान सिकंदर रजा 56 गेंद पर नाबाद 106 रनक पारी खेललनि, मुदा एकर बादो जिंबाब्वेक टीम 20 ओवर मे 5 विकेट पर 202 रन मात्र बना सकल आ 19 रन सं मैच हारि गेल।

एशियन चैंपियंस ट्रॉफी : भारत चीन कें 5-2 सं हरौलक, जापान आ मलेशिया जीतल



ओलंपियन सुरजीत सिंह हॉकी स्टेडियम मे 3 रोमांचक आ जोरदार मोकाबला देखबा लेल भेटल, जतए एशियन हॉकी चैंपियंस ट्रॉफी मे मेजबान भारत, जापान आ मलेशिया अपन-अपन मोकाबला जीतलक। भारत आ चीनक बीच भेल बेहद रोमांचक आ काँटे के टक्कर बला मोकाबला मे भारतीय टीम चीन के 5-2 सं करारी शिकस्त देलक। भारतक लेल कप्तान हरमनप्रीत सिंह शानदार ड्रैग-फ्लिक करैत 27म आ 31म मिनट मे पेनाल्टी कॉर्नरक माध्यम सं 2 गोल केलनि। सुखजीत सिंह 12म आ 34म मिनट मे 2 फील्ड गोल केलनि। जुगराज सिंह 47म मिनट मे पेनाल्टी कॉर्नरक माध्यम सं गोल केलनि। दोसर दिस चीनक पेंग यांग 26म मिनट मे आ चोंगकोंग चेन 36म मिनट मे पेनाल्टी कॉर्नरक माध्यम सं गोल केलनि।

पंजाबक कृषि आ किसान कल्याण मंत्री गुरमीत सिंह खुड्डियां सेहो भारत-चीनक मोकाबला देखलनि आ दुनू टीमक खेलाड़ी सभ सं भेंट केलनि। एहि अवसर पर मंत्री कहलनि जे मुख्यमंत्री भगवंत सिंह मानक लगातार प्रयासक बदौलत पंजाब के प्रतिष्ठित 'एशियन चैंपियंस ट्रॉफी' के मेजबानी करबाक अवसर भेटल अछि। पंजाब के देशक 'हॉकी पावरहाउस' बतबैत गुरमीत सिंह खुड्डियां कहलनि जे राज्य सरकार एहि टूर्नामेंट के पैघ सफलता बनेबाक लेल कोनो कसरि नहि छोड़ि रहल अछि। एकटा आन मोकाबला मे जापान कड़ा संघर्षक बाद बांग्लादेश के 1-0 सं हरा देलक।

जापानक लेल राइकी फुजीशिमा 40म मिनट मे पेनाल्टी कॉर्नरक माध्यम सं गोल केलनि। एहि सं पहिने दिनक पहिल मोकाबला मे मलेशिया दक्षिण कोरिया के 3-1 सं हरा देलक। मलेशियाक लेल अजीमुद्दीन कमरुद्दीन 10म मिनट मे फील्ड गोल कए खाता खोललनि। एकर बाद दक्षिण कोरिया वापसी करैत 31म मिनट मे सोंग हे-सोंगक फील्ड गोलक मदति सं स्कोर बराबर कए लेलक। मलेशियाई टीम हॉकीक शानदार प्रदर्शन करैत 2 आ गोल केलक। 36म मिनट मे मोहम्मद अखिमुल्लाह अनवर एसूक पेनाल्टी कॉर्नर के गोल मे बदलैत स्कोर 2-1 कए देलनि। तकर बाद 50म मिनट मे फैसल बिन सारी मलेशियाक लेल एकटा आओर गोल केलनि। एहि तरहे मलेशिया 3-1 सं जीत दर्ज केलक आ इएह मोकाबलाक आखरी स्कोर रहल।

राशिद खान अंतरराष्ट्रीय टी-20 मे विकेटक दोहरा शतक पूरा कयलनि दुनिया के पहिल गेंदबाज बनलाह



अफगानिस्तानक स्टार स्पिनर राशिद खान शारजाह मे जिंबाब्वेक विरुद्ध खेलल गेल टी-20 मोकाबला मे इतिहास रचलनि। राशिद अंतरराष्ट्रीय टी-20 क्रिकेट मे 200 विकेट पूरा कए लेलनि अछि। ई उपलब्धि हासिल करय बला ओ दुनिया के पहिल गेंदबाज बनि गेलाह। जिंबाब्वेक विरुद्ध मैच सं पहिने राशिदक नाम 199 टी-20 विकेट छल। मैचक दौरान ओ जिंबाब्वेक विकेटकीपर बल्लेबाज तदिवानाशे मारुमानी कें आउट कए अपन 200 विकेट पूरा कयलनि। एहि मैच मे राशिदक ई एकमात्र विकेट छल। राशिद टी-20 अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट मे विकेटक दोहरा शतक पूरा कए इतिहास रचलनि। एहि प्रारूप मे हुनका आसपास एखन दोसर कोनो गेंदबाज नहि अछि। दहिना हाथक लेग स्पिनर राशिद अपन 120म मैच मे ई उपलब्धि हासिल कयलनि। अंतरराष्ट्रीय टी-20 मे सबसें बेसी विकेट लेनिहार पांच गेंदबाजक सूची मे राशिद पहिल स्थान पर छथि। इंग्लैंडक आदिल राशिद 153 मैच मे 171 विकेट लए दोसर, हांगकांगक एहसान खान 119 मैच मे 165 विकेट लए तेसर, न्यूजीलैंडक ईश सोढ़ी 142 मैच मे 165 विकेट लए चारिम आ न्यूजीलैंडक टिम साउदी 126 मैच मे 164 विकेट लए पांचम स्थान पर छथि। समग्र टी-20 क्रिकेट मे सेहो राशिद खान सबसें बेसी विकेट लेनिहार गेंदबाज छथि। लीग आ अंतरराष्ट्रीय टी-20 मिला कए ओ कुल 551 मैच मे 741 विकेट लए चुकल छथि। भारतक दिस सं सबसें बेसी विकेट बामा हाथक तेज गेंदबाज अर्शदीप सिंहक नाम अछि। अर्शदीप 102 मैच मे 149 विकेट लेलनि अछि। शुक्र दिन न्यूजीलैंडक विरुद्ध होय बला चारिम टी-20 मैच मे अर्शदीप लग अपन 150 अंतरराष्ट्रीय विकेट पूरा करबाक मौका रहतनि।



वर्ष 17, अंक 51 **स्वत्वाधिकारी, प्रकाशक एवं संपादक राघवेंद्र** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं **एसएच प्रिंटर्स**, रातु काठीटांड़, नीयर-टेंडर बगीचा, एचपी पेट्रोल पंप, पीओ+पीएस-रातु, रांची, 835222 से मुद्रित। **प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, **संपर्क :** 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053/2010/33053